Bahawatdin
ALLANIYAZOV

84(5Qar)
B A53



# ALLAYAR DOSNAZAROV

Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока

Количество предыдущих выдач ________

91301

yazov B.

azarov

| | |
|---|---|
| | 160 b. |
| | 118942 |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |

84(5Qar)
B A 53

**Bahawatdin ALLANIYAZOV**

# ALLAYAR DOSNAZAROV

**NÓKIS**
«QARAQALPAQSTAN»
2019

UDK: 821.512.121(092)
BBK: 5 Qar
A 53

**Allaniyazov Bahawatdin**
**Allayar Dosnazarov** — Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2019-jıl, 160 bet.

Bul kitapta qaraqalpaqlardıń millet bolıp qáliplesiwinde pidayılıq kórsetip, jan kúydirgen insan Allayar Dosnazarovtıń ómiri, basınan keshirgen qıyınshılıqları haqqında sóz etiledi. B. Allaniyazov anıq faktlerge, arxivlik hújjetlerge súyengen halda A.Dosnazarovtıń qaharmanlıq islerin, haqıyqıy el perzentiniń basınan keshirgenlerin sáwlelendirip bergen.

ISBN 978-9943-5748-0-9

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV.№ 91301

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2019
© Bahawatdin Allaniyazov, 2019

## ALLAYAR DOSNAZAROV HAQQÍNDA IZLENIWLER HÁM ESKE TÚSIRIWLER

Allayar Dosnazarov kim, qanday wazıypalarda bolǵan, ne jumıs atqarǵanı haqqında bilmeytuǵın edim. Tashkent Politexnika institutında islep júrgenimde, meni kafedra aǵa oqtıwshılıǵına usınıs etti. Tańlawdan ótkenimnen keyin kafedra aǵzaları menen birge ziyapatta otır edik. Jigirmalaǵan professor-oqıtıwshı jıynalıp házil-dálkek baslanıp ketti. Kúlkiden ishegimiz úziliwge keldi. Basqılaw gezegi maǵan da jetti. Sonda bir professor, «Boldı endi, qaraqalpaqlardan da zorlar shıqqan, xalqına Avtonom alıwda Moskvaǵa deyin aytısıp barǵanlar bar», — dep hámmeniń únine suw quydı. Tuwrısı, ol kim haqqında aytıp atırǵanın ol waqıtta bilmes edim. Bilgim kelip ishim dúbirlep baratır. Biraq, sır saqladım. Otırıspaqtıń sońın kúttim de, keyin jańaǵı gápti aytqan Qoshqar Hasanovtan baǵanaǵı aytılǵan adam kim ekenin soradım. Ol biraz únsiz qaldı, bunnan «sońı da bilmeyseń be?», degendi ańlap uyalıpta baratırman. Biraq, ustaz meni qısındırmaqshı emes eken: «Ol Allayar Dosnazarov edi. Ol haqqında keńirek bilgiń kelse, erteń partarxivke baramız», — dedi. Erteńine professor Q. Hasanov penen partarxivtiń fond baslıǵı Zinaida Bektimirovanıń aldına bardıq. Ustazım: «Bul meniń shákirtim, iláji bolsa járdem ber», dep ótinish etti. Men oǵan A. Dosnazarovtıń delosı kerekligin ayttım. Ol: «Yaqshı, tawıp beremen,

eki kúnnen keyin xabarlas» — dedi. Aradan eki kúndi ótkerip túslik waqtında barsam A. Dosnazarovtıń delosı stolınıń ústinde tur eken. Kórip kózim jarq ete qaldı. Delonıń ústine fond 60ОП1Д168 dep jazılǵan. Zinaida Bektemirova kerek hújjetlerdi kóshirip alarsań, dep ketti. Bir saat ishinde eki betlik mashinkada jazılǵan ómirbayandı kóshirip boldım. Biraq ol tolıq emes eken.

A. Dosnazarov haqqında shayır Ayapbergen Muwsaev «Bola basladı» qosıǵın jazǵan. Al, shayırdıń dóretiwshiligi boyınsha ilimpaz Qırıqbay Bayniyazov izertlew júrgizip atır eken. 1971-jılı jigitler arqalı Q.Bayniyazov penen tanısıwǵa miyasar boldım. Ekewmiz birge Nókiste A. Dosnazarov penen birge islegen adamlardı izlestire basladıq. Tilekke qarsı, háreketimiz nátiyje bermedi. Sonnan keyin mendegi arxiv hújjeti hám Q. Bayniyazovtıń qolındaǵı A. Muwsaevtiń «Bola basladı» qosıǵın qosıp jaslar gazetasında maqala járiyaladıq. Maqala 1972-jılı basılıp shıǵıp, jámiyetshilikte úlken qızıǵıwshılıq oyattı. Kóplegen ilim ǵayratkerleri kórgen jerde qutlıqlap, raqmet ayttı. Ózim de biraz jumıs islegendey kewilim kóterilip qaldı.

Qırıqbay aǵa «Bola basladı» qosıǵına baylanıslı maqalanı shıǵarıwda duslasqan qıyınshılıqların aytqanda awzım ashılıp qalıptı. Óytkeni, aytqanlarına isenerimdi de, isenbesimdi de bilmeymen. Onıń aytıwına qaraǵanda, maqalanı erteń shıǵatuǵın gazeta tayarlap, terip ketedi eken. Al, azanda barıp kórse tergen háriplerin birewler shashıp taslaǵanın kórgen. Jáne tayarlasa taǵı sol ahwal qaytalanǵan. Qırıqbay aǵa menen ushrasqannan keyin Sabır Kamalovtıń qabıllawında boldım. Sabır aǵa awır minezli, júdá sabır-taqatlı, kóp sóylemeytuǵın adam eken. Ol meni jaqsı kútip aldı. Gazetada shıqqan maqalam menen qutlıqladı. Biraz sóylestik. Ol A.Dosnazarovtı aqlawda júdá kóp qıyınshılıq bolǵanın aytıp beredi. Ayrım adamlar onı aqlawda qarsılıq kórsetipti. Onnan aqlawda

kimler qarsılıq qılǵanın soradım. Ol «Inim, ne qılasań jatqan jılannıń quyrıǵın basıp», dedi de qoydı. Sonıń menen gáp kesildi. Sabır aǵa seyften bir betlik qaǵaz alıp maǵan berdi. Oqıp qarasam Awqam Bas prokuraturası tárepinen Joqarı sudqa jazılǵan A.Dosnazarovtı aqlaw haqqında eken. Sońınan belimdi bekkem buwıp, Allayar Dosnazarov haqqındaǵı izleniwlerdi dawam ete basladım. Tashkenttegi partarxivge Ámiwdárya obkomınıń fondın, Xorezm kompartiyası fondın, politotdeldiń fondlarındaǵı delolardı kórip shıqtım. Ayrım delolardan A.Dosnazarovqa tiyisli hújjetlerdi alıwǵa miyasar boldım. Bulardan tısqarı Ózbekstan Respublikası Mámleketlik arxiviniń Túrkstan Respublikası CIK, Túrkstan Respublikası Ministrler fondı hám Buxara xalıq respublikasınıń deloların kórip A.Dosnazarovqa tiyisli hújjetler alǵan edim. Islegen hám kórgen fondlarımda A.Dosnazarovtıń óz qolı menen toltırǵan qol jazbasın taba almadım. Ol 1924-jıldan keyin ne jumıs atqarǵanı haqqında maǵlıwmat ushıraspadı. Bir kúni partarxivte islep otırsam janımdaǵı izertlewshi Axunjan Begmatov siyasiy bólim fondınıń ishinen bir betlik hújjetti kórsetti. Qarasam A.Dosnazarov haqqındaǵı maǵlıwmat eken. Bul hújjette SREDAZBYUROnıń siyasiy sektor bóliminiń baslıǵı Shestakovichtiń atınan Qaraqalpaqstan obkomınıń birinshi xatkeri Islam Alievke jazǵan xatı edi. Onıń jazǵan xatında bılay delingen: «Allayar Dosnazarov 1896-jılı tuwılǵan. 1924-1925-jılları Qaraqalpaqstanda RKP (b)nıń orgbyurosın basqarǵan. 1926-1930-jılları Tashkent hám Moskvadaǵı universitette oqıǵan. 1930-1931-jılları Bashqurstan Xalıq Qadaǵalaw komissiyasınıń baslıǵı bolıp islegen. Házirgi kúnde Moskvadaǵı metall press zavodınıń direktorı wazıypasında islep atır. A.Dosnazarovtı Xalqabad MTS siyasiy bólim baslıǵı etip tastyıqlawıńızdı sorayman». Bul hújjet A.Dosnazarovtı izertlewde maǵan qol keldi.

1972-jılı Nókis qalasında Káramatdin degen ǵarrı menen tanıstım. Ol Hókistegi sút zavodında jumısshı bolıp isleydi eken. Men oǵan A.Dosnazarov haqqında aytqanımda qızıǵıp qaldı. Maǵan «erteń kel, ǵarrılar menen tanıstıraman» — dedi. Meni erteńine ǵarrılar menen óziniń úyinde ushırastırdı. Otırǵan ǵarrılardıń biri Bekman Tájiev eken. Ol A.Dosnazarov haqqında kóplegen nárselerdi aytıp berdi. Biraq onıń aytqanları anıq emes edi. Erteńine keshte Káramatdin ǵarrı Ayteshov Tóreniyazdıń úyine alıp bardı. Ol 1930-jılları Moskvada oqıǵan eken. Maǵan Allayar Dosnazarov haqqında óz kózi menen kórgenlerin aytıp berdi. «Bizler Moskvada oqıp atırǵan studentler bir kúni Allayar aǵanıń úyine bardıq. Ol jumısta eken. Bizlerdi jeńgey Polina Svitlenskaya kútip alıp, awqat asıp berdi. Bir waqıtlardan soń Allayar aǵa keldi. Bizler menen sálemlesip oqıwlardı, jaǵdaylarımızdı soradı. Bizlerge «Jigitler, saq bolıń, házir kontrrevolyuciyalıq kúshler háwij alıp ketti. Kirovtı atıp óltirdi, sonıń ushın ózlerińizge bekkem bolıń, — dedi. Jáne — Maǵan 1920-jılı atım jazılǵan qural berilgen edi», — dedi. Keyin bizler tún jarpında tarqastıq. Ekinshi qabattan túsip kiyatırsaq podyezde eki soldat turǵanın kórdik. Bular podyezd aldında ne ushın turǵanın bilmey hayran boldım. Mende ǵulǵula payda boldı. Erteńine Allayar aǵanıń úyinen xabar alsam, jeńgey way-way salıp jılap otırǵan eken. Bizler ketkennen keyin eki soldat onıń qolına kisen salıp alıp ketken eken. Eki quralın da alıp ketipti. Onıń gápine qaraǵanda, sol kúni studentlerden biri telefon arqalı A.Dosnazarovtıń úyinde eki qural saqlanbaqta, — dep qay jergedur xabar bergen.

Men Tóreniyaz ǵarrıdan sol kúni A.Dosnazarovtıń úyinde jáne kimler bar edi soramappan. Soǵan elege deyin ókinemen. Káramatdinniń úyiniń janında qońsısı Rústem degen jigit penen tanısıp qaldım. Ol meni A.Dosnazarovtıń tuwılǵan awılına alıp bardı. Núrniyaz

degen mektep muǵallimi bizlerdi kútip aldı. Ol da A.Dosnazarov haqqında hújjetler jiynap júr eken. Sol kúni awılda mereke bolıp, sol merekege awıldıń barlıq ǵarrıları kelipti. Nurniyaz merekege kelgen ǵarrılardıń ishinde A.Dosnazarovtı biletuǵın ǵarrı bar ekenin ayttı. Birge ǵarrılardıń otırǵan jerine bardıq. Meni Tashkentten kelgen, A.Dosnazarovtı izertlep júrgen jigit dep tanıstırdı. Merekede otırǵan ǵarrılar «jaqsı bolıptı» dep jabırlasıp qaldı. Biraq Nurniyazdıń aytqan ǵarrısı jońıshqa atız betke otın ákeliwge ketken eken. Mashina menen sol aytqan ǵarrıǵa bardıq. (Ǵarrınıń atın jazıp almaǵan ekenmen). Nurniyaz meni Tashkentten kelgen miyman dep tanıstırıp, A.Dosnazarov haqqında maǵlıwmat berseńiz, dedi. Ol usı sózdi esitti de atınıń tusawın sheship atına minip ketip qaldı. Nókiske qaytıp keldik. Keyin maǵan Núrniyaz xat jazdı. Xatında ol ǵarrını merekede otırǵan ǵarrılar ortaǵa alıp, sabamasa da bir jaqlı qılǵan. Sol dáwirdegi úlken jastaǵı ǵarrılardıń kópshiligi 1930-1940-jıllarda repressiyada qamalıp shıqqanlar. Olar GPU, KGBnıń atın esittirse orınlarınan shapshıp turar edi. Bálkim usı ushırasıwǵa barǵan ǵarrımız da bizlerden qorıqqan bolıwı múmkin. Jáne bir ǵarrı menen ushırasıwǵa tuwrı keldi. Esitiwime qaraǵanda Nurnazar Máwlenov Nókistegi mekteplerde oqıwshılar menen ushırasıp júrgen eken. Men Nurnazar Máwlenov Allayar Dosnazarovtı biletuǵın shıǵar dep onıń úyine bardım. Yarım saat sáwbetlestim. Ol ózi haqqında aytıp berdi. Biraq A.Dosnazarov haqqında hesh nárse aytpadı. Men Tashkentke qaytıp kettim.

1972-jılı A.Dosnazarovtıń qarındasınıń úyinen súwretin aldım. 1934-jılı Moskvada «Metall press» zavodınıń direktorı bolıp islep atırǵanda súwretke túsken eken.

1973-jılı sol súwretti alıp Tashkent qalasınıń Chilanzar rayonınıń aymaǵında jaylasqan Ózbekstan súwretshiler awqamındaǵı B. Ismaylov degen xudojnikke

A.Dosnazarovtıń 60x90 kólemindegi portretin islettim. Ondaǵı maqset Qaraqalpaqstan Avtonom pespublikasınıń 50 jıllıq merekesine Tashkent politexnika institutınan wákil shaqırılsa usı portretti alıp barıw edi. Biraq ol házirgi kúnge shekem úyimde saqlanbaqta.

1974-jılı Moynaq rayonında saparda boldım. Bul jerde Nawrızbay Isaev degen PMK baslıǵınıń úyinde bolǵan edim. Nawrızbay aǵa meni jaqsı kútip alıp, miyman qıldı. Tashkentten qonaq keldi dep jora-joldasların shaqırdı. Shaqırǵanlar ishinde Moynaq raykomınıń úgit-násiyat bóliminde isleytuǵın bir jigit keldi. Ol A.Dosnazarovtıń hayalı Zaxira haqqında aytıp berdi. Men onnan házir qay jerde turatuǵının soradım. A.Dosnazarov penen ajrasqannan keyin Moynaqta jasaydı eken, Savin degen oralskiyge turmısqa shıǵıptı. A.Dosnazarovtıń Úmit atlı qızınıń súwretin berdi. Men quwanıp, óz minnetdarshılıǵımdı bildirdim.

1974-jılı Ábiw Qudabaevtıń balasınıń Qızıl Orda qalasında jasaytuǵının esittim. Men Qızıl Ordaǵa samolyot penen ushıp Temur Qudabaevtı tawıp aldım. Onnan A. Dosnazarov penen birge islegeni haqqında bar ma dep soradım. Ol maǵan «ákem qamalǵannan keyin úyimizden barlıq hújjet, foto súwretlerdi alıp ketti» dedi. Ol qalanıń ortasındaǵı mramor tastı kórsetti. Tasqa Qaraqalpaq xalqınıń wákili Ibrayım Bekimbetov (1894-1928-j) dep oyıp jazıp qoyılǵan eken. Men elege deyin ókinemen. Sebebi, sol estelikti súwretke túsirip almaǵan edim.

1974-jılı Moskvaǵa bardım. Aspiranturada oqıp nókisli jigitler menen tanıstım. Solardıń ishinde Perdebay Shılmanov jaqınnan járdemlesip, maǵan kireyge jay tawıp berdi. Úy iyesi jası ádewirge barıp qalǵan kempir eken. Ol júdá azada eken, hátte kireyde turatuǵınlardıń kiyimlerin de juwıp beretuǵın edi. Ózi burın Kremlde shashtárez bolıp islegen. Sol dáwirdegi basshılarǵa minezleme berip, bizlerdi zeriktirmeytuǵın edi. Bir kúni

orta boylıdan kelgen, jaqsı kiyingen, basında qalpağı bar adam kirip keldi. Ol Jumek Orınbaev eken. Perdebay ekewimizdi tanıstırdı. Meniń A. Dosnazarovtı izertlep júrgenimdi aytıptı. Ol kóp otırmadı. Perdebaydı sırtqa shaqırıp ádewir sóylesti. Mennen Jumek ağa qáwipsingen bolıwı kerek, dep oyladım. Sebebi, ol da 1937-1940-jılları repressiyağa ushırağan. Bunı arxiv hújjetlerinen kórdim. Aradan eki kún ótkerip Júmek ağa tağı keldi. Biraz sáwbetlestik. Perdebay Júmek ağağa «Baxawatdin awıldıń balası, Tashkent politexnika institutında muğallim», — dep meni jaqınnan tanıstırdı. Usı gápten keyin Jumek ağa ashılısıp sóylese basladı. Men Jumek ağadan kóp nárselerdi sorap aldım. Onıń aytıwı boyınsha 1930-jılları Qaraqalpaqstanğa kelip baspasózde islegen Támender Safaev A. Dosnazarovtı biledi eken. Házir Moskva wálayatında turadı dedi. Bul járdemi ushın oğan raxmetimdi ayttım. Erteńine raykomnıń uchet bóliminen T. Safaevtıń úy mánzilin tawıp beriwin soradım. Ol jerdegi qızlar mánzilin tawıp berdi. Onıń menen ushırasıp, ózimdi tanıstırdım. Hayalı dasturqan jaydı. Oğan kelgendegi maqsetimdi bayanladım. Tilekke qarsı, ol A. Dosnazarov haqqında jaqsı bilmeytuğın bolıp shıqtı. Qasım Áwezov hám basqalar haqqında aytıp berdi. Sáwbetimiz uzaq sozılmadı. Izime qayttım. Kireydegi jayıma kelip birewden Loginov Dmitriy Matveevich Moskvada jasaytuğının esittim. Biraq, turatuğın kóshesin hesh kim bilmeydi eken. Sonıń ushın mağlıwmatlar byorosına múrájat qıldım. Mağan eki kúnnen keyin alasań, dedi Eki kúnnen keyin onıń mánzili qolıma tiydi. Úyinde sáwbetlestik. Ol 1930-1938-jılları Qaraqalpaqstannıń Gosplanınıń baslığı, Qaraqalpaqstın Avtonom respublikası Ministrler Keńesiniń baslığınıń oranbasarı wazıypalarında islegen eken. Ol Qasım Áwezov, Jumabay Qurbanov hám tağı basqalar haqqında jaqsı minezleme berdi. Biraq, A. Dosnazarov haqqında hesh

nárse aytpadı. Men onnan urıstan keyingi dáwirde ne jumıs islegenin soradım. Ol mekteplerde ushırasıwlar ótkergenin ayttı. Ulıwma, onnan ózi haqqında anıq juwap ala almadım. Kandidatlıq dissertaciyam ústinde islegen waqtımda arxivten onıń qamaqta bolǵanın kórgen edim. Meninshe, ol sonıń ushın da ózi haqqında maǵlıwmat bermegen eken.

Sol jılı Moskvada eki ay kóplegen arxivlerde bolıp, materiallardı aqtardım. A. Dosnazarovtıń Moskvada islegen zavodın tabıw ushın mıńlaǵan delonı kórip shıǵıwma tuwra keldi. Biraq, háreketim nátiyje bermedi. Ilajsız arxivtiń fond baslıǵı Nadejda Vasilovadan A. Dosnazarovtıń jeke delosın tawıp beriwdi ótinish ettim. Biraq, buǵan ruqsat joq eken. Arxivtegi jeke delonı kóriw ushın mámleketlik arxivlerdiń bas basqarmasınıń ruqsatı kerek eken. Ruqsat alıw ushın bas basqarmaǵa bardım. Qabıllawxanasında hesh kim joq eken. Xatker qızǵa kiriwge ruqsat soradım. Ol qay jerden kelgenimdi soradı. Maqsetimdi ayttım. Bas arxiv basqarması Anexev Vasiliy Vasilovich gewdeli adam eken. Kabineti úlken zalǵa uqsas, 30-40 adamǵa mólsherlengen, qatarlastırıp otırǵıshlar qoyılǵan. Meni jaqsı kútip aldı. Oǵan maqsetim bayanlanǵan arzamdı berdim. Ol anaw-mınaw dep otırmadı, arzamnıń shekesine ruqsat dep jazıp berdi. Quwanǵanımnan tez fond baslıǵına bardım. Ekewimiz arxivtiń jertólesine tústik. Delolar biyik etip taqlap qoyılıptı. Joqarıda buwat-buwat delolar, hár qaysısı keminde 15-20 kilogramm kelse kerek. Záńgini «D» háribi jazılǵan jerge qoydıq. Zorǵa bir buwat delonı jerge túsirdik. Buwatlap baylanǵan delonıń ishinen A. Dosnazarovtıń delosın tawıp berdi. Tilekke qarsı, delonıń ishinde hesh qanday maǵlıwmat joq eken. Tek inisi Igamberdi haqqında hújjetler shıqtı. Nege bulay bolǵanın fond baslıǵınan soradım. Ol A. Dosnazarov repressiyaǵa ushraǵan ba, dep soradı. Basımdı iyzedim. Fond baslıǵı

repressiyaǵa ushıraǵan adamlar qamalǵanda deloların mámleketlik qadaǵalaw mákemesi alatuǵının ayttı. Sońınan basqa da arxivlerdi kórip shıqtım. Bul arxivlerdi kóriwim de payda berdi. Olardan A. Dosnazarovtıń Túrkistan hám Orenburg frontlarında qatnasqanı, 2-rotada xızmet qılǵanı tuwralı hújjetlerdi taptım. Bulardan tısqarı, 1919-jılı Shımbaydaǵı Tazǵara waqıyasınıń kelip shıǵıwı sebepleri haqqındaǵı hújjetlerdi alıwǵa miyasar boldım. Sońınan Moskva wálayatlıq mámleketlik arxivin de izledim, biraq hesh qanday hújjet taba almadım. Al, Moskva qalasınıń mámleketlik arxivinen A. Dosnazarovtıń Moskva wálayatınıń Krasnopressiya rayonında turǵanın bilip aldım. Izinshe Krasnogorskiy qalasındaǵı foto-kino hújjet arxivinen A. Dosnazarov haqqında maǵlıwmat tabıwǵa háreket ettim. Arxivten Qasım Áwezov, Jumabay Qurbanov, Súwenli, Qızketken kanallarınıń súwretlerin taptım. Maǵlıwmat izlep bir neshe kino hújjetlerin kórip shıqtım. Biraq, A. Dosnazarovtıń súwreti tabılmadı. Jáne Moskvaǵa qaytıp, oraylıq partarxivte isley basladım. Bul jerde A. Dosnazarovqa tiyisli arxiv hújjetleri júdá kóp eken. Biraq, maǵlıwmatlardı tolıq alıwǵa ruqsat bermedi. Ayrım hújjetlerdi dápterge kóshirip alıp edim. Oqıw zalı baslıǵı hújjetlerdi qayshı menen hár bettiń basın, ortasın, aqırın qıyıp tasladı.Aqıbetinde, hújjetlerde qanday maǵlıwmatlar bar ekenligin bilip alıw qıyın boldı. Biraq, bunıń da jolın taptım. Hár jılı dem alısqa shıqqanda arxivten hújjet toplap aldıńǵı kesip alınǵan jerlerin kóshirip aldım.

Sońınan UFA qalasına barıp arxivte islewge ruqsat alıw ushın Bashqurstan obkomnıń ideologiya bólimine jolıqtım. Bólim baslıǵı ruqsatnamama qol qoyıp berdi. Qaǵazdı partarxiv baslıǵına berdim. Baslıq hayal Orta Aziyadan usı kúnge shekem hesh kim kelmegenin ayttı. Eger A. Dosnazarov haqqında kitap shıǵarsań, bir nusqasın maǵan jiberiwdi umıtpa dedi. Kerek

hújjetlerimdi kóshirip berdi. Hújjetden málim bolıwınsha, A. Dosnazarov Bashqurstan Respublikasınıń xalıq qadaǵalawı baslıǵı bolıp islegenin bilip aldım. Bashqurstan Oraylıq mámleketlik arxivinde de isledim. Ol jerden de bir-eki hújjet tabıldı. Bashqurstan mámleketlik foto-kino arxivinen onıń súwretin izledim. Biraq, súwret joq bolıp shıqtı.

1974-jılı Ózbekstan enciklopediyasında Allayar Dosnazarov, Jumabay Qurbanov, Qurbanbay Xalekeevlerdiń súwretlerin shıǵarıwǵa miyasar boldım. Sol jılı Allayar Dosnazarov haqqında «Бахыт сунқары» atamasındaǵı maqalam «Гулистан» jurnalınıń 9-sanında basılıp shıqtı. Bul meniń usı jurnalda A. Dosnazarov haqqındaǵı ekinshi maqalam edi. Maqalamdı kórip jumıstaǵılar qızǵın qutlıqladı.

1975-jılı kandidatlıq dissertaciya máselesinde Tashkenttegi partarxivte isley basladım. Bir kúni A. Dosnazarovtıń Ámiwdárya obkomınıń qadaǵalaw komissiyasınıń baslıǵı bolıp islegen waqtındaǵı on bes betlik bayanatınan kóshirme alıw ushın buyırtpa berdim. Oqıw zalınıń baslıǵı dissertaciya temasına baylanıslı bolmaǵan deloǵa nege buyırtpa bereseń, dep baqırıp tasladı. Arxiv direktorı Erkin Xayitbaev ta sıbaǵamdı berdi. Hátte, maǵan shet el agentiseń, degendi ayttı. Delomnıń ústine «Arxivke ruqsat qılınbasın», dep jazıp berdi. Arxivte islemesem, kandidatlıq dissertaciyamdı jaza almayman.

Aradan bir jıl ótti. Arxiv direktorı menen sóylesetuǵın adam izlestire basladım. Milliy universitette Qádir Ernazarov degen ustazım bar edi. Soǵan aytıwǵa májbúr boldım. Baxtıma ustazım arxiv direktorın oqıtqan eken. Bir kúni ol arxiv direktorınıń aldına alıp barıp oǵan qattı baqırıp tasladı. Maǵan arxivte islewge ruqsat berdi. Men jáne hújjetlerdi jıynawǵa kirisip kettim. Sol jılı ustazım Qoshqar Hasanov akademik Marat

Nurmuxammedovqa bar, onda soǵan kerek maǵlıwmat bolıwı múmkin, dedi. Men akademiyaǵa Marat aǵanı izlep bardım. Jaqsı qabılladı. Kelgen jumısımdı ayttım. Ol meni dıqqat penen tıńlap bolıp soraǵan hújjetler joq ekenligin ayttı.

1975-1978-jılları Nókiste biraz adamlar menen ushırastım. Akademiyadaǵı alımlar menen tez-tez ushırasıp turdım. Solardan biri Yangibay Dosumov edi. Ol arxivte kóp islegen. Ótken dáwirdi óz kózi menen kórgen. 1937-1940-jıllardaǵı alasapıran waqıyalardı biletuǵın edi. Al, A. Dosnazarov tuwralı sawal bergenimde azǵana aytadı da, sózdi basqa jaqqa burıp jibere beredi.

Orta Aziyada milliy respublikalar payda bolıp, burınǵı Túrkistan, Buxara hám Xorezm Xalıq respublikaları saplastırılǵan. Olardıń mal-múlki Qaraqalpaqstan avtonom wálayatı payına kóbirek tiydi. Biraq, XXR múlkin bólistiriwde Qaraqalpaq Avtonom wálayatınıń wákilleri azǵana kemshiliklerge jol qoyǵan. A.Dosnazarov bul máseleni únemli sheshiw ushın Xiywa qalasına baradı. Óziniń ornına K. Adinaevtı Qaraqalpaqstan Avtonom wálayatınıń Orgbyorosı xatkeri etip tayınlap ketedi. A. Dosnazarov Xiywaǵa ketken kúni K. Adinaev qaraqalpaq hám qazaq xalıqların bir-birine qarsı qoyadı. A. Dosnazarov qaytıp kelip Orgbyoro májilisin ótkeredi, májiliste K. Adinaevtiń máselesin dodalaydı. Orgbyoronıń barlıq aǵzaları sózge shıǵıp K. Adinaevtiń kemshiliklerin betine aytadı. Nátiyjede Orgbyoro K. Adinaev 24 saat ishinde Qaraqalpaqstan Avtonom wálayatınıń aymaǵınan shıǵıp ketiwi kerek degen qarar qabıl etedi. Orgbyoronıń K. Adinaev haqqındaǵı 17 betten ibarat qararı Qırǵız (Qazaq) obkomına jiberiledi. K. Adinaev bolsa Qazaqstanǵa barıp isleydi hám Dosnazarovtıń ústinen arza jazadı. Ol arzasında A. Dosnazarov avtonom wálayattı basqarǵan waqıtta mámlekettiń 14 mıńnan aslam aqshasın óz mápi ushın ózlestirip aldı, dep komissiya dúzedi.

komissiyaǵa Bakirov, Sadiryanko, Dáwenov kirgizilgen. A. Dosnazarov bul qarjılar Qaraqalpaq Avtonom wálayatın shólkemlestiriwge jumsalǵanın aytadı. Sonday-aq, Qaraqalpaqstan Avtonom wálayatınıń birinshi shólkemlestiriw cyezdin tez ótkeriwge hám pútkil Qazaqstannıń V cyezdine Qızıl Orda qalasına 40 adam delegaciya bolıp qatnastı, olarǵa jol haqı, kúnlik jumsaǵanın dálillep beredi. Degen menen, komissiya bul dálildiń hesh birin de esapqa almaydı. Akt dúzip, isin sudqa ótkeredi. Tergewshi Fonster bolsa A. Dosnazarovtıń ústinen is qozǵaydı.

Qaraqalpaq Avtonom wálayatı prokurorı M. Baymuratovqa Qazaqstan prokurorınan izli-izinen A. Dosnazarovtı qamaw ushın xat jiberedi. Hátte, Tashkentte universitette oqıp júrgende A. Dosnazarovtıń qolına kisen salıp Tórtkúl qalasına alıp keliwdi sorap tergewshi Fonster Ózbekstan prokurorına xat jollaydı. Biraq Orta Aziya boyınsha arnawlı komissiya tárepinen, kórsetilgen qarjılar syezd ótkeriwge jumsalǵan, degen sheshimge keledi. Solay etip, A. Dosnazarov qamaqtan qutılıp qaldı. Usı hújjetlerdi kórgen geypara tariyxshılar A. Dosnazarov milletshil, mámlekettiń qarjısın óz mápine ózlestirgen, xalıq dushpanı degen jala sózlerdi tarqatqan.

Aqbetinde Tashkentte oqıǵan waqtında universitettiń M.Tórejanov degen oqıtıwshısı A. Dosnazarovqa qısım jasaydı. Buǵan shıdamaǵan ol 1927-jılı óz ıqtıyarı menen oqıwdı taslap, Moskva universitetinde oqıwın dawam ettiriwge májbúr boladı.

Men 1975-1978-jılları Nókiste jasaytuǵın adamlar menen sáwbetlestim. Olardan biri Ayımxan apa Shamuratova edi. Ayımxan apa maǵan mınaday dedi: «Men Moskvaǵa barǵanımda A. Dosnazarov penen ushırastım. Ol maǵan oqıwım kerekligin uqtırdı».

Sońınan A. Dosnazarovtıń jaqın aǵayini Ǵániy Dosumov penen ushırastım. Esitiwime qaraǵanda Ǵániy Dosumov

Moskvada oqıǵanda A. Dosnazarovtıń úyine tez-tez barıp turǵan eken. Onıń menen birinshi ushırasıwımda hesh qanday maǵlıwmat ala almadım. Sol jılları jazıwshı Jolmurza Aymurzaevtıń úyine barıp A. Dosnazarov haqqında soradım. Allayar Dosnazarovtıń xızmetin ol joqarı bahalaw menen sheklendi. Basqa hesh nárse qospadı. Kóbirek ózi tuwralı sóz etti. Al, Tóresh aǵa Allanazarov bolsa A. Dosnazarov haqqında kóp maǵlıwmatlardı mayda-shúydesine shekem aytıp berdi. 1978-jılı Moskvaǵa barǵanımda Tóresh aǵanıń siltewi boyınsha A. Dosnazarovtıń jasaǵan úyiniń sırtınan kórdim. Oraylıq partarxivten bolsa A. Dosnazarovqa baylanıslı kóplep hújjetlerdi kóshirip aldım. Arxivtiń fond baslıǵınan A. Dosnazarov oqıǵan universitetti bilip aldım. Ol maǵan A. Dosnazarov oqıǵan universitettiń súwretin berdi. Moskvada bolǵanımda kitapxanadaǵı gazetalardı da kórip shıqtım. A. Dosnazarov 1924-jılı Avtonom wálayatın alıw jolındaǵı háreketi súwreti menen «Туркстан» gazetasında shıǵıptı.1924-jılı ВЦИК II sessiyasında sóylegen sózi basılıptı. Orta Aziya respublikalarınan barǵan delegaciyalardan tek ǵana A. Dosnazarovtıń sózi «Правда» gazetasınıń 15-oktyabr sanında basılıp shıǵıptı. Bul maqalanıń nusqasın kóshirip aldım. Sońınan eki kún dawamında Kalının múzeyinen onıń súwretin izledim. Biraq, bir de súwreti shıqpadı.

Moskva qalasınıń partiya shólkeminiń arxivine barıp arxiv direktorı menen ushırastım. Maqsetimdi bayanladım. Ol bılay dedi: «Arxivke siz benen ekinshi adam usı hújjetti sorap keliwi», dedi. Kimligin sorasam, Qaraqalpaqstan obkomınıń xatkeri Kamal Rzaev eken. «Endi maǵan kelsek, — dedi ol, — onıń jeke delosın bere almayman. Sebebi, tiyisli mákemelerden xat kerek». Haqıyqatında da mende bul arxivke ruqsatnama joq edi. Jazǵı demalısta jáne Nókiske keldim. Kandidatlıq dissertaciyam waqtında Qaraqalpaqstan obkomınıń kadrlar

bólimin basqarğan Pirjan Seytov penen úyinde ushırastım. Ol jaqsı kútip aldı. Kóp tariyxıy waqıyalardı aytıp berdi. Biraq, onnan da A. Dosnazarov tuwralı túyirli mağlıwmat shıqpadı.

Nókistegi arxivte islep júrgenimde shembi, ekshembi kúnleri Shımbaydağı qáyin jurtima barıp keletuğın edim. Bir kúni ádettegishe Shımbay shayxanadan túsip Máteke Jumanazarov kóshesinen piyada kiyatır edim. «Ámiwdárya» kinoteatrına jaqınlaw jerde bir úydiń aldındağı úlken terektiń kóleńkesinde bir ağay otıratuğın edi. Men sálem berip óttim, ol kimligimdi soradı. Men jónimdi ayttım. Bul ağanıń kózi ázzilep qalğan eken. Ol Tashkentten nege kelgenim menen qızıqsındı. Shınımdı ayttım. Ol biraz turdı da janına otırğızıp, ózin tanıstırdı. Atı-jóni Ayap Mátnazarov eken. Túrli mákemelerde islegen, Nókistegi pivozavodınan napaqağa shıqqan. Eń kereklisi ol A. Dosnazarovtı jaqsı biletuğın bolıp shıqtı. «1924-jılı Qaraqalpaqstannan barğan jaslar Tashkent qalasındağı túrli oqıw orınlarına kirip oqıp júr edik», — dedi ol. — Allayar ağa bizlerdi Tashkenttegi «Sharq» miymanxanasına shaqırıp «Qaraqalpaq xalqına Avtonom alıwğa háreket islep atırman. Sizler de qaraqalpaqqa tiyisli mağlıwmat jıynań», dep kórsetpe berdi. Bizler onı qollap-quwatlap qoldan kelgenshe járdem berdik. Allayar ağa Avtonom alıwdağı barlıq hújjetlerdiń bir nusqasın mağan tapsırdı. Men olardı úy sandığımda saqladım. Tilekke qarsı, 1934-jılı Tórtkúldi suw basıp, úydegi barlıq zatlardı suw ağızıp ketti. Eger arxivte islep atırğan bolsań 1926-jılı Tamdı rayonında islegenim haqqındağı qağazımdı joytıp qoyıp edim. Iláji bolsa arxivten tawıp berseń, dedi. Men bir jıldan keyin onıń ótinishin orınladım.

1971-1977-jılları meni Ózbekstan Oraylıq partiya komiteti lekciya oqıwğa Qaraqalpaqstanğa jiberdi. Sonda Qaraqalpaqstan obkomınıń ideologiya bólimi xatkeri Kamal

Rzaev penen ushırastım. Ol bizlerdi lekciya oqıwǵa Beruniy, Kegeyli, Qońırat, Shomanay rayonlarına jiberetuǵın edi. Men hár saparı onıń qabıllawxanasında bolǵanda «Aydınlar» ansambline járdem beriwin soraytuǵın edim. Kamal aǵa sol waqıttaǵı mádeniyat ministri Álima Gayipovaǵa qońıraw etip maǵan járdem beriwin soraytuǵın edi. Bir saparı onıń qabıllawında Allayar Dosnazarov haqqında sóz basladım. Ol telefonnan birew menen sóylesti. Meniń baratuǵınımdı ayttı. Agishev partiya qadaǵalaw komissiyasınıń baslıǵı eken. Ol maǵan kóplegen hújjetlerdi kórsetti. Bir saat ishinde A.Dosnazarovtıń aqlanǵanı haqqında awqam Joqarı sudınıń qararı hám taǵı basqa da hújjetlerdi kóshirip aldım. Kóbirek otıra beriwge qolaysız boldı. Ol A. Dosnazarovtı aqlawda kóp qıyınshılıq bolǵanın ayttı. Kamal Rzaev bir jıl dawamında awqam aymaǵındaǵı barlıq arxivlerge xat jazǵan. Olardı toplap awqam Joqarı sudına A. Dosnazarovtı aqlaw ushın xat jollanǵan. A. Dosnazarovtı partiya jaǵınan aqlawǵa tayarlıq kórip atırǵanda onı esitken ayrım adamlar Úrgenish, Tórtkúl, Nókisten kelip: «Onı aqlawǵa bolmaydı, xalıq dushpanı, milletshil», dep obkomnıń esigin tındırmaptı. Olar tekserip kórilgende ózleri de qamalıp shıqqanı anıqlanǵan. «Ulıwma alǵanda, júdá kóp qıyınshılıq penen A. Dosnazarovtı tolıq aqlap aldıq» dedi. Agishevke óz minnetdarshılıǵımdı bildirdim.

A. Dosnazarovtı aqlawda, atın qayta tiklewde S. Kamalov, K. Rzaev, E. Aytmuratovlar tınımsız háreket etken. Olardıń usınday umtılısları nátiyjesinde A. Dosnazarov tolıq aqlanıp, atına Qaraózek rayonında bir mektep, bir xojalıq qoyılǵan, estelik ornatılǵan. Sonday-aq Nókis qalasınan da bir kóshe qoyılǵan. Tuwrısı, olardıń bul háreketleri sol dáwirde úlken mártlik edi.

1986-jılı Moskvadaǵı oraylıq arxivke bardım. Bir neshe kún arxivte isledim. Bul jerde hújjetler irkinishsiz beriletuǵın edi. Men oqıw zalı baslıǵınan A.



RESPUBLIKALI'Q MA'LIMLEME-RESURSLI'Q WORAYI'
91301

Dosnazarovtıń proektiniń nusqasın alıwǵa bola ma dep soradım. Ol boladı dedi. Biraq, nusqa kóshiretuǵın apparat buzılıp qalǵan eken. Eger buyırtpa bersem, súwretke túsirip izimnen jiberetuǵının xabarladı. Solay etip, A. Dosnazarovtıń 30 betlik proektin 74 sum tólep buyırtpa berdim. Bir aydan keyin buyırtpam poshta arqalı keldi. Ol jerde A. Dosnazarov tárepinen Qaraqalpaq Avtonom wálayatın alıw máselesi boyınsha proektin aldım. Tilekke qarsı, arxivte A. Dosnazarovqa tiyisli eki úlken delonı kóriwge úlgere almadım.

1990-1992-jılları Akademiyanıń filialında isleytuǵın Ábdireyim Nasırullaev penen tanıstım. Ol ózi de meni izlep júrgen eken. Sebebi, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında A. Dosnazarovtıń Kremldegi basshılar hám Qasım Áwezov penen birge túsken súwretin Oraylıq arxivten tawıp jáRiyalaǵan edim. Ábdireyim aǵa sol gazetada shıqqan Q. Áwezovtıń súwretin soradı. Oǵan bir dana súwret berdim. Ol bolsa A. Dosnazarovtıń Qasım Áwezov hám Baskakov penen túsken súwretin berdi. Bul Moskvada túsken súwret eken. Ábdireyim aǵanıń kitapxanasında kóp kitaplar bar eken. Bólmesiniń tórine Qasım Áwezovtıń portretin ildirip qoyǵan. Ol keyin maǵan Shımbaydaǵı múzeydegi eksponatlardı kórsetti. Men ásirese Shımbay múzeyindegi eksponattı kórip hayran qaldım. Múzeyde júdá kóp kitaplar, XX ásirde shıqqan gazetalar bar eken. Keyin Nókis qalasına kelip arxivte isley basladım. 1991-jılı 19-avgustta Moskvaǵa barıw ushın bilet aldım. Sol kúni Nókis aeroportına barsam, hesh bir samolyot ushpaǵan eken. Sebebi, Moskvada GKCHP (awdarıspaq) júz bergen. Men de biletimdi kassaǵa qayta tapsırdım. 1991-jılı noyabr ayında jáne Moskvaǵa barıw ushın samolyotqa bilet alıp Moskvaǵa ushıp kettim. Kvartiraǵa jaylasıp, erteńine oraylıq partarxivke barsam 3 kún saat 8-14 ke shekem, 3 kún 14-21 ge shekem isleydi eken. Men qalanı aylanıp

saat 14.00 de arxivke keldim. Saat keshki 9 ǵa shekem islep A. Dosnazarovtıń Oraylıq komitetke jazǵan tórt bayanatınan kóshirme aldım. Pushkin metrosına túsip, metro janındaǵı kóshe menen júre basladım. Kósheniń eki boyı góne jaylar eken, azǵana júrgennen keyin oń jaǵıma qarasam bir kishkene jaydıń esiginiń aldındaǵı KGB keshe-kúndiz qabıl etedi degen jazıwǵa kózim tústi. Barsam ortadaǵı bólme ishinde bir áskeriy adam otır, oń jaǵında bir qız kelgen qaǵazlardı, arzalardı dápterge kóshiriwde. Kirer jerge qoyılǵan otırǵıshlarda 13-14 jastaǵı balalar otır. Men hayran qaldım. Olardıń babaları 1930-jılları kulak retinde quwdalanǵan, mal-múlki, konfiskaciyalanǵan. Solardı qaytarıp alıw ushın arza bergen eken. Men onlap, júzlep, mıńlap delolardı kórsem de qamalǵan adamlardıń delosınıń ishinde konfiskalanǵan múliklerdi qaytarıp alıw haqqında arzalardı ushıratpaǵan ekenmen. Tek Qasım Áwezovtıń hayalı Patima apa Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan KGB sına konfiska etip alınǵan múlikti qaytarıw máselesinde arza bergenin arxivten kórgenmen. Balalardan keyin qabıllawxanaǵa kirdim. Qabıllawxana baslıǵına ruqsatnama qaǵazdı kórsettim. Ol meniń máselemdi bir ay ishinde kórip shıǵatuǵının ayttı. Úyge kelsem saat 11 bolǵan eken. Erteńine Moskvadaǵı maǵlıwmatlar byurosına múrájat etip, professor Baskakov Moskvanıń qay jerinde turatuǵının soradım. Maǵan onıń turatuǵın jerin tawıp berdi. Men Baskakovtıń úyine barǵanımda balası jaqsı kútip aldı, ózi joq eken. Balasınan sorasam emlewxanada dedi. Barıp kóriw ushın mánzilin ber desem kónbedi. Sonshelli ótinish etsem de barıp kóriwge ruqsat bermedi.

1981-jılı aprel ayında Qaraqalpaqstan obkomınıń birinshi xatkeri Qallibek Kamalovqa A. Dosnazarovtıń 85 jıllıq yubileyin ótkeriw boyınsha 3 bántten ibarat usınıs ettim. Meniń xatıma obkomnıń úgit-násiyat bóliminiń baslıǵı Babash Ismaylov tárepinen 1981-jılı 28-iyulde 2625-

sanlı xat keldi. Onda mınaday sózler jazılǵan edi: «Ózbekstan Kompartiyası Qaraqalpaqstan obkomı hár jılı yubileylerdi belgilep ótedi. 85 jıllıq yubiley belgilenbeydi. Soǵan qaramastan veteranlardıń basıp ótken jolları haqqında gazetalarǵa maqala, broshyura shıǵarıw múmkin. Eger siziń A. Dosnazarov haqqındaǵı qol jazbańız tayar bolsa kórip shıǵıw ushın «Qaraqalpaqstan» baspasına tapsırıwıńız múmkin» delingen.

1986-jılı iyun ayında A. Dosnazarovtıń tuwılǵanına 90-jıl tolıw múnásibeti menen onıń yubileyin saltanatlı túrde belgilew ushın Qaraqalpaqstan obkomınıń birinshi xatkeri K. Saliqovqa usınıs bergen edim. Usınıs juwapsız qaldı. Tek ǵana respublikalıq gazetada A. Dosnazarovtıń 90 jıllıǵına baǵıshlanǵan maqalam shıqtı. Aradan bes jıl ótkennen keyin A. Dosnazarovtıń 95 jıllıǵın belgilew ushın jáne Qaraqalpaqstan obkomınıń birinshi xatkeri S. Niyetullaevqa 9 punktten ibarat usınıs ettim. Bul usınısıma Qaraqalpaqstan obkomınıń arxiviniń baslıǵı N. Ibragimovtan xat keldi. Onda bılay delingen: «Húrmetli Bahawatdin aǵa, ideologiya bóliminen Jańabaev qońıraw etti. Siz A. Dosnazarov haqqındaǵı monografiyanı kórip shıǵıwǵa xatkerge tapsırıwıńızǵa boladı. Bolmasa telefon etip obkomnıń ideologiya bólimin basqarǵan Raxman Jańabaevqa jazıp jiberiń», — delingen.

Usı juwap xattan keyin «Qaraqalpaqstan» baspasına orıs tilinde 5 baspa tabaq kólemindegi kitabımdı tapsırdım. Q. Bayniyazov ta kitap tapsırǵan eken. Bunnan xabarım joq. Dem alısta baspaxanadan xabar alsam, meniń kitabımdı rejeden shıǵarıp taslaptı. Buǵan hayran boldım. Birewler Qaraqalpaqstan Respublikası baspasóz komiteti baslıǵı Genjebay Dosımbetovtıń atına arza jaz dedi. Jazdım. Ol arzamdı oqıp shıǵıp, «buyrıq boyınsha baspadan shıǵarılsın», — dep qol qoyıp berdi. Nátiyjede 1991-jılı orıs tilindegi kitabım, gazetalarda maqalalarım da shıqqan edi. Bulardan basqa Qaraózek rayonı atqarıw

komiteti baslıǵı Dáwletniyaz Xojamuratovtıń basshılıǵında Qaraózek rayonı jámiyetshiligi qatnasıwında A. Dosnazarovtıń 95 jıllıǵına baylanıslı konferenciyada A. Dosnazarovtıń ómir jolı haqqında bayanat jasadım. Aradan jáne jıllar zımırap ótti. A. Dosnazarovtıń 100 jıllıq yubileyin saltanatlı túrde ótkeriw ushın sol waqıttaǵı Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarı Keńesiniń Baslıǵı Úbbiniyaz Áshirbekovtıń atına 21 punktten ibarat usınıs kirgizdim. Usınısım esapqa alınıp, A. Dosnazarovtıń 100 jıllıǵın belgilew boyınsha qarar shıǵıp, yubiley Nókis qalasında, Qaraózek rayonında bolıp ótti. Respublikalıq gazetalarda kóplegen maqalalar shıǵarıldı. Nókis qalasında A. Dosnazarovtıń 100 jıllıǵına baǵıshlanıp belgi tas qoyıldı.

1996-jılı «Allayar bas boldı qaraqalpaqqa» atamasındaǵı toplamdı tayarladım. Onı tayarlawda jurnalist Abdulla Hábipov jaqınnan járdem berdi. Kitaptı shıǵarıwdı Qaraózek xojalıǵı óz moynına aldı. Kitaptı adamlardıń jumısına hám úylerine tarqatıp berip kóp raxmetler esittim.

Bir kúni Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan bólimi baslıǵı Charjaw aǵanıń qabıllawında boldım. Amanlıq-esenlikten keyin shıqqan kitabımdı berdim. Ol kitaptı ornınan turıp aldı. Kitaptıń betlerin birme-bir ashıp kórdi. Meni qutlıqlap, jumıslarımda tabıslar tiledi. Burınıraq ushıraspaǵanımızǵa ókinish bildirdi.

2005-jılı 31-dekabrde Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń Baslıǵı M.Erniyazovqa A. Dosnazarovtıń 110 jıllıq yubileyin belgilew boyınsha 5 punktten ibarat usınıs ettim. Usınısım esapqa alınıp, 2007-jılı 31-yanvarda Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi A. Dosnazarovtıń yubileyin ótkeriw boyınsha qarar qabıl etti. Yubileyge baǵıshlanıp Nókiste konferenciya ótkerildi.

Ulıwma alǵanda, menińshe, A. Dosnazarovtıń ómir jolın ele de tereńirek izertlew zárúr dep oylayman.

Óytkeni, xalqımızǵa basqa xalıqlar qatarı óz aldına otaw tigiwde jan kúydirgen márt azamattı máńgi yadımızda saqlaw hár birimizdiń minnetimiz dep bilemen. Sondayań, tariyxshı, ádebiyatshı, dramaturgler onıń islegen jumısların tereńirek úyrenip, obrazın keń sáwlelendirip xalqımızǵa jetkerip berse degen tilektemen.

## ULLÍ JOLDAǴÍ DÁSLEPKI QÁDEM

Jigirmalanshı ásirdiń basında belgili hám talantlı shaxslar ósip jetilisti. Shıǵısı jaǵınan olar hár qatlamdaǵı sociallıq toparlardan ibarat boldı. Birazı jetkilikli bilim hám tárbiya alǵan bolsa, birazı turmıstıń qıyınshılıǵınan óz ǵamın jep qatarǵa qosılǵanlar edi. Sonlıqtan da olardıń dúnyaǵa kóz qarası, psixologiyası, mádeniyatı, tárbiyası hár qıylı boldı. Bul jerde payda bolǵan hám tiykarǵı sebepshi bolǵan tariyxıy sharayattı da itibarǵa alıw kerek. 1917-jıldaǵı Oktyabr revolyuciyası bir qatar isker shaxslardıń, patriot belsendilerdiń bir toparın ósirip jetilistirdi. Olardıń kóbisi jarlı - diyqan qatlamlarınan shıqqanlar boldı. Sonıda jasırmay aytıw kerek, bir jaǵınan Oktyabr revolyuciyasınıń kesiri sonnan ibarat boldı, eldegi bir qatar oqımıslı, sanalı hám mádeniyatlı zıyalılardı bay-batraklar esabında quwdalap qamawları, birazın bay-kulaklardıń quyrıǵı esabında qamap, birazın atıp joq etip jiberiwleri ornın toltırıp bolmas qayǵı-hásiretlerge alıp keldi. Olardıń bay hám zıyalı, mádeniyatlı hám oqımıslı bolıwında hesh qanday ayıbı joq edi. Usınday orınsız hám oylanbay islengen is-háreketlerdiń saldarınan milletler, pútkil bir xalıq kóp, oǵada awır joǵaltıwlarǵa duwshar boldı. Álbette, sol dáwirdegi biziń oyımızsha, waqtınan burın júz bergen tariyxıy sharayat hám onı iske asırıwshılar ayıplı ekenin búginligi aytıwımız kerek.

Jigirmalanshı ásirlerdiń jigirmalanshı jıllarında tariyxıy sharayatlarǵa hám qaraqalpaq milletiniń uzaq jılǵı basınan

keshirgen qıyınshılıqlarınan keyin bir qatar zıyalılar, eldiń batır, er júrek patriot perzentleri ósip jetilisti. Qaraqalpaq xalqı usınday perzentlerin uzaq jıllar dawamında tárbiyalap ósirgen edi. Solardıń biri Allayar Qoraz ulı Dosnazarov boldı. Qaraqalpaq milleti, qaraqalpaq xalqı Allayarday perzentleri ushın máńgi maqtansa arzıydı.

Allayar Qoraz ulı Dosnazarov, sol waqıttağı atalıwı boyınsha alatuğın bolsaq, Ámiwdárya wálayatınıń Shımbay uezdine qaraslı Kók-Ózek bolıslığında diyqan shańarağında tuwılğan. Tuwılğan waqtı 1896-jıl. Allayardıń basqalardan ayırmashılığı, ol tiykarınan diyqan shańarağınan shıqqan. Xojalıq jağdayı tómen bolıp, kún kórisi qıyın bolğan. Turmıstıń awırmanshılığın basqalarğa qarağanda kóbirek tartqan. Ol dáwirde jarlı turatuğın xojalıqlar kóp bolğan. Sonlıqtan da olar ózleriniń urıwlas ağayinlerin panalap, jumısın islep kún keshirgen. Sonıń biri Allayardıń shańarağı bolğan. Jarlılıqta qanday qıyınshılıq basqa túsken bolsa, jarlı xojalıq yamasa jarlı adam bay hám zalımlardan qanday azap-aqıret kóriwi kerek bolsa, Allayar da, onıń shańaraq ağzaları da sol qıyınshılıq penen awırmanlıqtı, ózlerinen joqarı turatuğın adamlardan kóretuğın basqınshılıq penen aqıretti kórgen. Álbette, bay adamlardıń hámmesi jawız, insapsız hám zalım bola bermegen. Iyshan, axun hám mollalardıń birazı mádeniyatlı, oqımıslı hám sanalı bolğan. Xalıqtıń tómengi qatlamdağı toparlarına olar qayırqomlıq etip turğan. Biraq biz geyde turmıstıń bul haqıyqatlığın ayta bermewge úyrenip ketkenbiz. Zalım hám insapsız bay, bolıs, qazı, iyshanlar bolğan. Múmkin Allayardıń xojalığınıń tágdiri solarday adamlarğa túsken shığar. Qalayda, bar mağlıwmatlarğa qarağanda Allayar Dosnazarov jas waqtınan baslap, yağnıy jası jetpey-aq jeti jasınan miynetke aralasqan. Kún kóris soğan májbúr etken. Dáslepki waqıtları, shama menen on úsh jaslarında

awılda shopan bolıp jallanıp islegen. Keyin xojalıqtağı barlıq tiri jandı bağıw qıyın bolğanlıqtan Shımbayğa kelip qaladağı tatar hám armyan sawdagerleriniń úylerinde aspaz, keyin ala jumısshı bolıp islegen. Onıń bul talabı da jarıtıp hesh nárse bere almaydı. Bir tapqanı bir tapqanına jetpeydi. Sonlıqtan Allayar kóp oylanıp hám birazlardıń aqılı menen joqarığa talap izlep ketedi. Sol ketisten biraz jerlerge baradı. Eń aqırı Xiywağa jetedi. Ol jerde Allayar «Yaroslavl» paxta tazalaw zavodında úskenelerdi maylawshı bolıp jumısqa ornalasadı hám bul jumısta biraz waqıt isleydi. Jas bolsa da miynettiń, turmıstıń, awırmanshılığın kórgen jas bala dógerekke, átirapına sergek názer taslaydı. Ózindey jumısshılar menen jasap, qıyınshılıqtı birge kóredi. Olar menen dártlesip, geyde turmıstıń awırmanshılıqların aytısadı. Solay etip onıń sanası, dúnyağa kózqarası biraz ósedi. Qala berdi, Orta Aziyada feodallıq turmıs qálpi, mámleketti monarxiyalıq basqarıw húkim súrip turğan edi. Kapitalizmniń dáslepki belgileri payda bolıp atırğan waqıt penen Allayar da birge ósti. Kishi ónermentshilik, paxta tazalaw zavodları, basqa da kishigirim kárxanalar payda bola baslağan waqıt edi. Onnan qala berse dindarlar hám eldi basqarıwshı biy hám bolıslar asqınlap ketti. Usınıń aqıbetinen xalıqtıń tómengi qatlamınıń qatarı hám jumıssızlar qatarı kóbeye basladı. Bul qubılıs penen ol waqıtta mámleketlik uyımlar shuğıllanbağan bolsa kerek. Onıń ústine bul másele menen shuğıllanatuğın jámiyetlik uyımlar bolmağan. Tek bolğanı patsha Rossiyası tárepinen Sibirge hám Orta Aziya ellerine erkin pikir júritip, jámiyetti qaytadan qurıw dógerekleri menen uyımlarına qatnasqan yamasa solardıń ideyalarına tilekles bolğanlardı súrginge jiberip turğan. Mine sonday súrgindegiler Allayar islegen paxta zavodlarında da bolğan. Álbette, sonday awır turmıstı basınan keshirip atırğan jas jigitke olardıń ideyaları jağıp qaldı. Onnan

tısqarı olar jergilikli xalıqtıń wákillerin qatarına qosıp, óz ideyaların keńeytiwge mápdar edi. Sonlıqtan da revolyuciyashıl toparlar Allayarday jaslardan hám awır turmıs keshirip atırǵanlardan paydalanadı. Revolyuciyanıń kelip shıǵıw sebeplerin, pisip jetilisiw sharayatları menen dáwirlerin túsinbegen Allayar Dosnazarovlarday kóp jaslar hám eresekler ańsat jol menen ózlerinen joqarı turıp, bıńardı yaǵnıy, ózlerin ekspluataciyalap, miynetinen paydalanıp atırǵanlardan tez ósh alıp, jańa jámiyet qurıw tez arada múmkin dep túsindi. Solay etip Rossiyanıń súrgindegileriniń arasındaǵı revolyuciyalıq - demokratiyalıq ideyadaǵı toparlar jańadan payda bolıp kiyatırǵan jumısshılar menen aldıńǵı ideyanı, haqıyqatlıqtı kúsewshi shayır hám zıyalılardı da tarta beredi. Olardı óz dógereklerine jıynap erinbesten úyretti. Marksistlik-leninlik teoriyalardıń tiykarǵı negizin, fundamental negizde jergilikli xalıqtıń tómengi qatlamınan shıqqan topar wákilleri úyrene almaytuǵın edi. Sonda da olar sol baǵdarda adım atladı. Sebebi, olardıń basqa ilajları joq edi. Sonıń biri bolǵan Allayar rus jumısshıları hám jer awdarılıp kelgen rus revolyuciyashıl demokratları menen birge jasap, olardan rus tilin hám revolyuciyalıq ideyalardıń tiykarǵı maqsetlerin úyrene basladı. Biraq, zavod iyesi islewshi adamlardıń qatarın qısqartıp tasladı. Olardıń qatarında jas jumısshı Allayar da ketti. Bunnan keyin ol biraz waqıt jumıssız tentirep júrdi. Jumıssızlıq ábden janına tiygennen keyin tabılǵanına qarap qanday jumıs bolsa da isledi. Solay etip, 1913-1917-jıllar aralıǵında Allayar Qoraz ulı kóplegen jumıslardı islep keldi. Ol ot jaqqısh, aspaz, gúzetshi hám basqa da jumıslarda isledi. Usı qıyınshılıq turmıstıń awır jaǵdayı, eldegi ala-sapıranlıq, ayrım jerdegi ádalatsızlıqlar onı qattı oylandırdı hám onıń mal-múlkke iye klass wákillerine degen narazılıqların oyattı. Usınday turmıstıń táǵdirine narazı bolıp jasap atırǵan puqaralardıń sanı kóp edi.

Revolyuciyashılıq ideyanı tarqatıwshılar usı jaǵdaydan jaqsı paydalandı, olardıń kóbisin óz tárepine tarta bildi. Tómen jasawshı puqaralardıń arasında óz dinine qattı isenetuǵın, óziniń táǵdirine qayıl bolıp ketken puqaralar da kóp boldı.

Allayar Qoraz ulı sońǵı waqıtları rus qánigeler, injener-jumısshıları menen kóp islesiwge háreket etti. Olardan til hám bilim úyreniwge qızıqtı. Olar menen jasap rus tilin hám batıs ádebiyatı menen tariyxın múmkin bolǵanınsha, halı kelgeninshe úyrendi. Bul halat onıń sana-sezimine, dúnyaǵa kóz qarasına úlken tásir jasadı. Orta Aziya, ásirese Xorezm átirapın jaǵalap jasap atırǵan xalıqlardıń ásirese qaraqalpaq xalqınıń turmısınıń, siyasıy jaqtan hár tárepleme sheklenip qalǵanın seze basladı. Azı-kem siyasıy hám jámiyetlik bilimlerden úzip-julıp úyrengeni onıń sana-seziminde revolyuciyalıq pikirler payda etti. Revolyuciyashıl adamlardıń úyretiwi boyınsha Orta Aziya xalıqları, sonıń ishinde qaraqalpaq xalqı revolyuciya arqalı ǵana maqsetine jetisedi dep isenedi hám kóbirek sol baǵdarǵa bet bura basladı. Ol sonıń menen birge qaraqalpaq xalqınıń siyasıy ǵárezsizligi, mámleketlik dúzim dúziwi hám óz aldına ǵárezsiz el bolıwı haqqında da oylana basladı.

## JAŃA TURMÍS SÍYASATÍ

Rossiyadaǵı úlken Oktyabr revolyuciyasınıń dabılı menen dawılı Xorezm xanlıǵına hám qaraqalpaq eline de kelip jetti. Oktyabr socialistlik revolyuciyasınıń Orta Aziya elleri, xalıqları arasında júzege asıwı, jeńiwi ańsat bolmadı. Oǵada awır búlginshilikler, ólim hám qırǵınlar boldı. Onı xalıq arasındaǵı ayrım zıyalılar menen tómengi qatlamnıń wákilleri qollap-quwatlaǵanı menen xanlıqlar, biylikler, xalıqtıń joqarǵı, sanalı qatlamları derlik qollap-quwatlamadı hám oǵan barınsha qarsı shıqtı.

Usınıń sebebinen uzaq jıllar dawamında urıslar, qarama-qarsılıqlar bolıp turdı.

Qızıl áskerlerdiń qatarına jergilikli xalıqtıń wákilleri tartıldı. Olardıń arasında Allayar Dosnazarov birinshilerden bolıp qatarda turdı. Sebebi, ol bul revolyuciya haqqında aldın-ala xabardar edi, yaǵnıy biraz tayarlıq penen qarsı kútip aldı dep aytsaq boladı.

Oktyabr revolyuciyası Orta Aziya úlkelerinde, sonıń ishinde qaraqalpaq elinde kúshli qarama-qarsılıqlarǵa duwshar boldı. Revolyuciyasǵa qarsı bolǵan tárep qáytse de onı iske asırmawǵa barınsha qarsılıq kórsetti. Usınıń saldarınan uzaq jıllar dawamında sırtqı kúshlerdiń qollap-quwatlawında puqaralıq urıs baslandı. Solay etip, bolshevekler partiyasınıń puqara xalıqqa «jaqın kúnlerde jarqın, baxıtlı turmıs keshirip, jańa zamanda jasaymız» dep bergen wádesi birden iske asa qoymaydı. Onı iske asırıw bılay tursın, endi revolyuciya isin saqlap hám qorǵap qalıw wazıypası turdı. Bul wazıypanı iske asırıwda da kommunistlerdiń basshılıǵında Qızıl Armiya qatal túrde gúres júrgizdi. Kommunistlik partiyanıń hám jas Sovet mámleketiniń basshılıǵında hámme jerde, ásirese Orta Aziyada, Túrkistan úlkesinde «baspashılar» dep atalǵan qarsı tárepke kútá qatallıq penen gúres júrgizdi. Partiyanıń eń sadıq, isenimli adamları jiberildi. Jergilikli xalıqtıń wákilleri kóplep tartıldı. Qaraqalpaqlar arasınan da kóplegen revolyuciyashıl iskerler shıqtı. Olar partiya qatarına kirip, Qızıl Armiya qatarında óz qarsılaslarına qarsı gúresti.Olardıń ishinde eń kózge kóringeni Allayar Qoraz ulı boldı. Ol bul iske bar intası, kúsh-jigeri menen kiristi. Allayar Dosnazarov qaraqalpaqlar ushın jaqtılı kúnge shıǵatuǵın kún keldi dep oyladı. Bunday pursattan paydalanıwdı hám qaraqalpaq xalqın biriktirip, jańa zamanǵa alıp shıǵıwdı árman etti. Sonlıqtan ol kóplegen azamatların, ózindey jigitlerdi, puqara xalıqtıń arasınan shıqqan jarlıları revolyuciyalıq iske hám Qızıl Armiya

qatarına tarttı. Onıń ózi birinshilerden bolıp Qızıl Armiyanıń qatarına ótti. Qızıl Armiya qatarına ótkende hár bir jawınger áskeriy ant qabıl etti[1].

Onı Allayar da qabıl etken edi. Ol qabıl etken áskeriy revolyuciyalıq ant tómendegi mazmunnan ibarat edi: «Túrkistan respublikası aymağındağı armiya áskerleri arasına arnawlı buyrıq penen tarqatılğan usı armiya haqqındağı ant rejesi menen, mazmunı menen bizler 1918-jıldıń iyul ayınıń otız biri kúni Petro-Aleksandrovsk qalasında tolıq tanıstıq hám usığan tiykarlana otırıp, ant etemiz: «Bizler jumısshı — Qızıl Armiya qatarına óz erkimiz benen kirdik hám usı antımız tiykarında tómendegi qol qoyılğan kúnnen baslap altı ay dawamında usı armiya haqqında tastıyıqlanğan rejelerdi buljıtpay orınlawğa, armiya qatarında sap húјdan hám sadıq túrde xızmet etiwge, qoyılğan talaplardı hám minnetli wazıypamızdı óz erkimiz, óz sanamız benen kerek bolsa janımızdı da ayamay orınlawğa minnetlimiz»[2].

Qızıl Armiyada usınday qatal tártip ornatılğan edi. Egerde usı bergen anttı buzsa, hár bir jawınger qattı jazalanatuğın bolğan. Álbette, hár qanday armiyada tártip, ant beriw bolmasa, ol jerde tártiptiń bolmaytuğını turğan gáp. Bunı bolshevikler armiyası — Jumısshı Qızıl Armiya basqarıwshıları jaqsı túsindi. Allayar Dosnazarov usı armiya qatarına kirgennen keyin óziniń bergen antına sap húјdanı menen qaradı hám onı xızmet dawamında buzbastan orınlap barğan. Bul, demek, qaraqalpaq jigitiniń qanday jağdayda bolsa da, qay jerde xızmet etse de óz sózine, antına sap húјdan menen qarağanın bildiredi. Onnan qala berse Allayar Dosnazarov Oktyabr revolyuciyasınıń isine, ideyasına, keleshektegi bağdarlarına inanıp qalğannan keyin oğan shın ıqlası

---

[1] Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti apparatınıń arxivi F 103, op. 2. d. 1821, 7-bet

[2] Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Oraylıq arxivi F 87, op. 1. d. 82, 36-bet

menen xızmet etti, qollap-quwatladı. Sonlıqtan da bir maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda ol puqaralıq urıs jıllarında frontlarda jan-táni menen Oktyabr revolyuciyasına dushpan bolǵan toparlar menen erlik penen qarsı góreskenligi aytıladı. Bul ushın Allayar Dosnazarovtı tikkeley ayıplawǵa bolmaydı. Ol dáwirdiń tariyxıy jaǵdayı, sharayatı, sol dáwirdegi turmıs kóplegen adamlardı usınday sheshimge barıwǵa májbúr etti.

1918–1921-jıllarda Allayar Dosnazarov 1-Túrkistan armiyasınıń 3 hám 4 polklarınıń quramında Qaraqalpaqstan, Xorezm Tashauz hám basqa da wálayatlar menen qalalardaǵı sawashlarǵa, kóterislerdi basıwǵa qatnasadı. Ol usı dáwirlerde tek jawıngerlikti ǵana úyrenip sheklenbesten, biraz sawashlardı, kóterislerdi bastırıwǵa qatnasıp, ápiwayı hám zıyalı, «baspashı» dep atanǵan toparlar, adamlar menen sóylesip olardıń birazın kórdi hám bul waqıyalardan ózinshe juwmaq shıǵardı. Ayrım waqıtları geypara orınlarda jónsiz qan tógispelerdiń orınsız ekenligin sezip, onı paraxat jol menen sheshiwge háreket etti. Álbette, «baspashı» atanǵan táreplerdiń de tiykarǵı maqseti eldi sırtqı basıp alıwshılardan qorǵap alıp qalıw menen birge «milliy ǵárezsizlikti, ásirese, dindi saqlap, óz mámleketin dúziw boldı. Bul ushın olar kerek deseń janın da ayamaydı hám qattı jawızlıqqa, talawshılıqqa, qorqıtıwǵa bardı. Ol nárse óz gezeginde jay puqara xalıqqa unamadı. Degen menen olardıń arasında batır, er júrek, bası ketse de hesh nárseden qaytpaytuǵın haqıyqıy hám fanatik patriotlar kóp edi. Mine usınday kóp sanlı jaǵdaylar, waqıyalar Dosnazarovtıń kózin dúnyaǵa keńirek ashtı. Biraq, onıń tańlap alǵan jolı Oktyabr revolyuciyası boldı. Sebebi, onda qanday da kúshtiń bar ekenin xalıqtıń, ayrım zıyalılardıń, áskerlerdiń erip atırǵanın, jáne taǵı ústi-ústine kúshli bolsa da qarama-qarsı tárepti jeńip atırǵanın kórdi. Sonlıqtan da ol ekilenbesten revolyuciya tárepinde boldı.

Ol tek ǵana márt jawınger ǵana emes, al komandir de, jámiyetshilik jaqtan jetilisken belsendi de bolıp jetilisti. Oy-órisi keńeyip, siyasiy jaqtan biraz ósti. Sol táreplerin esapqa alıp onı 1918-jıldıń 21-dekabrinde bolshevikler partiyasınıń qatarına qabıl etti. Úlken isenim menen kommunistler partiyası qatarına kirgen Allayar Dosnazarov pútkil ómirin usı partiyanıń isine, xalıqtıń iygiligine arnawǵa háreket etti. Biraq, sońǵı otızınshı jılları hám onıń baǵdarınıń basqa tárepke burılıp baratırǵanın sezip, ol haqqında shıdap tura almaǵanlıǵı sebepli ózi kirgen hám onıń ideyaları ushın gúreskeni ushın sol partiya tárepinen kóp qurbanlardıń biri bolıp ketti. Biraq, Orta Aziya xalıqları, ásirese qaraqalpaq xalqı ushın haqıyqattan da hadal xızmet etti. Bul xızmeti ushın ol qaraqalpaq xalqı aldında qarızdar emes dep oylaymız.

1919-1920-jılları partiya Allayar Dosnazarovqa áhmiyetli is — polktiń Qadaǵalaw Komissiyasın basqarıwdı tapsıradı. 1921-jıldıń ortalarında Túrkistannıń 1-atqıshlar hám 1-atlı áskerler diviziyalarınıń kommunistleri oǵan úlken isenim bildirip, onı Túrkistan Kompartiyasınıń VI syezdinde sheshiwshi dawıs penen qatnasıw ushın diviziyanıń 11-partiya konferenciyasına delegat etip sayladı. Oǵan berilgen mandatta: «Usı mandat 1-Túrkistan atqıshlar diviziyasınıń 2-partiya konferenciyasınıń delegatı, aǵzası Allayar Qorazovich Dosnazarovqa beriledi, sebebi ol TKP úlkelik VI syezdiniń delegatı. 14-18-iyuldaǵı diviziyalıq partkonferenciyada saylandı hám 1-atqıshlar jáne 1-atlı áskerler diviziyalarınıń 3450 kommunistiniń wákili bolıp tabıladı. 1921-jıl, 20-iyun, dep kórsetilgen[3].

1921-jıldıń avgust ayında Túrkistan kompartiyasınıń

[3] Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti apparatınıń arxivi F 60, op. 1. d. 1158, 9-bet

VI syezdi bolıp ótti. Ol syezddiń jumısına ıqlas qoyıp qatnastı. Syezdde kóp sanlı ózindey áskerler, komandirler, belgili bolshevikler, basshı adamlar menen tanısadı hám olardıń sózin tıńlap, biraz nárseni túsinedi. Syezdde Túrkistan úlkesiniń siyasiy hám ekonomikalıq jaǵdayları, onı tez arada kóteriw kerekligi jóninde sóz bolıw menen birge, bul baǵdarda tiyisli hújjetler qabıl etildi. Sol waqıtta onı óziniń tuwısqan xalqı, japakesh xalqı qaraqalpaqlardıń táǵdiri qattı oylandıra baslaydı. Ol ushın jan kúydirip gúrespese bolmaytuǵının túsinedi».

Allayar Dosnazarov qanday xızmettiń, wazıypalı jumıstıń basında bolmasın, ol bárháma teoriyalıq bilimniń oǵada kerekligin túsindi. Kópshilik payıtlarda tereń bilim ala almaǵanlıǵı sebepli kóp qáteshiliklerge jol qoyıp, qıyın jaǵdaylarǵa duwshar bolǵanı onı qıynaytuǵın edi. Sonlıqtan da ol múmkinshiligi bolsa birinshi gezekte oqıp alıwdı aldına maqset etip qoydı. Alasapıranlıq waqıyalar azı-kem tınıshlanǵannan keyin ol joqarı uyımlardan oqıwǵa jiberiwdi soranadı. Solay etip, 1921-jıldıń 10-avgustında Xorezm kompartiyası Allayar Dosnazarovtı partiyalıq tereń bilim alıw ushın Moskvadaǵı Ya. M. Sverdlov atındaǵı Shıǵıs miynetkeshleriniń Kommunistlik universitetine oqıwǵa jiberedi. Bul jerde Dosnazarov bar kúsh-jigerin oqıwǵa, bilimin tereńlestiriwge jumsaydı. Dúnyada, Rossiyada, ásirese Orta Aziyada bolıp atırǵan ózgerislerdi tereńnen túsiniwge hám onıń erteńgi keleshegin biliwge háreket etedi. Sonda ol, bilimniń sonshama tereń hám ájayıp bir sarqılmas dúnya ekenligin túsindi. Onıń oyın, dıqqatın kóbirek Qaraqalpaqstan úlkesi, japakesh hám márt qaraqalpaq xalqınıń búgingi hám erteńgi táǵdiri ózine awdara basladı. Oqıp júrgen waqtında óziniń tuwılıp ósken elinde ne nárselerdiń bolıp, qanday waqıyalardıń júz berip atırǵanlıǵın bilgisi kelip ıntıqtı. Xalıq basshıları, zamanlasları xalıq ushın ne islep atır eken dep kelgen-

ketkennen sorastırıp júrdi. Biraq, ol waqıtta uzaqtağı qaraqalpaq elinen Ámiwdáryanıń ayağınan xabar shendeshen, siyrek keletuğın edi. Sonıń ushın da ol jazğı dem alıstı asığıp kútti. Dem alıs keliwden soranıp, óziniń tuwılğan úlkesine jol aldı. Jetkenshe asıqtı, az da bolsa bolıp atırğan ózgerislerdi óz kózi menen kórgisi keldi. Elge jetiwden qala hám awıllardı aralap, qarapayım miynet adamlarına, xalıq arasına barıp, orayda alğan biliminen olarğa berip, xalıqtıń júreginde patriotlıq ruwh oyatıp, uyqılap atırğan xalıqtı dúnya xalıqları menen birge adım atlap jasaw kerekligin aytıp úgit-násiyat etpekshi boldı. Allayar Dosnazarov jazğı dem alıstan keyin Moskvağa qaytadı. Oqıwın dawam etip, alıp atırğan bilimin tağı da tereńlestiriw ushın kóp kúsh salıp oqıydı. Turmıstağı sonsha jılğı basınan keshirgen qıyınshılıq, onnan keyingi tınımsız áskeriy xızmetler, jumıslar hám oqıwdıń awırmanlığı onıń densawlığına tásir etpey turmadı. Densawlığı sonsha awırmanlıqtı kótere almay, ázzileydi. Solay etip, ol oqıwın dawam ettire almaydı. Shıpakerlerdiń uyğarıwına kóniwge hám hawa rayın ózgertiw ushın úyine qaytıwğa májbúr boladı. Álbette, bul bolğan jağday oğan qattı tásir etti. Sebebi, sonsha jıl árman etip kirgen oqıwın dawam ettire almadı. Ilaj qansha, bárine kóniwge tuwra keldi. Bir jaqsı jeri, onı densawlığınıń jaqsı bolıp ketkenine shekem universitetten shığarmadı. Qaytıp kelip oqıwın dawam etiw huqıqına iye bolıp ketti.

## ALLAYAR DOSNAZAROVTÍŃ PARTIYALÍQ JUMÍSQA ARALASÍWÍ

Moskvadan qaytıp kelgennen keyin Allayar Dosnazarov dem alıp júre almaydı. Bolıp atırğan qızğın qayta qurıwlar jańa jámiyetlik isler onı ózine qattı tarta berdi. Solay etip, ol joqarı partiya uyımlarına múrajat etti.

Bunnan keyin onı Xorezm kompartiyasına jiberedi. Xorezm kompartiyası basshılığına, onıń shólkemlestiriw bólimine A.Dosnazarovtı qálegen bir rayonǵa partiyalıq shólkemlestiriwshi etip tayınlawdı usınadı.

Biraz turmıslıq, revolyuciyalıq mekteplerden, joqarı oqıw auditoriyasınan lekciya tıńlap tájiriybe arttırǵan bul adamda jumısqa degen ıqlas qattı kúsheyedi. Onıń taǵı bir artıqmash tárepi joqarı adamgershilikke, qatal tártipke, talapshańlıqqa hám durıslıqqa iye bolıwında edi. Sonıń ushında ol joqarı partiya uyımına qanday jumıs bolsa da islewge tayar ekenligin bildirdi. Solay etip Xorezm kompartiyası onı Qońırat raykomınıń juwaplı xatkeri etip tayınladı. Bul partiyalıq lawazımda ol islep júrip jergilikli xalıqtıń turmısı, arzıw-ármanları menen tanısıp jumıs alıp baradı. Birinshi gezekte úgit-násiyhat islerin qolǵa aladı. Sebebi, ol wazıypa sol kúnniń tiykarǵı wazıypası edi.

Xorezm kompartiyası onı Qońıratqa 1922-jıldıń 20-mayı[4] kúni jibergen bolsa, Allayar Dosnazarov óziniń wazıypalı jumısına 1922-jıldıń 18-iyunında kirisedi[5]. Usı kúnnen baslap Allayar Dosnazarovtıń haqıyqıy partiyalıq iskerligi baslandı. Óziniń bul jumısında partiyalıq tapsırmanı buljıtpay orınlawǵa háreket etedi. Rayonda birqansha jumıslardı júrgizip kózge kórinedi. 1922-jıldıń 22-iyunında, yaǵnıy óz wazıypasına aralasqannan kóp ótpey-aq, Xorezm kompartiyasınıń Oraylıq Komitetine rayonlıq partiya komitetiniń is-háreketi haqqında raport beredi[6]. Allayar Dosnazarovtıń jeke óziniń ótinishi boyınsha hám onıń kelisimi menen Xorezm Kompartiyasınıń Oraylıq Komiteti 1923-jıldıń 31-iyulında Túrkstan kompartiyası Ámiwdárya wálayatlıq partiya

---

[4] Sonda f. 361, op. 1. d. 185, 15-bet
[5] Sonda f. 361, op. 1. d. 181, 17-bet
[6] Sonda f. 361, op. 1. d. 185, 15-bet

komitetiniń ıqtıyarına jiberedi[7]. Sebebi, Qaraqalpaqstannıń bul rayonlarında jergilikli partiya kadrları jetispeytuǵın edi. Sonlıqtan ol usı sheshimge keliwge májbúr boldı.Bunday halat onıń oqıwın dawam etiwge múmkinshilik bermedi. Solay etip, ol Moskvadaǵı oqıwın waqıtsha toqtatıwǵa qarar etti. Qalayda, óziniń negizgi tuwılǵan elatına az da bolsa usınday qıyın zamanda xızmet etkendi maqul kórdi. Aradan kóp waqıt ótpey-aq Ámiwdárya wálayatlıq partiya komitetiniń ıqtıyarına gezektegi partiyalıq tapsırmanı orınlawǵa tayar bolıp keldi[8]. Ámiwdárya wálayatlıq partiya komitetiniń shólkemlestiriw bólimi onı 1923-jıldıń 9-avgustında Túrkstan kompartiyası Shımbay uezdlik qalalıq partiya komitetiniń ıqtıyarına jumısqa jiberedi. Shımbay uezdlik qalalıq partiya komiteti Allayar Dosnazarovtı 1920-jıldıń 20-avgustında úgit hám násiyat bóliminiń baslıǵı etip tayınladı[9]. Bul úlkeniń barlıq xalqınıń jaǵdayı, ekonomikalıq hám siyasiy awhalı burınnan tanıs bolǵanı menen sońǵı waqıtta usı elden uzaqta júrgennen keyin biraz ózgerislerdiń bolǵanın sezdi. Bolıp atırǵan ózgerisler, siyasiy hám Shımbay uezdiniń ekonomikalıq, awılxojalıq jaǵdayı onı qanaatlandırmadı. Kóplegen islenetuǵın jumıslar islenbey atırǵanınıń gúwası boldı. Ol birinshi gezekte partiya xızmetkerlerin hám belgili belsendilerdi xalıq arasına jiberip úgit-násiyattı kúsheytti. Ekonomikanı kóteriw — házirgi waqıttaǵı birden-bir tetigi bolǵan awılxojalıǵın, shirketshilikti rawajlandırıwdı — ónermentshilik penen kishi kárxanalardı rawajlandırıw boyınsha jumıs isledi. Bunısız xalıqtıń turmısı hám sanası óspeytuǵınına kózi jetti. Álbette, bul jumıstı alıp barıw ańsat bolmadı, qarsı turǵanlar ele barshılıq edi. Soǵan

---

[7] Sonda f. 296, op. 1. d. 221, 15-bet
[8] Sonda f. 296, op. 1. d. 374, 76-bet
[9] Sonda f. 296, op. 1. d. 279, 36-bet

qaramastan, asıqpay óz tárepine ayrıqsha intası bar kadrlardı jıynap, olardı kerekli zárúr orınlarǵa túsinik jumıslarına jiberdi. Ásirese, jergilikli xalıqtıń wákillerin oqıwǵa jiberiwge, solay etip óz ishinen kadrlar, qánigeler tayarlawǵa ayrıqsha kewil bóledi. Onısız alǵa jıljıw múmkin emes dep túsindiredi.

1923-jıldıń 18-oktyabrinde Shımbay uezdiniń partiya yacheykaları sekretarlarınıń bas qospa jıynalısı boldı. Onda qalalıq partiya komitetiniń shólkemlestiriw bóliminiń hám partiya yacheykaları xatkerleriniń bayanatları, esapları dodalanadı. A. Q. Dosnazarov usı máselelerdi dodalaw waqtında bir shette qalmay, onıń jumısına bar intası menen qatnastı. Sonıń ushın ol bul jıynalıstı qızǵınlı eldiń, xalıqtıń táǵdiri haqqında sóz bolatuǵın jıynalısqa aylandırıwǵa háreket etti hám ol onıń oylaǵanınday boldı. Ol jıynalısta bir neshe mártebe shıǵıp sóyledi hám hár bir sózinde hámmeni ziyrek bolıwǵa, itibarsız bolmawǵa, sebebi, olardıń qolında xalıqtıń táǵdiri, keleshegi, kerek deseń qaraqalpaq xalqınıń keleshegi turǵanın uqtırdı. Onı uzaq-uzaqlardan kelgenler jaqsı túsindi hám onıń kótergen hár bir máselesin qollap-quwatladı. Dosnazarov hár bir máseleni, hátte itibarsız, mayda dep esaplanǵan máselelerdi de dıqqattan shette qaldırmadı. Onıń qızıqpaǵan máselesi, sawalı qalmadı. Álbette, qarsılaslar payda boldı, biraq ol hesh qanday kelisimge barmadı, paydalı degen qarar qabıl etiwge eristi. Usı jıynalısta ol óz xalqınıń partiyalıq wákilleriniń kózine tústi hám olardan tirek ala alatuǵının túsindi. Usı jıynalısta Allayar Qorazovich Dosnazarovtı atqarıw komitetiniń №1 yacheykasınıń xatkeri etip sayladı[10]. Ol waqıtta yacheykanıń xatkeri bolıw úlken abıray hám úlken isenim edi. Partiya yacheykasınıń xatkerinde úlken múmkinshilik hám tásir bar edi. Onıń yacheyka xatkeri

---

[10] Sonda f. 296, op. 1. d. 331, 5-bet

bolıp saylanıwı hám jıynalısta qızǵın qatnasıwı partiya hám mámleketlik jumısta taǵı da alǵa ilgerilewine, kóteriliwine jaqsı múmkinshilikler tuwdırdı.

Qarama-qarsılıq, qızǵın hám tartıs penen dodalaw biraz nárseni biliwge, seniń siyasiy, ekonomikalıq, gumanitarlıq hám jámiyetlik, partiyalıq ilimge, bilimge iye ekenligińdi ańlatadı. Onısız keń xalayıqqa, qánigelerge, kópshilikke túsindiriw, isendiriw hám tiykarǵı xalıq mápine baǵdarlaw múmkin emes edi. Bir jaǵınan A. Dosnazarov sol jıynalısta bilim hám tájiriybe jaǵınan qatarlarınan biraz jetik ekenligin kórsetti. Onı qarsılasları da moyınladı. Degen menen onıń usınday dárejede bolıwı ayrım adamlarda, ásirese qarsılaslarında oǵan degen qızǵanısh hám basqasha kózqarastı payda etpey qoymadı. Bul da jaqsı emes edi...[11]

Allayar Dosnazarov qalay bolmasın bilimin taǵıda tereńletpese bolmaytuǵının túsindi hám usı sheshimnen shıǵıp kelip oqıwın dawam ettiriwdi uyǵardı. Oqıw haqqındaǵı oyı oǵan hesh tınıshlıq bermedi. Sonıń ushın da ol izli-izinen oqıwǵa qaytadan jiberiwdi sorap, arza jaza baslaydı. Shıǵıs miynetkeshleri universitetine barıw ushın qárejet bólip beriwin ótinip, tiyisli orınlarǵa talap qoyadı. Biraq, universitettegi oqıwın dawam etiw ármanı iske aspaydı, sebebi Ámiwdárya wálayatlıq qalalıq atqarıw komiteti qarjınıń joqlıǵınan onıń arzasın qanaatlandıra almaytuǵının bildirip Allayar Dosnazarovqa oqıwın dawam etiwge múmkinshilik jaratıp bere almaydı. Bul sheshim onı qattı qıylandıradı. Báribir ol oqıw haqqındaǵı oyınan hesh qaytpay, úmit penen jasaydı, qolaylı waqıttı kútedi. Sebebi, onıń keleshegi aldında edi, qaraqalpaq xalqına bilimli, oqımıslı kadrlar, qánigeler kerek ekenligi hár adım sayın kórinip turdı. Bunı ol hám basqa da onıń joldasları jaqsı túsinetuǵın edi. Sonlıqtan da ol hesh úmitin úzbedi.

---

[11] Sonda f. 296, op. 1. d. 274, 95-bet

Usı jılları Ámiwdárya wálayatınıń uezdlerinde, bolıslıqlarında, awıllarında qayta saylawlar júrip atır edi. Túrkstan ASSRınıń Ámiwdárya wálayatınıń barlıq jerlerinde saylawlar júrip, qızǵın saylaw isleri baslanǵan waqıtta ol bul saylaw islerine belsene qatnastı. 1923-jıldıń noyabr ayında Ámiwdárya wálayatınıń IX syezdi shaqırıldı, usı syezdge Shımay uezdinen sheshiwshi dawısqa iye bolǵan ol delegat bolıp saylandı[12]. Saylawlar waqtında, Sovetlik Ámiwdárya wálayatınıń IX syezdi jumısında da ol bir shette baqlawshı bolıp qalmay, onıń barlıq jumıslarına, dodalanǵan, dodalanatuǵın máselelerine aralasıp, tartınbastan qatnastı. Sebebi, ol hár bir máselege, hár bir iske aralaspay qarap tura almaytuǵın edi. Syezd jumısında Qaraqalpaqstan úlkesinde ekonomikanıń, sanaattıń, awıl xojalıǵı tarawlarınıń artta qalıp atırǵanın hám ol jóninde keyinge qaldırıp bolmaytuǵın qararlar qabıl etip, keshiktirip bolmaytuǵın ilajlardı iske asırıw kerekligin kóp qatarı taqqa turıp talap qoydı. Elde sanattı, awıl xojalıǵın shirketshilikti hám basqa da tarawlardı rawajlandırmay turıp, xalıqtıń turmısın, usı artta qalǵan úlkeniń ekonomikasın kóteriw múmkin emesligin túsindirdi. Onıń bul intalı hám zárúrli bolǵan máseleler dógeregindegi baslamaların átirapındaǵı jankúyer el azamatları qollap-quwatladı.

1923-jıldıń 19-noyabrinde Túrkstan kompartiyası Ámiwdárya wálayatlıq, qalalıq atqarıwshı byurosınıń májilisi bolıp, onda Pútkil Túrkstan úlkelik sovetleriniń syezdine Qaraqalpaqstannan delegatlar saylaw boyınsha másele qaraldı. Allayar Dosnazarov usı syezdge saylanatuǵın delegatlardıń san hám sapalıǵı boyınsha da óz sózin aytıp, qaytpastan tuwrı pikirlerin bildirdi. Byuro májilisinde syezdge 15 delegat saylaw kerekligi hám

---

[12] Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Oraylıq Mámleketlik arxivi f. 12, op. 3. d. 375, 26-bet

onıń quramına Allayar Dosnazarovtı da kirgiziw jóninde sheshim qabıl etti[13]. Bul, demek Dosnazarovtıń kúnnen kúnge keń jámiyetshilik, xalıq arasında nağız el perzenti ekenligin hám onıń abırayınıń ósip baratırğanın kórsetti. Sebebi, ol saylaw waqtında tolıq dawıs alıp delegat bolıp saylandı.

1924-jıldıń yanvar ayında Tashkent qalasında Pútkil Túrkstan úlkesi Sovetleriniń XII syezdi ashıldı. Allayar Qorazovich Dosnazarov syezddiń jumısına belsene qatnastı. Usı syezd tamam bolğannan keyin Túrkstan ASSRınıń jer isleri boyınsha xalıq komissarı A. Q. Dosnazarov Ámiwdárya wálayatlıq toğay xojalığınıń baslığı etip tayınlandı. Sol waqıtları xalıq xojalığınıń awhalı kútá tómen boldı, eldiń ekonomikasın, sanaatın, awıl xojalığın kóterip, mámleketti bekkemlew wazıypası tur edi. Al, pútkil elde xalıqtı nan menen támiyinlew eń áhmiyetli máselelerdiń biri boldı. Qaraqalpaqstanda sol waqıtları toğayshılıq jaqsı rawajlanğan edi. Tábiyat qaraqalpaq úlkesine toğaydı jaqsı inam etkenlikten ol tayar baylıq bolıp esaplanadı. Ol qurılıs ushın da, shiyki zat ushın da, janılğı, otın ushın da kerekli boldı. Allayar Dosnazarov toğaydı qorğawda hám onnan paydalanıwda kútá aqıllılıq penen is tutıp, xalıq xojalığı ushın jaqsı paydalana bildi. Onıń iskerligi qaysı tarawda islese de kórine berdi.

1924-jıldıń 21-yanvarında V. I. Lenin qaytıs boladı. Usı qayğılı waqıyağa baylanıslı barlıq jerde partiyalıq qadağalaw, baqlaw kúsheyedi. Partiya qatarına ótiw boyınsha shaqırıqlar qabıl etilip, partiyalıq komissiyalar dúziledi. Usı múnásibetke baylanıslı Dosnazarov partiya isine tağı aralasa baslaydı. Ol leninlik shaqırıqtı iske asırıw boyınsha dúzilgen qadağalaw komissiyasınıń ağzası bolıp saylanadı hám usı komissiyanıń ağzası esabında

---

[13] Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti apparatınıń arxivi F 296, op. 1. d. 274, 402-bet

orınlarda partiyalıq tártipti hám partiya jumısların janlandırıw ushın 1924-jıldıń 24-mayında Tórtkúl uezdiniń Shoraxan rayonında barlıq komyacheyka xatkerleriniń keńesi bolıp ótedi. Sol keńestiń qararına muwapıq A. Dosnazarovtı Tórtkúl mámleketlik paxta tazalaw hám teri zavodına jiberedi. Ol jerde Dosnazarov partiyanıń tapsırmasın buljıtpay orınlap úlken isenimge iye boladı. 1924-jıldıń 14-martında Tórtkúl qalasında komyacheykalardıń májilisi bolıp ótti. Onda: «Uezdlik partiya konferenciyasında delegatlar saylaw hám komyacheykalardıń atqarıw byurosı aǵzaların saylaw haqqında»ǵı máseleler qaraldı. A. Dosnazarov islesip atırǵan joldasları arasında úlken abırayǵa iye bolǵanlıǵı sezildi. Sebebi, onı atqarıw byurosınıń aǵzası hám uezdlik partiya konferenciyasına qarsılıq kórsetpesten bir awızdan delegat etip saylap úlken isenim bildirdi[14].

1924-jıldıń 19-21-martında Shoraxan uezdlik qalalıq partiya konferenciyası bolıp ótti. Konferenciyaǵa 34 delegat qatnastı. Dosnazarov konferenciyada shıǵıp sóylep, partiya arasındaǵı tártipti bekkemlew jóninde sóylep, partiya arasında ishki partiyalıq demokratiyanı, kommunistler arasında siyasiy-tárbiyalıq jumıslardı rawajlandırıp kúsheytiw kerekligin ayta kelip, bul islerde wálayatlıq partiya komitetiniń kemshilikleri haqqında ayrıqsha toqtap ótti. Sonday-aq, wálayatlıq partiya komitetiniń adresine basqa da bir qatar kemshiliklerdi tartınbastan hám ashıq túrde ayttı. Ásirese, sanattı, awıl xojalıǵın rawajlandırıwdaǵı, sonıń ishinde jergilikli millet wákilleri arasınan kadrlardıń kútá az tayarlanıp atırǵanlıǵın jan kúydirip ayttı.

Allayar Dosnazarovtıń ómir tariyxın izertler ekenbiz, onıń bayanatların, tayarlaǵan hújjetlerin oqır ekenbiz, onı kórgen, islesken adamlar menen sóyleser ekenbiz —

---

[14] Sonda f. 296, op. 1. d. 454, 6-bet

onıń eń ayrıqsha minezinin biri tazalıǵı, qataŕ tártipligi, talapshańlıǵı principiallılıǵı hám hár bir isti, máseleni qarasa mayda-shúydesine shekem tekserip, analizlep sonnan keyin barıp bir qararǵa keletuǵınlıǵın kóremiz. Usı konferenciyada sóylegen sózinen keyin biraz adamlar onıń kópshilik máseledegi kótergen baslamaların hám kórsetpelerin qollap-quwatladı. Konferenciyada A. Dosnazarov wálayatlıq IV partiya konferenciyasına delegat etip saylandı[15].

1924-jıldıń 31-martında Ámiwdárya IV partiya konferenciyası ashıldı. Konferenciyada wálayatlıq partiya komiteti menen reviziya komissiyasınıń esabı tıńlandı hám ol boyınsha qızǵın dodalawlar boldı. Konferenciyada sonday-aq wálayattıń ekonomikalıq xojalıq jaǵdaylarınıń barısı, onı keleshekte rawajlandırıwdıń jolları, xalıq xojalıǵın tiklew, bekkemlew menen milliy siyasattı ámelge asırıw máseleleri de keńnen dodalanıp, olar boyınsha qızǵın shıǵıp sóylewler boldı. Konferenciyada A. Dosnazarov taǵı da sóz alıp shıǵıp sóyledi... Bir qatar áhmiyetli máseleler dógereginde toqtap ótti[16].

Wálayatlıq partiya komitetiniń xatkeri konferenciyanıń juwmaqlawında sóz sóylep, wálayatlıq partiya komitetiniń, onıń xatkeriniń atına atap kórsetilgen kemshiliklerdi moyınladı[17].

IV. Wálayatlıq partiya konferenciyasında A. Dosnazarov wálayatlıq partiya komitetiniń qadaǵalaw komissiyasınıń baslıǵı bolıp saylandı[18]. Onıń orınbasarı bolıp G. A. Lunin, aǵzaları bolıp D. Atashov, X. Jumaniyazov, N. Kewlimjaevlar saylanǵan[19]. A. Dosnazarov usı jumısta islep kóp tájiriybe arttırdı, ózin

---

[15] Sonda f. 296, op. 1, d. 338. 7-bet
[16] Sonda f. 296, op. 1, d. 399. 9-bet
[17] Sonda f. 296, op. 1, d. 331. 13-bet
[18] Sonda f. 296, op. 1, d. 399. 14-bet
[19] Sonda f. 296, op. 1, d. 456. 4-bet

siyasiy jaqtan oqımıslı, isker hám talapshań, haqıyqatshıl basshı sıpatında kórsetedi. Sonıń menen birge ol milliy máseleler, mámleketlik dúzim, huqıq máselelerinde de óz ústinde islep, oqıp úyrenedi. Qaraqalpaq xalqınıń keleshek táǵdiri haqqında óz joldasları menen kóp sóylesedi. Qaraqalpaq xalqın óz aldına respublika, millet esabında tanıtıwdı qolǵa alıw kerekligin oylasadı hám bul iste biraz háreketler alıp baradı.

## QARAQALPAQ XALQÍN MILLET SÍPATÍNDA BELGILEW JOLÍNDA

1918-jıldıń aprel ayında Túrkstan úlkesi Sovetleriniń V syezdi RSFSRdıń quramına kiretuǵın Túrkstan Avtonomiyalı Sovet Respublikasınıń dúzilgenin daǵazaladı hám «Túrkstan Sovet Respublikası haqqında reje»ni tastıyıqladı. Solay etip Orta Aziya xalıqlarınıń kóbisi usı avtonom respublikaǵa birigip, mámleket qura basladı. Usınday bir waqıya bolıp atırǵan waqıtta qaraqalpaq xalqı ekige bólinip jasap atırǵan edi. Ámiwdáryanıń oń jaǵalıǵında jasap atırǵan qaraqalpaqlar burınǵı Túrkstan general-gubernatorlıǵınıń qaramaǵına qaraǵan bolsa, dáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı qaraqalpaqlar Xiywa xanlıǵınıń qol astında jasadı. Xalıqtı ekige bólip, eki hákimshilik biylikke baǵındırıp qoyıw bul, álbette, Rossiyaday úlken imperiyalıq mámleketlerdiń burınnan kiyatırǵan basqarıw siyasatı bolsa kerek dep oylaymız.

Túrkstan Avtonomiyalı Sovet respublikası dúzilgennen keyin dáryanıń oń jaǵalıǵında qaraqalpaq xalqı óz aldına Ámiwdárya wálayatı bolıp, Túrkstan respublikasınıń qaramaǵında qaldı hám óziniń azda bolsa administrativlik basqarıw huqıqına iye boldı. Bul adım qaraqalpaq xalqınıń keleshekte birigiwine hám mámleketlik dúzimin dúziwge birinshi tiykarlardı saldı. Túrkstan respublikası dúzilgennen keyin Buxara hám Xorezm Sovet

Respublikaları dúzildi. Dáryanıń oń jaǵalıǵındaǵı qaraqalpaqlar Xorezm Sovet Respublikası qaramaǵında taǵı qalıp qoydı. Ulıwma bul isti, yaǵnıy qaraqalpaqlardı biriktiriw, Orta Aziya xalıqların biriktirip milliy administrativlik shegaralar dúziw ol waqıtta qıyın edi. Sebebi, elde ele puqaralıq qarama-qarsılıqlı urıslar dawam etip atır edi. Onnan qala berse ekonomikalıq hám siyasiy jaǵdaylar, qıyınshılıqlar múmkinshilik bermedi. Ásirese, jergilikli xalıqtan oqımıslı, bilimli adamlar jetispedi. Usınday sebepler menen Orta Aziyada milliy shegaralanıw máseleleri biraz keshikken edi. Onnan qala berse, joqarı partiya uyımları arasında milliy máseleler boyınsha kóp tartıslar menen kelispewshilikler boldı. Ol da óz tásirin tiygizbey turmadı.

Qaraqalpaq xalqınıń awhalı da kadrlar máselesinde jaqsı emes edi. Ayırım jetik kadrlar Tashkent, Qazaqstan, Xorezm táreplerde islep júrgen edi.

1924-jıldıń 5-aprelinde RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Siyasiy Byurosı Orta Aziyadaǵı partiya shólkemleriniń Túrkstan úlkesinde milliy shegaralanıwdı júrgiziwdiń máseleleri jónindegi usınısın aldın-ala qarap shıqtı. Keyin, yaǵnıy 1924-jıldıń 12-iyunında RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Siyasiy Byurosı «Orta Aziya respublikaların milliy shegaralaw (Túrkstan, Buxara, Xorezm) máselesin arnawlı túrde» qarap shıǵıp Ózbekstan, Túrkmenstan hám Tájikstan SSR ların dúziw haqqında qarar qabıl etti. Onda qaraqalpaqlar jóninde másele qaralmadı. Álbette, bul óz eliniń patriotı bolǵan Allayar Dosnazarov hám basqa da jankúyerler ushın ańsat bolmadı. Sebebi, usı Orta Aziyadaǵı xalıqlar menen birge jasap, ómir súrip, millet esabında qatarda kiyatırǵan xalıq edi. Endi usınday úlken siyasiy máselede tilge ilinbey qalıwı, álbette, jaqsı emes edi.

Allayar Dosnazarov óziniń Wálayatlıq partiya komitetindegi jańa jumısında iske qattı kirisip ketken edi.

Ol óziniń waqtın, bilimin hám densawlıǵın ayamay isledi. Ol óz eli ushın da janın pidá etip isledi. Sonıń menen birge basqalardı da usınday etip islewge shaqırdı. Ol ásirese usı ózi tuwılıp ósken qaraqalpaq úlkesin ekonomikalıq hám siyasiy jaqtan rawajlandırıwdı, jergilikli milletten kadrlar tayarlawdı, xalıqtıń sana-sezimin ósiriwdi, olardı jańa islerge baǵdarlawdı kóp oylap, onıń ushın ózindey patriot adamlar menen tınbastan jumıslar alıp bardı.

Joqarıdaǵı aytqanımızday, A. Dosnazarov tınbastan jumıs islewine, sonday-aq, ayırım máselelerdiń ózi oylaǵanınday bolmaǵanına baylanıslı biraz sharshaydı hám densawlıǵı tómenleydi. Sol sebepten qızǵın alıp barıp atırǵan jumısın waqıtsha toqtatıwǵa májbúr boladı. Onıń tez arada emleniwi hám dem alıwı kerek boldı. Onıń densawlıǵınıń ádewir tómenlegenin kórip kásiples joldasları dem alıp emleniwdi keńes etti. Al, Ámiwdárya wálayatlıq partiya komitetiniń juwaplı sekretarı T. Nepesovtıń, ulıwma bóliminiń baslıǵı Sidorenkonıń qol qoyıwında vrachlıq-qadaǵalaw komissiyasınıń 1924-jıl, 17-maydaǵı A. Dosnazarovtıń densawlıǵı jónindegi qararına muwapıq Tashkent qalasına barıp eki ay arnawlı em alıw kerekligi haqqında gúwalıq beriledi. Onda ol óz hayalı menen barıw kerekligi kórsetilgen edi. Túrkstan Kommunistlik partiyasınıń Oraylıq Komitetiniń xatkeri óziniń májilisinde Allayar Dosnazarovqa Túrkstan Kommunistlik partiyası Ámiwdárya wálayatlıq komitetiniń kurortlıq qorı esabınan 300 manat materiallıq járdem beriw haqqında sheshim qabıl etedi[20]. Solay etip Allayar Dosnazarov Tashkent qalasına emleniwge ketedi. Ol Tashkent qalasındaǵı sanatoriylardıń birinde emlenedi. Ol jerde biraz dem hám em alıp densawlıǵı jaqsılana baslaydı. Sonıń menen birge Tashkentte de biraz adamlar

---

[20] Arxiv Rossiyskiy Centr xraneniya i izucheniya dokumentov noveyshey istorii (PCX i IDNI) f. 17. op. 16. d. 1184, 36-bet

menen tanısıp, kóp dos arttıradı. Onıń jańa dosları da densawlığınıń jaqsılanıp ketiwi ushın kóp dıqqat awdarıp, járdemler berip turadı. Biraq, Allayar Dosnazarov densawlığı azı-kem jaqsılana baslağannan keyin Orta Aziyada milliy mámleketlik shegaralardı belgilew máselesine aralaspasa bolmaytuğının sezip, sanatoriyda dem alıwdı hám emleniwdi qoyıp Qaraqalpaq xalqın millet esabında óz aldına ayırıp, kishi bolsa da basqa xalıqlar qatarına qosıwğa kirisedi. Tashkent qalasında tiyisli orınlar, qánigeler, partiya hám sovet uyımları basshıları menen sóylesedi. Tiyisli qánigeler hám tiyisli adamlar menen sóylesip, jol-joba alğannan keyin qaraqalpaqlardıń hesh bolmasa avtonomiyalı wálayat bolıwına tolıq múmkinshilik bar ekenligin biledi. Sonlıqtanda ol Qaraqalpaqstandağı doslarına xat hám telegramma jazıp, tiyisli hújjetler, tiyisli materiallar tayarlawğa kirisiwdi hám olardı Tashkentke tez jetkeriwdi soraydı. Al, ózi bolsa jaqın doslarınıń hám bir qatar jankúyer qánigelerdiń járdemi menen kerekli materiallar menen hújjetler toplay baslaydı. Kerekli hújjetlerdi tez arada qısqasha tayarlap A. Dosnazarovqa RKP (b)nıń Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosına «Qaraqalpaq xalqına erkinlik beriw haqqında» bayanlama xat jazadı. Ol tómendegi mazmunnan ibarat edi:

**RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosına Ámiwdárya wálayatı qaraqalpaqları atınan**

## BAYANLAMA

Ámiwdárya wálayatında altı jıl dawamında sovet partiya shólkemi háreket etip tur. Birinshi gezekte men mına nárseni atap ótkim keledi, usı dáwir ishinde Ámiwdárya wálayatınıń qaraqalpaqları arasında mádeniy-ağartıw jumısları kútá tómen, jetkiliksiz dárejede alıp barıldı.

Ámiwdárya wálayatı, ásirese ondağı qaraqalpaq xalqı joqarıda atap ótken jılları óziniń haqıyqıy huqıqına iye bola almadı. Qaraqalpaq milleti Orta Aziya xalıqları arasındağı eń kóp ezilip kelgen millet bolıp jarlılanıp qalğan. Joqarıda aytıp ótken sovet jılları da jergilikli qaraqalpaq milletinen xızmetkerler joq esabında. Túrkstan respublikası usınıń hámmesine usı waqıtqa shekem jeterli dıqqat awdarmay keldi. Usınıń saldarınan Ámiwdárya wálayatı, onıń qaraqalpaq xalqı qońsı xalıqlarğa salıstırğanda burınğı eziliwi hám artta qalıwı menen kiyatır.

Qaraqalpaq xalqı ele paraxatshılıq dáwirinde, yağnıy patsha Rossiyası dáwirinde revolyuciyalıq háreketler islep úlgergen edi. 1916-jılı Shımbay uezdinde xalıq kóterilisi bolıp, onı basqarıwshı pristavlar menen bolıslar jandermeriyalardıń kúshi menen basıp tasladı hám xalıqtı Nikolay patshanıń siyasatın tán alıwğa májbúrledi. Xalıq Nikolay patshanıń bul siyasatına kónbey kóterilis shığarıp Shımbay uezdiniń pristavın óltirdi. Bunıń ózi qaraqalpaq xalqınıń Nikolaydıń siyasatına hám xalıqtı eziwshiligine shıdamağanlıqtan kóteriliske shıqqanlığın bildiredi.

Qaraqalpaq xalqı miynetkesh. Jumısshılardıń kóbisin qaraqalpaqlar quraydı, olar Xorezm hám basqa da jerdegi zavod hám fabrikalarda, kárxanalarda isleydi. Al, baqlap qarasań basqa milletlerdiń wákilleriniń kóbisi sawda jumısı menen shuğıllanadı. Joqarıda aytqanlardı esapqa alıp, Orta Aziya Byurosı Ámiwdárya wálayatı hám ásirese onıń jergilikli qaraqalpaq xalqı arasında tómendegi ilajlardı islewdi soranaman:

— Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatın dúziw zárúr:

— Shımbay uezdinde 9 qaraqalpaq bolıslığın biriktirip, bir sistemadağı xojalıq basqarıwın engiziw kerek.

Ózimniń usı bayanlamamdı tamamlay kele Túrkstan Kommunistlik partiyası Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosınan usı bayanlama tiykarında konkret ilajlar kóriwin sorayman.

Bayanlamanı tamamlaw menen birge onıń sońında qaraqalpaq xalqına natıwrı qarjı bóliw, salıq salıw, jámiyetlik jumıslardı bólistiriw hám haqıyqıy miynetine haqı tólew boyınsha qabıl etilip atırǵan buyrıqlar menen qararlardı hám ondaǵı kemshiliklerdi saplastırıw boyınsha jumıslardı jolǵa salıwdı, tuwrı jol tutıp sheshiwshi ilajlardı kóriwińizdi sorayman. Haqıyqatında qaraqalpaq xalqı zárúrli xojalıq ónimlerin awır miynet etiwdiń arqasında islep, óndirip jetistirdi. 50 kún dawamında awır irrigaciyalıq jumıslar isleydi, kanallardı, salmalardı qazadı, úsh ay dawamında shıǵır aydap suwǵaradı hám basqa da usınday awır jumıslardı basqarıp atırǵanı haqqında, basqarıwdaǵı usınday natıwrı jaqları haqqında sovet vlastı aldına bir neshshe mártebe aytılıp másele etip qoyılǵan edi. Biraq, usı jumısshı diyqan húkimeti dáwirinde de bul talaplardıń dıqqattan shette qala beretuǵınına hayran qalamız.

Sonlıqtan da házirgi kúnde Orta Aziya Respublikalarında milletlerdiń belgilerine qarap milliy aymaqlıq shegaralanıw ótip atırǵan waqıtta qaraqalpaq xalqı basqa xalıqlar qatarında teń huqıqlı dárejede milliy avtonomiyalıq huqıq alıwın hám onıń támiyinleniwin talap etedi.

**Qaraqalpaq xalqınıń wákili**
**Túrkstan Kommunistlik partiyası**
**Ámiwdárya wálayatı komitetiniń**
**Qadaǵalaw Komissiyasınıń baslıǵı:**
**— A. Dosnazarov[21].**

1924-jıldıń 16-avgustında Orta Aziyada milliy mámleketlik shegaralanıwdı ótkeriw boyınsha komissiyanıń májlisi bolıp ótti. Onda A. Dosnazarovtıń RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosına jazǵan «Qaraqalpaq

[21] Sonda f. 62, op. 2. d. 102, 94-95-betler

xalqına erkinlik beriw haqqında» bayanlama xatı dodalandı. Bul májiliste Qaraqalpaq milliy kishi (podkomissiya) komissiyasın dúziw haqqında qarar qabıl etiledi. Usı májiliste qaraqalpaq xalqınıń milliy-mámleketlik shegaralanıwı menen shuǵıllanatuǵın kishi komissiyanıń quramın tańlaw boyınsha úlken tartıslar menen kelispewshilikler júz berdi. Májiliske qatnasqan gewpara adamlar ulıwma bul komissiyanı dúziwge de kelisim bergisi kelmedi. Al, dúziletuǵını haqqında qarar qabıl etilgennen keyin onıń quramı jóninde de tartıslar, kelispewshilikler sıyaqlı máseleler tuwdırıp qıyınlastırıwǵa urınıwshılıqlar boldı. Biraq haqıyqatlıq hám qaraqalpaq xalqınıń A. Dosnazarov basshılıǵındaǵı toparlardıń qattı hám taysalsmastan aytısıp turıp alıwı hám kópshiliktiń quwatlawı menen másele ońına sheshile basladı. Sonda da onıń aǵzaları boyınsha biraz tartıslar boldı. Oǵan ásirese A. Dosnazarovtı hám Q. Saǵdullaevtı, F. Ya. Kalugindi kirgiziwge biraz qarsılıqlar boldı. Májilisti basqarıwshı, Túrkstan kompartiyasınıń xatkeri O. Ya Karklin A. Dosnazarovtı Ámiwdárya wálayatınan, qaraqalpaq xalqınıń atınan komissiya quramına usınǵanda:

— Dosnazarov kim ol? — degen sawal berildi. Sonda ol:

— Joldas A. Dosnazarov Ámiwdárya wálayatınıń wálayatlıq partiya komitetiniń Qadaǵalaw komissiyasınıń baslıǵı — dep juwap berdi. Solay etip A. Dosnazarov komissiya aǵzalıǵına kiritildi. Sonday-aq, Ámiwdárya wálayatı atınan Qazaqstan respublikasınıń Xorezm respublikasındaǵı wákili bolıp islep atırǵan Oraz Irmanovtı, Xorezm xalıq respublikasınan Sagdullaev Kárimberdini hám Sultan Qarı Jumaniyazovtı usınıs etkende jáne: — Q. Sagdullaev kim ol? — dep narazılıq soraw berdi. Sonda májilis basqarıwshısı: — K. Sagdullaev Xorezm Xalıq Respublikasınıń finans ministri — dep juwap berdi. Bolmasa olar aǵzalıqqa saylanıp atırǵanlardıń hámmesin bilip, tanıytuǵın edi. Solay etip Ámiwdárya wálayatınıń

shep tárepinen eki adam, oń tárepinen, yaǵnıy Xorezm tárepinen eki adam komissiyanıń quramına kirgizildi. Xorezm tárepinen kirgiziliwiniń sebebi, Xojeli hám Qońıratlar ol waqıtta Xorezmge qaraytuǵın bolǵan. Sol sebepten Xorezmnen eki wákil qatnasıwı kerek edi. Sonıń menen shegara máselesi taǵı bar. Sonday-aq, komissiyaǵa taǵı bir adam kirgiziliwi usınılǵan. Oǵan Kauchinskiy menen F. Ya. Kalugin atlı joldaslar usınılǵan. Bunda da azǵana tartıs bolıp, dawısqa qoyǵan waqıtta F. Ya. Kaluginniń kandidaturası ótken. Solay etip Túrkstan respublikası kásiplik awqamları komitetiniń baslıǵı F. Ya. Kalugin komissiyanıń aǵzası bolıp saylanadı. Usınday taqılette komissiya dúzilip, onıń quramı bes adamnan ibarat boladı. Olar: Allayar Dosnazarov — Ámiwdárya wálayatı partiya komitetiniń Qadaǵalaw komissiyasınıń baslıǵı; Oraz Irmanov — Qazaqstan respublikasınıń Xorezm respublikasındaǵı wákili; Kárimberdi Sagdullaev — Xorezm Respublikasınıń Finans ministri; Sultan Qarı Jumaniyazov — Xorezm xalıq respublikasınıń Oraylıq Atqarıw Komitetiniń Baslıǵı; F. Ya. Kalugin — Túrkstan Respublikası Kásiplik Awqamları Komitetiniń Baslıǵı[22].

Komissiya aǵzaları A. Dosnazarovtıń basshılıǵında Tashkent qalasında «Sharq» miymanxanasınıń Taras Shevchenko kóshesindegi filialında, keyin ala, Voroncova kóshesiniń №9 jayında qızǵın hám tınımsız jumıs alıp bardı.

1924-jıldıń 17-avgustında Orta Aziya Respublikalarınıń milliy-mámleketlik shegaralanıw boyınsha aymaqlıq komissiyasınıń gezektegi májilisi bolıp ótti. Bul májilistiń jumısına Qaraqalpaq xalqınıń atınan A. Dosnazarov qatnastı. Májiliste shegaralar máselesi qozǵalǵanda A. Dosnazarov shıǵıp sóylep, Qaraqalpaqstannıń shegarası máselesin házirshe ashıq qaldırıp, onı keyinge qaldırıwdı ótinish etti. Sebebi, Xorezm respublikasınıń ózbekler

[22] Sonda f. 17, op. 16. d. 1174, 158-159-betler

jasaytuǵın táreptegi shegaralarında, sonday-aq, Túrkmenstan Respublikasınıń Qaraqalpaqstan menen shegaralas wálayatları arasında tartıslı máselelerdiń bolıwı menen másele sheshilmey atırǵanın ayttı. Qazaqstan menen arasında tartıstıń joq ekenligin málimledi. A. Dosnazarov Qaraqalpaqlardı shegaralardı tolıq anıqlap hám belgilep onıń haqıyqıy shegaraların planlı túrde islep shıǵıp komissiyaǵa usınatuǵını haqqındaǵı usınısı unamlı qabıl etildi hám maqullandı. Solay etip Qaraqalpaq xalqınıń wákiline komissiya menen birlikte shegara máselesin tez kúnde islep usınıw tapsırıldı[23].

1924-jıldıń 19-avgustında Tashkent qalasında F. Ya. Kaluginniń basshılıǵında qaraqalpaqlar máselesi boyınsha shuǵıllanatuǵın komissiyanıń birinshi shólkemlestiriw májilisi bolıp ótti. Bul májilistiń jumısına qaraqalpaq xalqı atınan A. Dosnazarov, Xorezm Respublikası atınan Sultan Qarı Jumaniyazov hám basqalar qatnastı[24]. A. Dosnazarov májilistiń xatkeri bolıp saylandı. Májlistiń jumısına kóp adam qatnastı. Onda A. Dosnazarov óz bayanatı menen shıǵıp sóylep, qaraqalpaq xalqına basqa xalıqlarday óz aldına bólinip aymaqlıq mámleketlik shegaraǵa hám ózin-ózi basqarıwǵa múmkinshilik jaratıp hám huqıq beriwdi talap etti. Bayanatshınıń qızǵın sóylep qoyǵan talapları májilis qatnasıwshılarında hám zaldaǵı qatnasıwshılarda ájayıp qızıǵıwshılıq oyattı. Ol boyınsha kóp sanlı shıǵıp sóylewshiler menen pikir aytıp qollawshılar kóp boldı. Solay etip májiliste A. Dosnazarovtıń bayanatı boyınsha mınaday mazmundaǵı qarar qabıl etildi:

«Ámiwdárya wálayatında qaraqalpaq xalqınıń kópshilik sandı quraytuǵının esapqa ala otırıp, burın Xorezm Respublikasına qaraslı bolıp onıń quramında kelgen Xojeli wálayatın hám Qońırattı kirgizip Qaraqalpaq wálayatın

[23] Sonda f. 62, op. 2. d. 104, 210-bet
[24] Sonda f. 62, op. 2. d. 103, 31-bet

dúziw zárúrli dep tabılsın. Kishi komissiya A. Dosnazarovqa dúziletuǵın Qaraqalpaq Avtonom wálayatınıń aymaqlıq kartasın hám shegarasın belgilep islep shıǵıp tayarlaw tapsırılsın»[25].

Solay etip komissiya A. Dosnazarovtıń basshılıǵında joqarıda tapsırılǵan tapsırmanı orınlawǵa qızǵın kirisip ketedi. Onıń ushın kúni-túni kútá kóp, tınımsız jumıslar islenedi. Sebebi, shegara máseleleri, aymaq hám ondaǵı xalıqlar máselesi, xalıq xojalıǵı, sanaat, óndiristiń basqa túrleri, transport, baylanıs hám basqa da máselelerdi toplap úlken hújjet, yaǵnıy óz aldına avtonom wálayat bolıw ushın onı dálillewshi tıyanaqlı, isenimli, tariyxıy jaqtan dálillengen, arxivlik máteriallar menen tastıyıqlanatuǵın hújjetli faktlar kerek edi. Mine sol jumıslar júdá qısqa waqıttıń ishinde tayarlandı. Negizinde ol qısqa waqıttıń ishinde tayarlanǵan joq edi. Onıń ushın Allayar Dosnazarov hám onıń watanpárwar dosları, qaraqalpaq xalqınıń shın perzentleri, qaraqalpaq xalqınıń ata-babaları ásirler boyı tayarlanǵanın biz túsiniwimiz kerek.

Álbette, jeńis, jaqsı isler, baslamalar bar jerde qarama-qarsılıqlar da bolatuǵını anıq. Sol aytqanday, Tashkent penen Qazaqstanǵa, Moskvaǵa barıp aytısıp, qaraqalpaq xalqın xalıqlar qatarına qosamız dep janın pidá etip júrgen xalıqtıń bir qatar azamatları at shabısıp júrgen waqıtta, eldegi bir qatar hámeldar atqa minerler menen kóre bilmewshi ishi tarlar A. Dosnazarovtıń basshılıǵındaǵı bul iske qarsı shıǵıp, kesent beriwge háreket etti. Ásirese, A. Dosnazarovtıń dógereginde bir qansha shawqımlı máseleler kóteriwge tırıstı. Onı milletshil, keleshekti kóre bilmeytuǵın, milliy-mámleketlik shegaralanıw dáwirinde kishi, az sandaǵı xalıqlardıń erteńgi kelesheginiń qanday bolatuǵının kórip bilmeytuǵın dep kórsete basladı. Bunday nárseler A. Dosnazarovtıń baslaǵan jumısına, ásirese

---

[25] Sonda f. 62, op. 2. d. 103, 31-bet

komissiyanıń jumısına ádewir kesent berdi. Haqıyqatın aytıw kerek, hár qanday adamda, hár qanday basshıda jumısında, minezinde, basqalar menen bolǵan qarım-qatnasında kemshilikler bolatuǵını sózsiz. Sonday-aq, A. Dosnazarovtıń da kóp kemshilikleri bolǵan. Biraq, onıń is-háreketi, tilegi, ármanı durıs edi. Sonıń ushında ol óz xalqınıń jankúyer pidayıları, dosları, tuwısqan qońsılas ózbek, qazaq, túrkmen, qırǵız, rus hám basqa da xalıqlardıń olardıń geypara azamat wákillerinıń járdemi menen baslaǵan isinen qansha qarama-qarsılıqlar qıyınshılıqlar bolsa da qaytpadı hám onı aqırına shekem jetkergenshe toqtamadı. Hátteki Túrkstan Kompartiyası Ámiwdárya wálayatlıq komitetiniń atqarıwshı byurosı óziniń gezektegi májilisinde A. Dosnazarovtıń «házirgi shuǵıllanıp atırǵan isleri» haqqında másele qaraydı hám onıń qaraqalpaqlardıń milliy-mámleketlik shegaralanıwı menen shuǵıllanatuǵın komissiya qatarınan shıǵarıw haqqındaǵı máseleni qoyıp talqılaydı. Solay etip, joqarıǵa qarsılıq bildiredi. Bunnan keyin A. Dosnazarov Ámiwdárya wálayatlıq partiya komitetine bir neshshe xat hám telegrammalar jollap, olay etpewdi, onıń ornına komissiyada onı, yaǵnıy ózin qaldırıwdı soraydı. Biraq, partiya komiteti hám ondaǵı kópshilik hámeldarlar A. Dosnazarov hám bir qatar sol tárepteği adamlardıń ótinishin tıńlamay, ol onday áhmiyetli máseleler menen shuǵıllanıwǵa hám oǵan basshılıq etiwge haqısı joq, Ámiwdárya wálayatı onı óziniń wákili dep sanamaydı dep bildiriwler jasaydı[26].

Túrkstan Kompartiyası Ámiwdárya wálayatı qalalıq komitetiniń sonshelli qarsılıqlarına qaramastan, Orta Aziya Respublikaları xalıqlarınıń milliy-mámleketlik shegaralanıwı menen shuǵıllanıwshı territoriyalıq komissiyası A. Dosnazarovtıń Qaraqalpaq kishi komissiyasınıń quramında qaldırdı. A. Dosnazarovtıń

---

[26] Sonda f. 17, op. 16. d. 1187, 70-71-betler

komissiya quramında qalıwı hám oǵan basshılıqtı dawam etiwi qaraqalpaq xalqınıń baxtı dep aytıwǵa boladı. Bul jerde tuwısqan xalıqlar wákilleriniń doslıq járdemin hám qollap-quwatlawların da atap ótken orınlı bolsa kerek.

Komissiyanıń jumısı biraz júrisip, isler alǵa jıljıǵannan keyin komissiya wákiller jiberip, keleshek qaraqalpaq elinde islenip atırǵan áhmiyetli islerdiń jumısları, onıń abzallıqları hám oǵada kerekligi haqqında úlken jumıslar, úgit-násiyatlar alıp barıwdı shólkemlestiredi. 1924-jıldıń avgust ayında Ámiwdárya wálayatınıń basshı hám jámiyetlik uyımlarınan 30 dan artıq belsendileri úgit-násiyat jumısların bir ay dawamında xalıq arasında tınımsız júrgizedi. Sebebi, xalıqtıń kópshilik bólegi sawatsız edi. Sonıń ushın olarǵa túsindirilip, sanasına sińdiriw lazım boldı. Bunday jumıslar sońǵılıǵında óz nátiyjesin bere basladı. Olardıń jumıs islewi arqasında awıllarda, qalalarda, uezdlerde 20 dan artıq mitingler, konferenciyalar ótkerildi. Bir neshshe násiyatshılar xalıq arasına barıp túsinik jumısların alıp bardı. Usınday kútá úlken shólkemlestiriwshilik jumıslardan keyin qarama-qarsılıqlar azaydı hám xalıq úgit-násiyatshılardıń tárepine ótip, olardıń haq hám keleshekli isin shın ıqlasları menen qollap-quwatladı. Al, A. Dosnazarov óz gezeginde qarap otırmadı. 1924-jıldıń 31-avgustındaǵı «Turkestanskaya pravda» gazetasında usı másele dógereginde maqala járiyaladı[27].

Usınday jumıslar menen birge komissiya bolajaq respublikanıń, al házirshe avtonomiyalı wálayattıń kartasın hám aymaqlıq shegarasın islep shıǵıw jumısı menen shuǵıllandı. Bunda xalıqtıń milliy quramı menen onıń turmısınıń ózgeshelikleri, ekonomikalıq jáne sociallıq máseleleri, hár bir okrug penen volosttıń aymaqları kartaları esapqa alınıwı kerek edi. Usı máselelerdiń derlik hámmesi hár tárepleme komissiya aǵzaları tárepinen

---

[27] Túrkistanskaya pravda, 1924, 31-avgust

úyrenilip shığıp, islendi. Onıń qısqasha joybarı tómendegi varianttan ibarat boldı:

**Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń aymağı hám shegarası**

1. Ulıwma quramı. Joybar boyınsha bolajaq Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayattıń quramına qaraqalpaqlar jasaytuğın mına aymaqlar menen okruglar kiredi:

a) Túrkstan ASSR ınıń házirgi quramında turğan Ámıwdárya wálayatınıń aymağınıń xalqı menen hámmesi;

b) Xorezm xalıq respublikasınıń házirgi quramında turğan Xojeli wálayatınıń aymağı menen hámmesi kiredi.

Avtonomiyalı wálayat tórt okrugtan ibarat boladı: 1. Shımbay; 2. Shoraxan; 3. Xojeli; 4. Qońırat.

**Bolajaq Avtonomiyalı wálayattıń milliy quramı**

| № tártip-leri | okruglardıń atamaları | eki jınıstağı jan sanı | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | hámmesi | qaraqal-paqlar | qırğız-lar | basqada millet |
| 1 | Shımbay okrugi | 81 096<br>100% | 58 604<br>71,7% | 15 751<br>193% | 7 341<br>9% |
| 2 | Shoraxan okrugi | 90 735<br>100% | 8 103<br>9% | 23 317<br>25% | 59 256<br>63,3% |
| 3 | Xojeli okrugi | 111 000<br>100% | 81 100<br>72% | 20 000<br>25% | 10 000<br>10% |
| 4 | Qońırat okrugi | 80 988<br>100% | 59 500<br>79,5% | 21 408<br>26,5% | —<br>— |
| 5 | Hámmesi | 366 420<br>100 | 207 267<br>57% | 80 556<br>23% | 76 597<br>20% |

Eskertiw: Shımbay hám Shoraxan okrugleri boyınsha keltirilgen mağlıwmatlar 1920-jılı júrgizilgen statistikalıq esap tiykarında alındı. Al, ol Oraylıq Statistikalıq

Basqarmasınıń 11 shıǵarǵan maǵlıwmatında bar. Xorezm respublikasınıń quramında bolǵan Xojeli menen Qońırat boyınsha ol waqıtta statistikalıq esap júrgizilmedi. Sebebi, ol waqıtta ol tárepte óz ara urıs-qaǵıs bolıp atır edi. Sonıń ushın da bul okrugler boyınsha alınǵan maǵlıwmatlarǵa hám shamalawlarǵa súyenip alındı[28].

II. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń shegaraları tómendegishe bólinip alındı:

1. Arqa tárepinen — Aral teńizi, oǵan Moynaq atawı hám Aq-Qala yarım atawları kiredi, teńizdiń, yaǵnıy suw boyınsha shegaralar shama menen belgilenedi oǵan, yaǵnıy Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı shegarası Tallıq qoltıǵın óz ishine alıp, Aq-Qala yarım atawınan 40 shaqırım arqaraqtan ótip baradı hám usı baǵdar menen Qazalı uezdiniń teńizge kelip tirelgen shegarasına shekem sozılıp ketedi. Sonnan Qazalı uezdiniń shegaraların boylap ótip, keyin Aq-meshit uezdiniń shegaraları boyınsha boylap barıp, Ámiwdárya wálayatınıń Shımbay uezdine qaraslı Dáwqara qumlıqların óz ishine alıp, Sırdárya wálayatınıń Shımkent hám Aq-Meshit uezdleriniń shegaralarına barıp tireledi.

2. Shıǵısta — sxematikalıq kartada kórsetilgenindey-aq, Jizzaq dalaları menen shegaralasıp, Samarqand uezdiniń shegaraları menen tutasadı.

3. Túslikte — Buxara soramaǵındaǵı jerler menen shegaralasıp, Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatına Tamdı rayonın tolıq qosıp alıp, Arslan-Taw boyınsha boylap Buxara hám Xorezmniń shegaralarınıń kesisken jeri Úsh-Oshaq jaylasqan Ámiwdáryaǵa kelip tireledi.

4. Keyin ala arqa-batısqa baǵdar alıp, shegara Ámiwdáryanı boylap hám jaǵalap oń jaǵında Qaraqalpaqstanǵa tiyisli jerlerdi óz ishine alıp, shep jaǵında Xorezm respublikasınıń jerlerin boylap kete beredi. Sonnan

---

[28] APXX i IDNI f. 62, op. 2. d. 103, 33-bet

Ámiwdáryanı jaǵalap barıp, Xorezm respublikasınıń Nókis bekinisinen 60 shaqırım joqarıda jaylasqan Qıpshaq rayonına shekem dawam etedi. Keyin ala usı tusta shegara Ámiwdáryanı kesip ótip, Xorezm respublikası tárepke burıladı, sol baǵdar menen dawam etip, qaraqalpaqlar kópshilikti quraytuǵın hám eki bolıslıqtan ibarat Qıpshaq rayonın óz ishine alıp, onı Xorezm respublikasınan bólip alıp, shegaranı arı qaray dawam etedi[29].

5. Kalinin hám Qıpshaq rayonı sonnan sozılıp Góne-Úrgenishten baslap Miskin-Ataǵa shekem baradı. Qıpshaq rayonınan baslap arqa-batısqa qaray burılıp, oń tárepte Xorezm respublikasınan Xojeli wálayatın óz ishine alıp, onıń shegaraların kesip ótip, Miskin-Ata mákanların qamtıp alıp, Miskin-Atadan ońǵa arqaǵa burılıp, Qońırattı arqa-batıstan boylap ótip, qubla-batıstan arqaǵa qaray sozılıp, Toqpaq-Ata mákanların óz ishine alıp, Moynaq atawınıń arqasındaǵı Aral teńizine barıp tireledi.

Usı karta boyınsha bayanlanǵan Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń shegarası óz ishine Aral teńiziniń Aq-Qala hám Nikolay atawlarınıń yarım jolı boyınsha teńizdi óz ishine alıp, Ámiwdárya wálayatınıń 15 bolıslıǵın tolıq óz aymaǵına kirgizip, Dáwqara hám Tamdı rayonların, Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵında Xorezm respublikasınan Qıpshaq rayonın, eki bolıslıǵı menen Miskin-Ata rayonın qosa Xojeli wálayatın, Toqpaq-Ata mákanlıqları menen Qońırat rayonların alıw menen belgilenedi[30].

## III Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń hákimshilik bóliniwi hám ekonomikalıq-sociallıq, óndirislik, mádeniy-turmıs jaǵdayları tómendegilerden ibarat:

Qaraqalpaqstannıń orayın Shımbay qalasına kóshiriwge tuwra keledi. Sebebi, Shımbay qalası barlıq tárepten

[29] Sonda f. 62, op. 2. d. 103, 36-bet
[30] Sonda f. 62, op. 2. d. 103, 37-bet

oray bolıp sanaladı hám onnan barlıq rayonlarǵa jol baylanısları bar.

**Rayon yaǵnıy okruglardıń orayları hám olarǵa kiretuǵın bolıslıqlar haqqında:**

1. Tórtkúl rayonı, yaǵnıy okrugi Tórtkúl qalası boladı. Bul okrugke Shoraxan, Shabbaz, Sarı-Biy, Biybazar, Tórtkúl bolıslıqları qaraydı.

Tamdı rayonına — Tamdı, Mıńbulaq, Jaman-Dárya bolıslıqları qaraydı. Orayı Tamdı boladı.

Tórtkúl okrugindegi bes bolıslıqta qaraqalpaqlar basımıraq orındı tutadı hám bul bolıslıqtaǵı turıwshı xalıqlar tiykarınan diyqanshılıq penen shuǵıllanadı, paxtashılıq ta jaman emes, paxtanı qayta islew óndirisinde rawajlanıwǵa tolıq múmkinshilik bar. Baǵshılıq ta jaqsı rawajlanǵan.

Tamdı rayonınıń dalalarında sharwashılıq rawajlanǵan. Onda sanaatlıq mal-sharwashılıǵı kóbirek orındı tutadı. Xalqı tiykarınan qaraqalpaqlardan ibarat, arasında aralasıp ayrım jerlerinde qırǵızlar da jasaydı.

Bul rayonda fabrika hám zavod tarawı tómen rawajlanǵan, Rayonnıń otırıqshı xalqı kóbinese Tórtkúl menen baylanıs jasap kún keshiredi. Sebebi, Tórtkúlde sawda-satıq etiw jaqsı rawajlanǵan, olar ózleriniń sharwashılıq ónimlerin tutınıw zatlarına, azıq-awqatqa, kiyim-kenshekke awmastırıwı múmkin.

II. Shımbay okrugine — Shımbay, Dawqara, Kegeyli, Kókózek, Qońırat, Náwpir, Tamdı Jańabazar bolıslıqları qaraydı. Bul okrugte tiykarınan qaraqalpaqlar jasaydı. Tiykarǵı kásibi diyqanshılıq penen sharwashılıq. Kóbirek biyday ónimleri diyqanshılıqta tiykarǵı orındı tutadı. Revolyuciyaǵa shekemgi dáwirde paxtashılıq jaqsı rawajlana baslaǵan, biraq revolyuciyanıń baslanıwı menen ol tómenlegen. Házirgi waqıtta paxtashılıq tiklenip, rawaj

alıp atır. Jońıshqashılıqtı rawajlandırıwǵa ayrıqsha kewil bólingen. Onıń tuqımı burın sırt elge kóp muǵdarda satılıp turǵan. Dáwqara hám basqa da bolıslıqlarda da tiykarınan diyqanshılıq hám sharwashılıq penen shuǵıllanıladı. Okrugtiń orayı Shımbay qalası boladı. Sebebi, qalada úlken, sawda-satıq rawajlanǵan bazar bar. Xalıqtıń kóbisi usı bazar arqalı baylanıs jasap, alıs-beris etedi.

III. Qońırat okrugine — Qońırat Toqpaq-Ata, Moynaq, Qızıl-jar, Xan-Jap bolıslıqları qaraydı. Ulıwma onıń quramında on bolıslıq bar. Orayı Qońırat qalası boladı. Qońırat qalası úlken bazarı menen barlıq bolıslıqlardı biriktirwshi qala bolıp esaplanadı. Xalqı tiykarınan qaraqalpaqlardan ibarat, arasında evropalıqlar da jasaydı. Bul okrugte diyqanshılıq tómen rawajlanǵan. Kóbinese xalıq sharwashılıq penen balıqshılıqtı baslı baǵdar etip alǵan.

IV. Xojeli okrugine — Xojeli Miskin-Ata, Lawzan, Qıpshaq, Qara-Tereń, Xoja-Jarmısh rayonları kiredi. Bul okrugtegi hár bir rayon úsh bolıslıqtan quralǵan, solay etip barlıǵı bolıp 15 bolıslıqtan ibarat. Xalqı tiykarınan qaraqalpaqlardan ibarat. Tiykarınan diyqanshılıq penen shuǵıllanadı. Onıń kópshilik bólegin paxtashılıq iyeleydi.

Xojeli okruginiń rayonları Xojeli qalasınıń átirapına jaqın hám onıń menen, bazarı menen tıǵız baylanıs jasap jumıs alıp baradı. Sonıń menen birge Xojeli okrugi Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵındaǵı birden-bir sawda orayı bolıp esaplanadı. Sonıń ushın da qala rayon xalıqların kúndelikli turmıslıq zatlar, buyımlar, azıq-awqatlıq zatlar hám basqa da kerek-jaraqlar menen tolıq támiyinley aladı. Qalada paxtanı qayta islewshi zavodı, teri zavodı, jipekti qayta islewshi ustaxanası, jońıshqa ónimin tayarlawshı hám awıl xojalıq ónimlerin qayta islep tayarlawshı zavodları da bar. Sonday-aq, Qırǵız respublikası menen tıǵız sawda-satıq baylanısta turadı.

Atı atalǵan okruglardıń hámmesi Shımbay okrugi hám qalası menen, onıń bazarı menen óz ara tıǵız baylanısıp turadı[31].

**Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın shólkemlestiriw boyınsha komissiyanıń aǵzası Ámiwdárya wálayatlıq partiya komitetiniń Qadaǵalaw Komissiyasınıń Baslıǵı:**

**A. DOSNAZAROV[31]**

1924-jıldıń 6-sentyabri kúni Orta Aziya xalıqların milliy-mámleketlik shegaralap bóliw boyınsha aymaqlıq komissiyanıń májilisi bolıp ótti. Onı komissiyanıń baslıǵı, RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosınıń xatkeri Isak Abramovich Zelenskiy alıp bardı. Zelenskiydiń basshılıǵındaǵı bul májilis azanǵı 10 da baslandı. Májiliste tiykarınan úsh másele qaraldı. Biraq, tiykarǵı hám tartıslı, dawlı másele bolıp A. Dosnazarovtıń basshılıǵında tayarlanǵan Qaraqalpaqlarǵa avtonomiya beriw máselesi edi. Bul júdá tartıslı bolıw menen birge májiliske qoyılǵan máselelerdiń ishindegi eń tiykarǵısı bolıp sanaladı. Májiliske 40 tan aslam adam qatnastı hám olardıń kópshiligi bir neshshe mártebe shıǵıp sóyledi. A. Q. Dosnazarovtıń ózi spravka, túsinik hám qosımshalar beriwlerin esaplamaǵanda tórt mártebe tribunaǵa shıǵıp sóylep, tayarlaǵan máselesi boyınsha taq turıp hám qaytpastan jaqlap shıǵıwǵa eristi. Qaraqalpaq máselesi boyınsha dúzilgen komissiya usı májiliste awızbirshilik hám shıdamlılıq penen jumıs alıp bardı. Hár qanday kemsitiwlerge, tájiriybeli basshılardıń hár qıylı jol taslap

---

[31] Sonda f. 62, op. 2. d. 103, 39-bet

ayaqtan shalmaqshı bolǵan tásillerine shıdadı hám ashıwlanbastan, kewilge tiymesten alǵa qoyılǵan máseleni hár tárepleme dálillep berip sheshiwge eristi. Qaraqalpaq máselesi boyınsha dúzilgen komissiya aǵzalarınıń waqtı az boldı, kóp arxivlik materiallardı, hújjetlerdi, ekonomikalıq hám sociallıq máselelerdi keń qamtıy almadı. Xorezm, Qazaqstan hám Ózbekstan, Rossiya aymaqlarında jasap atırǵan qaraqalpaq milletindegi xalıqlar menen hám olardıń tariyxı menen tanısıp, jumıs alıp bara almadı. Hátteki komissiya aǵzaları keń kólemde Ámiwdárya tómeninde jaylasqan óz xalqı arasında da jeterli jumıs alıp bara almadı. Onnan qala berse bul máselede olardıń tájiriybesi, is usılı, jeterli dálilli mısalları az hám tómen tayarlanǵanlıǵı sebepli kópshilik tartıslı máseleler qozǵalǵanda, sonday qıyın payıtta basqasha jol tawıp shıqqanlıǵın kórip biz olarǵa hayran qalamız. Sebebi, hár bir xalıq, hár bir millet óz aymaǵınıń, xalqınıń, shegarasınıń keń bolǵanın qáleydi. Onıń ushın hesh kimge giná taǵıwǵa bolmaydı. Al, biz negizinde onı basqasha túsinemiz yamasa qarsı turǵanlardı «milletshil, basqınshı, bizdi kemsitti» degen sóz hám túsinikler menen ayıp taǵamız. Al, haqıyqıy diplomatiyalıq, siyasiy, ekonomikalıq tayarlıǵımızdıń, sawatlılıǵımızdıń, tájiriybemizdiń tómen ekenligin bilmeymiz. Sonıń ushın da qaraqalpaq xalqı kóp jerlerde biraz utılısqa duwshar bolıp kiyatır. Biz, joqarıda sóz etken májilistiń protokolınıń stenografiyalıq esabın oqıp, tanısıp qarasaq jańaǵı aytqan pikirimizdiń gúwası bolamız. Ol jerde qaraqalpaq xalqınıń delegaciyasına qaytama ózbek xalqınıń, qazaq, tatar, túrkmen hám rus xalıqlarınıń kópshilik wákilleriniń qollap-quwatlap járdem bergenligin ayqın kórip quwandıq. Al, negizinde komissiyanıń tayarlaǵan joybarı menen tanısıp qarasań haqıyqattan da hár tárepleme tómen ekenin sezeseń. Biraq, sol waqıtta sol qısqa waqıttıń ishinde sol materiallardıń, hújjetlerdiń

tayarlanılıp, komissiyaǵa usınılıp hám dálillenip berilgenine tásiyin aytasań. Haqıyqatın aytqanda, sol májilistiń protokolı menen tanısıp otırıp, qaraqalpaq máselesi menen shuǵıllanǵan komissiyanıń aǵzalarında da, qaraqalpaq xalqınıń delegaciya aǵzalarına da, aymaqlıq komissiyanıń aǵzalarına da raxmet aytıp, minnetdar bolasań. Sebebi, olardıń tayarlaǵan materiallardan hár qıylı kemshilik tawıp qaytarıwı da múmkin edi. Biraq, qaraqalpaq xalqınıń táǵdirin, A. Dosnazarov basshılıǵındaǵı komissiya aǵzalarınıń taban tirep turıwların esapqa alıp hám olardı túsinip, komissiyanıń aǵzaları biraz máselelerde A. Dosnazarov tárepin jaqlaydı. Tek Shoraxan uezdi máselesinde ǵana dáslep bir kelisimge kele almaydı. Sonda qaraqalpaq máselesi menen shuǵıllanıwshı azamatlardıń Shoraxannıń, Tórtkúl aymaǵınıń, Tórtkúl qalasınıń patsha Rossiyası waqtında da, Xiywa xanlıǵı waqtında da qaraqalpaqlardıń jeri, qaraqalpaq xalqına tiyisli aymaq ekenligin, Tórtkúldiń burın qaraqalpaq wálayatınıń, yaǵnıy Ámiwdárya wálayatınıń bas qalası bolıp kelgenligin, patsha Rossiyasınıń gubernatorı qaraqalpaqlardı sol jerden turıp basqarǵanın dálillep aytıp bere almay kóp qıynalǵanın kóremiz. Komissiyanıń hújjetlerinde Samarqand, Ferǵana, Surxandárya, Qashqadárya átirapındaǵı, Jizzaq dalalarındaǵı, Tashkent átirapındaǵı qaraqalpaqlar haqqında hesh nárse kóre almaymız. Sonday-aq qaraqalpaqlar arasındaǵı ózbekler haqqında, olardıń táǵdiri haqqında sóz hám tartıs bolǵanda komissiya aǵzaları usı atı atalǵan aymaqlardaǵı qaraqalpaqlardıń táǵdiri, olardıń kimge qosılıw kerekligi haqqında birer awız sóz aytıp másele qoya almaǵanın kóremiz. Usınday máselelerdi orınlı etip qoya almaǵanın, Shoraxan máselesinde de durıslı jol tawıp dálillewlerde qıynalǵanın kórip tájiriybeliliktiń, ásirese diplomatiyalıq tájiriybeniń, diplomatiyalıq jol menen óz ara milletler arasında,

milletler wákilleri, respublika basshıları arasında sóylesiwlerdiń, kelisimlerdiń durıslı bolmaǵanın stenografiyalıq esaptıń protokolın oqıp otırıp jaqsı seziwge boladı. Patriotlıqtıń, jan kúydiriwdiń, taban tirep júriwdiń bunday máselelerde jetkiliksizligin olar jaqsılap túsinbegen bolıwı kerek dep oylaymız. Biraq, baslaǵan isi, tutqan jolı haq, durıs, kewli, júreginiń hámiri dúziw adamlar ekenligi kórinip tur. Olardıń usı ájayıp qásiyetleri olarǵa qolqanat bolǵan.

Endi usı jerde Orta Aziyanı milliy-mámleketlik shegaralaw boyınsha aymaq komissiyasınıń qaraqalpaqlarǵa avtonomiya beriw boyınsha shuǵıllanıp atırǵan komissiyanıń tayarlaǵan hújjetlerin dodalaǵan májilistiń esabın, yaǵnıy protokolı kóshirmesin sizlerdiń dıqqatıńızǵa tariyxıy hújjet esabında tolıǵı menen usınbaqshımız.

**(Stenografistka Zemenko).**

**«Orta Aziyanı milliy-mámleketlik shegaralaw boyınsha aymaqlıq komissiyanıń májilisiniń stenografiyalıq esabı 1924-jıldıń 6-sentyabri. Azanǵı saat 10.**

Baslıǵı: joldas Zelenskiy

**Baslıq:** Búgingi bizdegi kún tártibindegi máseleler tómendegilerden ibarat:

1. Qaraqalpaq joybarı.
2. Komissiyanıń qararına muwapıq milliy ózgesheligine baylanıslı úsh bolıslıqta milliy shegaralardı belgilew haqqında; onnan keyin:
3. Tájiklerdiń máselesi boyınsha, egerde kimde eskertiw yamasa qosımsha bolsa? (Bar?).

S. Xojanov — Men kún tártibindegi ekinshi máseleni alıp taslawdı usınaman. Sebebi, ótken Plenumnıń qararı boyınsha Qırǵız (qazaq) hám ózbek joldaslarǵa bul másele boyınsha óz ara kelisip alǵannan keyin juwmaǵın usınıw usınıs etilgen edi. Biraq, óz ara kelisiw haqqındaǵı háreketler bolmay qaldı, sonıń ushın ózbek joldaslardıń

usınısı boyınsha ol keyinge qaldırıldı, sebebi, olar materiallar menen tanıspaqshı.

**R. Islamov:** — Bizler tanısıwǵa úlgere almadıq sebebi, onı tap búgin aldıq.

**Baslıq:** — Qaraqalpaqlardıń joybarı hámmege tarqatılǵan ba?

**R. Islamov:** — Bizler tanısıp úlgere almadıq sebebi, onı tap búgin aldıq.

**Mazudre:** — Búgin.

**Baslıq:** — Házir usı jerde joybardı tıńlap alayıq. Sóz joldas Dosnazarovqa. (Dosnazarovtıń ornına Kalugin shıǵıp sóyledi):

— Men mına nárseni eskertip ótpekshimen. Komissiya tolıq quramında jıynala almadı, sebebi, Ámiwdáryadan bir qatar joldaslar jetip kele almadı hám sol sebepli bizler úshewimiz isledik hám qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatın 4 okrugtan ibarat etip joybarlastırdıq, Xorezm respublikasınan bólip alǵanlardı qosa esaplaǵanda xalqınıń ulıwma sanı 364.420 jandı quraydı. Bul kórsetkish júdá anıq emes bolıwı múmkin, sebebi, Xorezm respublikasında anıq statistikalıq maǵlıwmat joq, sonıń ushın biz ortasha hár bir xojalıqqa 5 adamnan esaplap aldıq, usı tártipte esaplap shıǵardıq, solay etip qaraqalpaq ..., qırǵızlar 80,556 al basqa milletler ..., Demek, shama menen qaraqalpaq 57, qırǵızlar (qazaqlar) 27, al basqa milletler 20 procentti quradı.

Ózbek joldaslar menen azǵana kelispewshilik boldı, ol da bolsa Tórtkúldiń átirapındaǵı úsh bolıslıq boyınsha edi, olar qaraqalpaq wálayatınıń ishinde jaylasqan, sonlıqtan da olardı qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń quramına joybarda kirgizdik, sebebi, Ámiwdárya arqalı ótip, olardı basqarıw múmkin emes hám taǵı qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń — aymaǵınıń ishine kirip jaylasqannan keyin qaraqalpaqlarǵa ol jerden ótip basqarıwǵa kesent beredi, qıyınshılıq tuwdıradı, sonlıqtan

da olardı qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń quramına kirgizdik.

Joqarıda aytqanımızday-aq, ulıwma wálayat 4 okrugqa bólingen 1) Xojeli — házirgi Xorrespublikası; 2) Shımbay wálayatınıń hámmesi; 3) Shoraxan wálayatı hám 4) Qońırat okrugi. Mine, usınday etip joybarlastırdıq (tiyisli rayonlardı kartadan kórsete basladı). Mine mına jerlerde Shımbay, Xojeli rayonları, Ámiwdáryanıń arǵı tárepinde okrug hám bárshe qumlıqları menen Shoraxan okrugi jaylasqan hám eń sońǵı tórtinshi — Qońırat okrugi. Wálayattıń orayın hámmesiniń ortasında jaylasqan Shımbaydı belgilew móljelge alınıp otır.

Joybarda barlıq bolıslıqlar, okruglar boyınsha xalqınıń jan sanı hám basqaları hámmesi menen anıq kórsetilgen.

Mine, meniń aytpaqshı bolǵanlarım usılardan ibarat: al hákimshilik, basqarıw uyımları qalay hám qáytip dúziledi, qalay basqarıladı, ekonomikası nelerdiń bazasında, nelerdiń tiykarında dúziledi, olardıń hámmesi joybarda kórsetilip, aytılǵan. Egerde kimde qanday sawal bolatuǵın bolsa, márhamat berińler, men juwap beremen.

**Baslıq:** — Jol. Dosnazarov, múmkin siz qosımsha etersiz?

(A. Dosnazarovtıń sózi awdarma islenedi). Joldas Dosnazarov qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń orayı etip ne ushın Shımbay qalası tańlap alınǵanı haqqında túsinik berdi, onıń aytıwı boyınsha Shımbay hámmesiniń ortasında jaylasqan hám xalıq tıǵız jaylasqan.

**I. M. Vareykis:** — Ol jaqqa júrip ótiwge bola ma?

**Sóz sóylewshi:** — Jol máselesi me? Kólik penen barıp atır. — Bunnan keyin ol mınalarǵa toqtadı. — Shımbay rayonı arqada Qazalı uezdi menen baylanısqan, olar burınnan qatnasıq jasaydı, al Aral teńiziniń yarımına shamalası Qazalıǵa qarasa, yarımı Shımbayǵa qaraydı, jáne taǵı eki ortadaǵı joldan tısqarı ondaǵı temir jol Rossiya Federaciyasınıń oraylıq qalaları menen baylanısqan.

Qońırat okrugi Shımbay okruginen batısıraqta jaylasqan hám ol Túrkmenstannıń wálayatları menen shegaralas. Dosnazarov sonday-aq, bul okrug te pútkilley qaraqalpaq milleti wákillerinen ibarat ekenligin túsindirdi.

Kelesi okrug — Xojeli.

Qońırat hám Xojeli okrugleri házirgi Xorezm respublikasınıń qaraqalpaq bóleginde jaylasqan. Onnan keyin ol ekonomikalıq jaǵdaylarǵa, xalıqtıń mayda ónermentshilikler menen shuǵıllanatuǵını haqqında túsinik berdi.

— Endi túrkmenler menen shegara haqqında. Mına jerde shegara mınaday jerlerden ótedi...hám mına jerlerden... hám Xorezmniń mına bólingen maydanlarınan boylap házirgi Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatınıń shegaralarınan ótedi.«Shanxortan» salması qaslarınan azǵana ózgeris kirgiziw kerek bolıp tur. Usı jerde úsh bolıslıq bar, olar házirge shekem Qaraqalpaqqa da, Xorezmge de kirmey, Ózbekler aymaǵında qalıp qoydı, biraq olar bólinip alınıwı kerek, nege deseńiz olarda tiykarınan pútkilley qaraqalpaqlar jasaydı, sonıń ushında ol bolıslıqlardı Qaraqalpaqlar avtonomiyalı wálayatınıń qaramaǵına ótkeriw tiyis.

Endi atı atalıp ótilgen rayonlardıń milliy quramına keletuǵın bolsaq, onda bul jóninde mınalardı aytıwǵa boladı: úsh okrugta qaraqalpaqlar ádewir artıqmash orındı tutadı; qırǵızlar da bar (qazaqlar názerde tutılǵan), biraq olar hámme tárepinen qaraqalpaqlarǵa jaqın keledi, sonıń ushın da olardı bólip alıp qarawdıń zárúrligi joq dep oylayman.

Ózbekler máselesine keletuǵın bolsaq, qalalıq mákanlarda jerlerdiń birazında ushırasadı, biraq olar qalalarda sawda-satıq penen shuǵıllanıw ushın mákan basqan, sonıń ushın olardı da bólip alıp qarap, milliy shegaralanıwǵa baylanıstırıwdıń keregi joq.

Bunnan keyingisi, tórtinshisi Shoraxan okrugi, —

bul tiykarınan Ámiwdárya wálayatınıń burınnan kiyatırǵan bir bólegi.

Bul jerde aytıw kerek, haqıyqatında da ayrım bolıslıqta ózbekler bir qansha basımıraq orındı tutadı, mısalı bolıslıqlardan... ózbeklerdiń kópshilikti tutatuǵını kórinedi, sol sebepten bolsa kerek joldas Sultan-Qarı usı másele jóninde sóylesiw bolǵanda olardıń Ózbekstan Respublikasınıń quramında qalıwı haqqında taban tirep turıp aldı. Negizinde bul nadurıs, sebebi, ol bolıslıqlar Ámiwdáryanıń oń tárepinde jaylasqan, Qaraqalpaq wálayatınıń tap orayında jaylasqan, jáne taǵı haqıyqıy shegara Ámiwdárya bolıp qaladı, sonlıqtan onı bólip alıw aqılǵa hesh uǵras kelmeydi. Sonıń ushında ol bolıslıqlardı Qaraqalpaqlarǵa qosıw kerek hám taǵı qaraqalpaqlar komissiyası Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı aymaǵına Shoraxan uchastkasınıń hámmesin pútkilley kirgiziw haqqında sheshim qabıl etip, talap qoyıw haqqında qarar qabıl etti. Solay etip, keleshek Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı 4 okrugtan quralatuǵın boladı. Onıń xalqı tiykarınan qaraqalpaqlardıń basım bolıwınan ibarat, yaǵnıy joqarıda aytıp ótkenindey 57 procentti quraydı, oǵan jáne taǵı qara-qırǵızlardı qossa 80 procent boladı. Bunnan keyin ol birqansha úgit-násiyatlıq ruwxta sóyledi hám sóziniń sońında ol, qaraqalpaqlardıń ezilip belgisiz bolıp kiyatırǵanı hám usınday dáwirdiń arqasında tuwısqan xalıqlar bir qatarda óz huqıqına, mámleketlik uyımına, shegarasına iye bolıp qatarǵa qosılǵanına minnetdar ekenligin hám hámmege bunıń ushın alǵıslar aytatuǵının bildirdi h. t. b.

**D. I. Manjara:** — Kaluginge soraw: Ne ushın siz hár bir xojalıq basına 5 adamnan alıp jan esabın shıǵardıńız, al ne ushın 4 yamasa 6 adamnan almadıńız?

**F. Ya. Kalugin:** — Ápiwayı jol bolǵanı ushın 5 ti aldıq, TES te de 5 sanı tiykar etip qabıl etken.

**S. Xojanov:** — ol burınnan kiyatırǵan qaǵıyda, áyyemgi

dáwirde xalıqtıń sanın anıqlaw ushın usınday sandı qollanǵan.

**Soraw:** — Qaraqalpaq wálayatı qaysı respublikanıń quramına kiredi? Onnan keyin Dosnazarov «basqaları» 60.000 ǵa shamalas dep ayttı. Kim olar?

**Juwap:** — Ózbekler, evropalılar h. t. b.

**R. Islamov;** — Birinshiden, qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń shegaraları haqqında biziń pikirimizdi aytpaqshıman, onıń shegaraları qanday bolıwı kerek, joybar menen waqtında tanıspasaqta ol jóninde ózimizdiń oy-pikirimiz bar.

Qaraqalpaqlar Ámiwdáryanıń jaǵalarında, Xorezmde jasaydı hám ol jerlerde júdá tıǵız jaylasıp jasaydı. Eger biz haqıyqatın aytatuǵın bolsaq, (kartadan kórsetedi) Xojeli hám Qońırat rayonları, mına jerde Shımbay tolıǵı menen Qaraqalpaqlarǵa ótedi. Nege deseńiz, ol jerlerde qaraqalpaqlar basım kópshilikti tutadı, bul jóninde qarama-qarsılıq bolıwı múmkin emes. Ózbekler bul rayonlarda 9-10 procentti quraydı hám taǵı olar tiykarınan qalalarda jasaydı, bul jóninde dawlasıwdıń keregi joq. Al, Tórtkúl okrugine keletuǵın bolsaq, Kaluginniń aytıwına qaraǵanda basqarıwda qıyınshılıq bolmawı ushın Shoraxan okrugin tolıǵı menen Qaraqalpaqlarǵa ótkeriw kerek deydi. Bul nadurıs.

Mine sizge Shoraxan okrugi — Buxara menen shegaralas tárepinde de, Xorezm menen shegaralas tárepinde de shegaranı kesip ótetuǵın qıyınshılıq joq (birew ornınan turıp: —Ámiwdárya ne? — dep soradı). Ol sebep emes, házirgi waqıtta ol qıyın másele emes. Shoraxan okruginde xalıqtıń sanı 90.000 yamasa 9 procenti qaraqalpaqlar, siziń maǵlıwmat boyınsha ol jerde 25 procenti qırǵızlar hám 65 procenti basqa milletler, yaǵnıy «basqalar» emes, al ózbekler dep aytıw kerek edi, nege deseńiz evropeycler tek bir ǵana Sharbazar bolıslıǵında 3600 adam jasaydı, sonıń ushın xalıqtıń

kóbisin ózbekler tutadı dep aytıw kerek edi hám olar tek qalada emes, al bolıslıqlarda da turadı, 8 bolıslıqtıń ishinde biz kópshilikti tutamız.

Qalǵan barlıq bolıslıqlar da ózbeklerdiki bolıp esaplanadı, sonıń ushında Shoraxanskiy okrug yamasa Sizlerdiń atawıńız boyınsha uezd be ol ne bolsa ol bolsın, Ózbekstan Respublikasında qalıwı kerek dep sanaymız, meniń aytqanımday-aq egerde Shoraxan okrugi Xorezm qaraqalpaqları tárepinen oralıp alınǵan bolıp, ortada qalǵan bolsa edi, onda basqa gáp, al bul jerde olay emes, Ózbekstan menen jaqsı baylanıs ornatılǵan (kartanı kórsetip). Bizler qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń shegarasın kóz aldımızǵa usı taqılette keltiremiz. Bul — birinshiden.

Xalıqtıń sanına keletuǵın bolsaq, házir ol haqqında hesh nárse aytpayman, ol ele anıqlanbaqta. Biraq, men mına nárseni aytqım keledi, (kartanı kórsetip) Xiywada az ba, kóp be 9 .... qaraqalpaqlar jasaydı dep keltirdi. Bul durıs emes. Olar ol jerde sonshama dárejede kóp jasamaydı, ol jerdegi biziń adamlarımızdıń aytıwına qaraǵanda onlaǵan mıń qaraqalpaqlar jasaydı eken, al júz mıńlaǵan emes. Qaraqalpaqlar Ámiwdáryada kóp jasaydı, al ol jerde emes. Sonıń ushın bul maǵlıwmattaǵı sandı ózgertiw kerek.

Endi, bul wálayattıń qay jaqta bolıwı haqqında: (kartadan kórsetip). Ol dala qumlıqlarına emes, al ózbek rayonlarına jaqın dep aytqanınan ayqın bolıp turıptı, bul wálayat tolıǵı menen Ózbekstan respublikasına ótiwi kerek. Dosnazarovtıń pikirin esapqa almaǵanda, biz ele Ámiwdárya qaraqalpaqlarınıń oy-pikirlerin bilmeymiz, onnan qala berse, Dosnazarov bul jaqqa usı másele boyınsha jiberilmegen, al dem alısqa kelgen adam, sonday-aq bul másele ele Ámiwdáryalı qaraqalpaqlardıń arasında talqılanbaǵan, jıynalıslar bolmaǵan hám taǵı Dosnazarovqa bul boyınsha arnawlı tapsırma berilmegen, bermegen

de, jáne tağı Ámiwdáryalı qaraqalpaqlardıń bul boyınsha ne aytatuğını belgisiz, al Xorezmli qaraqalpaqlar bul boyınsha ózleriniń tańlağan jolı haqqında aytıp úlgerdi hám burınnan baylanısıp qalğan ózbek respublikasınıń ishinde qalıw haqqında qarar qabıl etti.

Dosnazarov hám Kaluginniń jıynağan mağlıwmatı boyınsha olar ... ótiw kerek eken, sebebi, kópshilikti quraytuğın Xiywalılardıń qálewi boyınsha ... biraq olarğa aytatuğınımız, bul durıs emes, sebebi, qaraqalpaqlardıń basım kópshiligi Ámiwdáryada jasaydı, sonıń ushın solardan soraw kerek.

**Baslıq:** — Xorezmli joldaslarğa mende bir soraw bar: sizlerde qaraqalpaqlardıń óz aldına avtonomiyağa bóliniwi haqqında máseleler talqılandı ma, eger talqılanğan bolsa, onda shegara máselesi islenip shığılğan bolıwı kerek, islep shığılğan bolsa, ol sizlerdiń islep tayarlağan shegaralarıńızğa tuwrı kele me? (awdarma). (Sultan-Qari juwap beredi). (Aspandiyar jazadı)[32].

**Májlistiń dawamı**

**6. IX-24-j. Kúnniń saat 12-1 ge shekem tánepis.**

**Sultan-Qari:** (Islamov sózin awdaradı) — Xorezmde bul másele talqılanğan joq. Qońırat hám Xojeli bolıslıqlarında kóbirek qırğızlar menen qaraqalpaqlar jasaydı, al Shoraxanda ózbekler jasaydı. Ol jaqtan wákiller joq, mağlıwmatlar alınbadı. Xorezm respublikasınıń ayrım bólek rayonları esabında ol jerdegi qaraqalpaqlardıń qaraqalpaq wálayatın ornatıwdı qollap-quwatlaymız dep aytqanı haqqında da mağlıwmatlar joq.

**I. M. Vareykis:** — Men spravka beremen, sebebi, mende shegaralarğa bóliniw jumıslarınıń barısı haqqında

[32] Sonda f. 62, op. 2. d. 104, 240-260-betler

Atqarıw byurosınıń málimlemesi bar, ol boyınsha qaraqalpaqlardıń avtonomiyalı wálayatı bolıp bóliniwi haqqında ele bir sheshimge kelmegen. Meniń biletuǵınım, obkomnıń xatkeri buǵan qarsı boldı, usıǵan baylanıslı Obkomnıń ózbek, qırǵız, rus milletindegi aǵzalarınıń basım kópshiligi milliy-mámleketlik shegaralanıwǵa qarsı ekenliklerin bildirdi, Ámiwdárya wálayatınıń qaraqalpaq xalqı hám basqa da bólekleri Rustamovtıń basshılıǵında shegaralanıwdı qollap-quwatlaytuǵınların bildirip atır. Sońǵı alınǵan xabarlar sonı kórsetedi, házir ol jerde, házirshe ol jerde bir másele qalay etip túsindirilip qoyılsa, sol baǵdarda talqılanbaqta, soǵan qaramastan Buxara rayonınıń basım kópshiligi shegaralarǵa bóliwdi qollap-quwatlap atır.

S. Xojanov: — Xorezm respublikasında qaraqalpaq wálayatı ómir súrip atır. Joybar boyınsha barlıq jerde shegaralar bir-birine jaqınlasadı, tek «Qıpshaq» dep atalatuǵın mákandı almaǵanda, sonday-aq qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatına qosımsha sońınan qaraqalpaq bolıslıqlarınıń hámmesi beriledi dep aytılıp edi.

A. Dosnazarov; — (Sózin Xojanov awdaradı). — Milliy-mámleketlik shegaralardı bóliwdi baslaǵannan keyin hámme milletshil bolıp ketti, usıǵan baylanıslı bunday jaǵdaylarda milletine qarap bóliniw háreketleri bolatuǵını turǵan gáp. Haqıyqatın aytatuǵın bolsaq, usı másele qozǵalǵalı berli qaraqalpaqlar haqqında dım az sóz boldı hám «avtonomiyalı» qaraqalpaqlardıń ózleri de usıǵan kóne basladı. Eger de men usı jaqqa kelmegende, turǵan gáp, usı jerdegi bir de-bir adam, birde-bir xızmetker Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı haqqında bir de sóz qozǵamas edi, sonday-aq bir de-bir xızmetker bul jerde bolmaǵan bolar edi. Egerde házir kúni menen aytılǵanlardı qaytadan eske túsiretuǵın bolsaq, onda sonı aytıwımız kerek, qaraqalpaqlar avtonomiya alıwı kerek hám alatuǵın da shıǵar. Nege deseńiz ol xalıq

haqıyqatında da ómir súrip atır hám milliy-mámleketlik shegaralanıw háreketi dawam etse, ol tek bizlerdiń huqıqımızdı taǵı da arttıradı. Sonı da aytqım keledi, Qaraqalpaqlar avtonomiyanı sadaqa iretinde alıp atırǵan joq, al internacionallıq wazıypa, minnet usı avtonomiyanıń dúziliwiniń shárt ekenligin eske salıp atır. Sonı da aytayın, bul máselede egerde basqasha bir kóz-qaraslar ústinlik alsa, onday jaǵdayda qaraqalpaqlar kerek deseńiz... komminternge shekem appelyaciya jazadı, meniń isenimim kámil, kerek deseńiz biziń mápimizdi jaqlaytuǵın qorǵaw tabamız. Avtonomiya boladı. Usı jerdegi aytılǵan sózlerge qaraǵanda, men ol jaqta bolıp atırǵan jaǵdaylardan, waqıyalardan biyxabar qusayman, keshirersiz, meniń hámmesinen xabarım bar, hátteki sol nárse de esimde, Obkomnıń juwaplı sekretarı joldas Adinaev bolǵan waqıtta avtonomiya jumısları júrgizildi, biraq ol jaqta júrgizildi, Xorezmdi ǵamxorlıqqa alǵan halda. Bul boyınsha men Obkomnıń protokolın oqıdım hám sol sebepten bilemen ne ushın, qanday jaǵdaylarǵa baylanıslı bul avtonomiyanı bóleklep shıǵarǵanın. Al, endi anaday, mınanday kóz-qaraslar bar deytuǵın sózlerge keletuǵın bolsaq, onı qaraqalpaqlardıń óziniń jumısı dep biliwińizdi sorayman. Sonday-aq Obkomnıń bul boyınsha qanday kózqaras bildirgeni jóninde meniń portfelimde protokolı bar. Sonıń ushın men usı jerde sol nárseni aytıwǵa májbúr bolıp turman, eger Islamov ózbek, Xojanov qırǵızlardıń wákilleri etip ózlerin qanday etip kórsetken bolsa, men de qaraqalpaq xalqınıń tap sonday wákilimen. (Islamov. «qosıp sóyleme»). Hesh qanday, ol tap usılay ayttı...sonıń ushın men qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı bolıw kerek dep qaytalap aytaman. Onnan keyin Shoraxan uezdi haqqında bir-eki awız sóz aytayın. Ondaǵı eki bolıslıqta ózbeklerdiń jasaytuǵınlıǵın aytıp ótti, al eger sol jerge barıp tekseriw júrgizseńiz, 10 qaraqalpaqqa bir ózbekten tuwra kelmeydi. (Islamov: ol bul jóninde

aytqan joq). Joq, ayttı, shaması sen dıqqat qoyıp tıńlamaytuǵın bolsań kerek.

Qaraqalpaq wálayatınıń qay jaqqa qosılatuǵını máselesine keletuǵın bolsaq, onı qaraqalpaqlardıń ózinen sorayıq.

Baslıq: — Men oylayman, ol yaki bul joybardı jaqlawshılar sol rayonnıń xalqınıń sanı 99 procent bolǵan waqıtta usınsa boladı. Usınılıp atırǵan joybardıń qorǵawshılarınıń keltirgen san kórsetkishlerin alatuǵın bolsaq, ol kritikalawǵa da turmaydı. Olay etiwge bolmaydı. Meniń oyımsha Xorrespublikasına baylanıslı bolǵan aymaqlar boyınsha tolıq maǵlıwmatlar bolmawına baylanıslı biz házirshe tiykarǵı qarar esabında házirshe basshılıqqa alatuǵın etip qabıl etse boladı, sebebi keyninen ózgertiwge, sońınan Xorezm respublikası ózi ushın belgilep tastıyıqlaǵan aymaqlardı ózgertiwge, dúzetiwge múmkin bolıwı kerek. Qaraqalpaqlı joldaslarǵa Xorezmli joldaslardıń belgilep bergen aymaqları ǵana avtonomiyalı wálayatqa ótetuǵını haqqında aytıw kerek. Ámiwdárya wálayatınıń hámmesin iyelep alǵısı kelip otırǵan joldaslardıń isi nadurıs. (Zelenskiy bunnan keyin ózindegi bar maǵlıwmatlarǵa súyenip, qarama-qarsı pikir júritip qaraqalpaq joybarına qarsı shıǵadı. Ol Xorezmlilerdi jaqlap mınalardı aytadı). — Bul jerde pútkilley basqasha usınıs qabıl etiw kerek. Xorezm Respublikası qaraqalpaqlar ushın Xorezmli joldaslardıń aldın-ala tayarlaǵan proekti boyınsha belgilep kórsetilgen aymaqlardı beriw kerek. Men Xorezmdegi suw tarawları hám xalıq xojalıǵınıń jaǵdayları menen jaqsı tanıspan, sonnan bolsa kerek, endi men biziń komissiyanıń Xorezmdi milliy-mámleketlik shegaralarǵa bóliw boyınsha asıǵıslı sheshim qabıl etkenin túsinip otırman, sebebi, shegaralanıwdan keyin bul úlke bir shette qalıp ketedi, onı Ózbekstan respublikasına basqarıw qıyın boladı hám oǵan jetkilikli dıqqat awdarılmay qaladı.

Tómendegi maqsetke muwapıq ilajlardı iske asırayıq: Ámiwdárya wálayatının ózbeklerge tiyisli aymaqları ózbek aymaqlarına birlestirilsin, al... Xorezm Respublikasınıń ózbekler aymağı menen birlestirsin, al Xorezm Respublikası boyınsha milliy shegaralanıw jumısı házirshe júrgizilmesin. Shımbay uezdin qaraqalpaq wálayatına birlestirsin, al Tórtkúl hám ...uezdin Xorezm Respublikasında qaldırsın.

**Sultan-Qari:** (awdarma) — Qońıratta ózbekler kópshilikti tutadı, álbette bul haqqında sońınan ayrıqsha túrde sóylesip alıwğa boladı. Shımbay uezdiniń qosılğanı tolıq durıs, biraq Shoraxan uezdine keletuğın bolsaq, ol ózbeklerge beriliwi kerek.

Shegaralanıw máselesine keletuğın bolsaq, ózbeklerdiń oy-pikiri shegaralanıw tárepinde, sonıń ushın házir basqasha sheshim qabıl etsek onda nadurıs boladı. Sonıń ushında bul máseleni qalay sheshilgen bolsa, solay sheshiw kerek, yamasa komissiya dúzilisin, oğan usı máseleni keńnen úyreniw tapsırılsın, egerde xorezmli ózbeklerdiń tilek-ıqtıyarına qaramay ózleriniń sheshimine tán bolsa, onda ol durıslıqqa kelmeydi.

**Islamov:** — Men joldas Zelenskiydiń Xorezmdi milliy shegaralarğa bólmeyik degen pikirine tolıq qosılaman. Biraq, bizler ol jaqtağı joldaslar menen sóylesip kórip edik, olar milliy shegaralanıwdıń ótiwin qattı talap etip qoyıp atır.

**Baslıq:** — Al Qaraqalpaqlardı bizler qayaqqa qosıwımız kerek?

**Islamov:** — Bul másele haqqında sóylesip alsa boladı. Siz tárepinen qozğalğan basqarıw, onnan keyin ulıwma máselelerden, siyasiy, ekonomikalıq hám basqalarına keletuğın bolsaq, olar júdá qıyın emes, burın da basqarıp keldik, ele de basqara beremiz, ortadağı baylanıslar házir jolğa túsip atır. Nızamlılıq máselelerin sheshiw de onday qıyınshılıq tuwdırmaydı, onnan qala berse

bizlerdiń turmıslıq úrp-ádetimiz, ulıwma birdey. Al, Ámiwdárya wálayatındağı uezdlerdiń ishindegi Shoraxan uezdi Xorezmge ótiwi kerek, bul boyınsha bizde qarar qabıl etildi, ol júdá durıs qabıl etilgen hám óz kúshinde qaldırıw kerek.

Q. Atabaev: — Siziń Xorezm Respublikasın házirgi turısında qozğamay qaldırayıq hám Xorezmge milliy shegaralanıw jumısların júrgiziwdiń keregi joq degen pikiriñiz boyınsha bir-eki awız sóz aytpaqshıman.

Mına zamannıń ullı tariyxıy dáwir ekenligin ashıq túrde aytsaq boladı, sebebi, ol ayrım xalıqlardıń milliy sana-seziminiń ósiwine keń múmkinshilik jaratıp berip atır. Ekinshiden, Xorezmniń házirgi jağdayın alıp qaraytuğın bolsaq, ol búgingi kúnde biz oylağanday emes, ol jerdegi húkim súrip turğan sovet húkimeti biz oylağanday dewge bolmaydı, xojalıq hám mádeniy jumıslardıń alıp barılıwına qarağanda bul eń artta qalğan múyesh desek boladı. Egerde biz házir olardıń tágdirin ózine bersek, onda onıń erteńgi kúngi mádeniy, siyasiy hám ekonomikalıq jaqtan ósip rawajlanıwına atanaq qoyğan bolamız. Egerde biz olardı Ózbekstanğa qossaq, xojalıq hám ekonomikalıq jaqtan tez rawajlanadı.

Qaraqalpaqlar tuwralı da usını aytıwğa boladı. Onda keleshekte úlken burılıslardıń bolatuğınlığı kútiledi, máselen Shımbay rayonın alıp qarayıq, ol eń ájayıp paxtashılıq rayonı bolıp esaplanadı, bul olardıń ózbeklerdiń yamasa qırğızlardıń ishinde bolğanına qaramaydı. (qırğız respublikasına qosıp rawajlanğanı durıs boladı). Meniń oyımsha házir milliy shegaralanıwdan qashpaw kerek, onı toqtatpastan ótkergen jaqsı, egerde onnan házir bas tartılsa, onda ózbek hám qaraqalpaq xalıqları arasında uzaq waqıtqa shekem tawsılmaytuğın milliy jek kóriwshilikler, milliy jaqtan qarama-qarsı turıwshı toparlar payda boladı. Bul kelispewshilikler, jánjel talaslar hár kún sayın gújip baradı. Egerde biz búgin olardı óz

erkine qoymasaq, onda tawsılmaytuğın milletler aralıq jánjellerge jol qoyğan bolamız. Sonıń ushın da bizler Xorezmde milliy shegaralanıw jumısların búgingi kúnniń talabına say alıp barıwdıń táreptarımız.

**A. Dosnazarov:** — Joldas Zelenskiy óziniń sózinde 20-jıldağı xalıqtıń jan esabı boyınsha Shoraxan uezdinde ózbekler kópshilikti tutadı dep kórsetip ótti, buğan qalay iseniwge boladı, sebebi, bul uezddegi tek úsh bolıslıqta ğana ózbekler jasaydı. Onnan keyin, joldas Sultan-Qariev sol jaqtağı ózbek xalıqları atınan wákil bola turıp qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatın dúziwge qarsı, egerde olar Sultan Qarievti ózleriniń wákili etip jibergen bolsa, onda jergilikli ózbekler buğan hesh qanday qarsı emesğoy, qalğan bolıslıqlar qayaqqa qosıladı, qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı quramına qosılama yamasa qosılmay ma, meyli ol máseleni sol jerdegi xalıqlardıń ózleri sheshsin.

**R. Islamov;** — Dáslebinde biz qaraqalpaqlardıń Ózbekstannıń quramında qalıwı kerekligi haqqındağı máseleni dodalağanda olardıń ózbek rayonları menen kóbirek baylanıslı ekenligin názerde tutqan edik. Egerde qaraqalpaqlarda Qırğız respublikasına ótiw tilegi tuwsa, onda ózbek xızmetkerleri qarsı bolmaydı. Egerde bul másele Xorezm respublikasın milliy-shegaralaw menen baylanıslı bolsa hám qaraqalpaq wálayatı qırğız respublikasına qosılıwdı zárúrli dep tapsa, qaraqalpaqlar Ózbekstan Respublikasına qosılsın dep turıp almastan, bizler jaqlap dawıs beremiz. Biz ózimizdiń bayanatımızda qaraqalpaqlar avtonomiyalı wálayat esabında Ózbekstan Respublikasına kiriwi kerek dep másele qoyğanımızda olar biziń rayonlarğa jaqın degen túsinikte aytıp edik. Sonıń ushın da bizler olardıń Qırğız Respublikasınıń yamasa RSFSR dıń quramında bolıwına qarsılıq kórsetpeymiz, al, biraq Xorezm Republikasın milliy-mámleketlik jaqtan shegaralaw kerek.

S. Xojanov: — Jaǵday sonnan ibarat bolıp turıptı, kún tártibindegi Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı bolama, yamasa bolmayma, degen sawalǵa juwap beriw kerek bolıp turıptı. Bul másele jóninde sonı aytıwımız kerek, bul haqqında birinshi mártebe aytısıp, bunday máseleni birinshi mártebe talqılap sheship atırmız. Endi tiykarǵı máselege keletuǵın bolsaq, men sonı aytpaqshıman, Ózbekstan Respublikası usı waqıtqa shekem Shoraxan uezdisiz bolıp keldi, endigi jaǵında da Shoraxan uezdisiz kún kóre beredi. Daw joq. Shoraxan uezdi Ámiwdárya wálayatında bolıp keldi, sonıń menen birge ol qırǵızlardiki dep sanalıp kelindi, sebebi, Qırǵız Respublikası bólinip belgilenip atırǵanda VCK nıń bayanatında solay qabıl etilgen edi. Sonday-aq, Shoraxan uezdinde tek bir ǵana ózbekler jasamaydı (oqıydı), máselen Biy-Bazar rayonında qırǵızlar hám qaraqalpaqlar basım kópshilikti tutadı... bolıslıǵında otırıqshı xalıqtıń kópshiligin qırǵızlar menen qaraqalpaqlar quraydı, ol jerde az sanda ǵana ózbekler jasaydı. Xalıqlardı kóship-qonıwına qarap belgilemew kerek, kóshpeli bolsa, qırǵız, otırıqshı bolsa, ózbek boladı eken, máseleni olay etip qoyıwǵa bolmaydı, bul oǵırı ózimshilikti bildiredi. Menińshe, Shımbay bolıslıǵın, Ámiwdárya ... Xorezm Respublikasınıń ózbek milletindegi xalıqlar tazadan dúziletuǵın bolıslıqlarǵa kirmeytuǵın shárti menen tolıǵı menen qaraqalpaq wálayatına qosıw kerek. Egerde házir milliy shegaralanıw júrgiziletuǵın bolsa, onda Ámiwdárya wálayatın tolıǵı menen qaraqalpaq wálayatına qosıw kerek. Menińshe, bul jerde úsh bolıslıqtı ózbeklerge yamasa basqaǵa qosıw kerekpe degen másele turǵan joq, al, másele sonnan ibarat, eger qaraqalpaq wálayatın Ózbekstan Respublikasına qossa, onda basqarıw isi ańsat bolıwı ushın dep Shoraxandı qaraqalpaqlarǵa beretuǵınday bolıp turıptı. Meniń oylawımsha, Xorezm Respublikasın milliy shegaralaw máselesi házirshe sheshilmey ashıq qalatuǵın túri bar, demek Xorezm

Respublikası milliy-mámleketlik jaqtan shegaralanbaydı dep boljayıq, olay bolatuǵın bolsa, onda Ámiwdárya wálayatın tolıǵı menen hám Shımbay úezdiniń úsh bolıslıǵında oǵan qosıp Qaraqalpaq wálayatına biriktirip, Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatın dúzeyik. Qalǵan máselelerdi Xorezm Respublikasın milliy shegaralaǵanda sheshiwge boladı.

**R. Islamov:** — Bul kárada úsh bolıslıq (oqıydı) qalǵan bolıslıqlardıń hámmesi ózbeklerdiki hám taǵı olarda tájikler menen evropalılar bar. Ol bolıslıqlardıń xalqı Shayx Abbas bolıslıǵına salıstırǵanda az. Xojanovtıń milliy shegaralanıwǵa ayrım kózqarasına men oylanaman, máselen, sharwashılıq penen shuǵıllanatuǵın xalıq bolsa, onı qırǵızlarǵa ber dep turıp aladı. Shımbay uezdi sharwashılıq emes, al nan rayonı, qaraqalpaqlar bunı qalay esitse, solay esite bersin, bul rayon diyqanshılıq rayonı. Shoraxan uezdinde sharwashılıq penen shuǵıllanıwshılar bar, sonıń ushın máseleni olay qoyıwǵa bolmaydı, sebebi, milliy belgilerine qarap bólinedi. Uzaq rayonlarda kópshilik bolıp jasaytuǵın xalıqtı pisent etpewdiń ne keregi bar. Onnan keyin J. Zelenskiy aytqanday basqarıw jolınıń ańsat tárepin kóbirek dıqqatqa alıw kerek. Aytayıq, siziń qálewińizshe, bul rayonlar 2-3 shaqırım aralıqtan basqarılıwdıń ornına 200-300 shaqırım aralıqtan basqarılıwı kerek eken. Biz anıq aytqanbız, Xorezmde milliy shegaralanıw bolama, bolmayma Shoraxan uezdi Xorezmge ótedi. Ol jerde xalıqtıń kópshiligi ózbekler.

Biz Shoraxan uezdin Xorezmge beriwdi usınamız, ol bizde boladı. Qońırat hám Xojeli uezdlerinde ózbekler bar, biraq biz usı úsh uezdden ózbeklerdi bólip alıw máselesin qoyıp atırǵanımız joq, egerde olar ketemen dese, biziń qarsılıǵımız joq, al Shoraxanǵa kelsek, ol Xorezmge ótiw kerek.

**Sveklov:** — Men óz sózimde qosıw hám qospaw kerek

dep aytpayman, tek bolǵanı usı dawlı uchastkanıń Ámıwdárya wálayatınıń basqa bólimleri menen ekonomikalıq qatnasıqların sıpatlap ótpekshimen.

Shoraxandı bólip turǵan qumlıqlardı alıp qarasaq, olar negizinde ekonomikalıq jaqtan bólinbedi, haqıyqatında bul rayonlarda óz ara tıǵız hám tıyanaqlı baylanıslar bar, ásirese paxta, jońıshqashılıq, biyday rawajlanǵan rayonlar menen qatnasıǵı burınnan ayrıqsha xarakterge iye. Shoraxan uezdinde paxtashılıq baslı orındı tutqannan keyin olar biyday egiw menen az shuǵıllanadı, sonıń ushın sońǵı waqıtları qaraqalpaqlar hám qırǵızlar jasaytuǵın Biybazar bolıslıǵı Shoraxanǵa biyday beriwdi kúsheytti. Ózbekler ol jerde ayrım shańaraqları menen tek bazarlarda ǵana jasaydı. Ózbekler iyelik etiwge talpınıp atırǵan kishkene toparlardı dúzip uylıǵısıp jasap atır, jasawshı ózbek rayonın tiykarınan qaraqalpaqlar hám qırǵızlar jasaytuǵın Tedjent rayonınıń xalqı qır dógereklep qorshawǵa aladı. Usı esaptan Shoraxan uezdin paxtashılıq rayonı bolatuǵının tán alıw kerek, ol qaraqalpaq wálayatınıń keleshektegi basqa uezdler ushın júdá utımlı járdemshi xojalıqları bolıwı turǵan gáp. Shımbay uezdi jońıshqanı jaqsı óndiredi, házirgi waqıtta ol jerde onnan alınatuǵın ónimdi áskeriy waqıttan aldıńǵı dárejege jetkeriw ushın úlken jumıslar islenip atır. Al, Shoraxan uezdi qansha aytqan menen tuqımınan artıq ónim ala almay atır, onnan qala berse, tuqımlıq jońıshqanı tazalaw hám tayarlaw tek bir ǵana zavodta isleniwi múmkin, ol da bolsa, tek Shımbayda bar, solay etip, olardıń arasında burınnan kiyatırǵan tıǵız baylanıs bar.

...Bolıslıǵınıń ...rayonı, ...bolıslıǵınıń Qarabulaq ...sharwaları haqqında aytatuǵın bolsaq, olar pútkilley Tórtkúldegi bazarǵa barıp sawda islegendi abzal kóredi, sebebi, Qazalınıń jolı olar ushın dım qolaysız bolǵanlıqtan ańsat jol dep Tórtkúlge baradı. Solay etip, ózbekler onsha iyelik etiwge urınbay atırǵan bul mákan ózbekler

sonshama urınıp iyelik etiwge háreket etip atırǵan rayon menen burınnan tıǵız baylanısqa iye.

Egerde, búgingi Qaraqalpaqlardıń bóliniwi haqqında sóz etetuǵın bolsaq, onda avtonomiyalı wálayattıń keleshek orayı haqqında ǵamlanıp, qayırqomlıq etiw kerek. Wálayattıń orayına ... qalası belgilenip atırǵanǵa usaydı. Negizinde ol úlkenirek ápiwayı bir qıshlaq, onda ne jaylastırıwǵa boladı. Onnan qala berse, qalada telegraf baylanısı, radio-telegraf baylanıslarınan hesh nárse joq. Usınday jaǵın alıp qaraǵanda burınnan wálayattıń orayı bolǵan Tórtkúl qalasın aytsa boladı.

Solay etip, qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatın bóletuǵın bolsaq, onda ol baylanısıwı kerek bolǵan rayonları menen baylanıs etiwge múmkinshilik taba almay atırǵan, bir shette qalıp ketken bir múyesh bolıp qalmaydı hám onday bolmawı kerek, eger onday bolıp qalǵan jaǵdayda ol jol qatnasıqları, baylanıslar túyeler arqalı bolatuǵın áyyemgi dáwirdegi bir artta qalǵan mámleketke usap qaladı, onday bolıp qalatuǵın bolsa, ápiwayı til menen aytqanda onda onı óz aldına bólmegen jaqsı, onnan da usı waqıtqa shekem qanday bolıp kelgen bolsa, sol halında qaldırǵan abzal.

Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı qaysı Respublikaǵa qosılǵanı durıs degen másele boldı. Statistikalıq maǵlıwmatlardı alıp qaraǵanda qaraqalpaq wálayatın mákan etip alǵan xalıqlar birinshi gezekte qaraqalpaqlar, qırǵızlar hám onnan keyin ózbekler bolıp esaplanadı. Bul avtonomiyalı wálayat ushın birinshi gezekte xalıq xojalıǵın rawajlandırıw maqsetinde Qırǵız Respublikası menen tıǵız baylanıs ornatqan abzal, ekinshiden Qırǵız respublikası qaraqalpaq xalqınıń mádeniy jaqtan rawajlanıwına jaqsı qayırqomlıq etedi, al ekonomikalıq, sociallıq máselelerdi rawajlandırıwdaǵı utıslardı esapqa alatuǵın bolsa, onda Qırǵız Respublikasına birikkeni qolaylı boladı. Oǵan qosımsha balıqshılıq tarawı bar, keleshekte ol qaraqalpaq

avtonomiyalı wálayatınıń qattı rawajlanıp, qúdiret payda keltiretuǵın tarawdıń birewi boladı. Aral teńiziniń bir bólegi Qırǵız Respublikasınıń aymaqlarında turıptı hám onı bólíwge bolmaydı, eger bólgen jaǵdayda onıń bolasınlı balıqshılıǵın tómenletedi. Usınday argumentlerdiń ózi Qaraqalpaq wálayatınıń Qırǵız (Qazaqstan) Respublikasına qosılıwı kerekligin kórsetip turıptı.

Eskoriev: — Islamov házir Shoraxan uezdinde 42 procent ózbekler turadı dep ayttı. Meniń sorayın degenim, ol bunı aytqanda ol jerde jasap atırǵan túrkmenlerdi esapqa almadıma eken. Nege deseńiz ol jerde 12 mıńǵa shamalas túrkmenler turadı.

R. Islamov: — Men ayttım, ol jerde qaraqalpaqlar 9 procent, qırǵızlar 25 procent, basqalar 65 procent, usılardıń kópshiligin ózbekler menen tájikler quraydı. Shoraxan uezdinde ózbekler kópshilikti quraytuǵının 20-jılǵı júrgizilgen jan esaptıń maǵlıwmatınan kóriwge boladı.

## DEM ALÍS

**1924-jıl, 6-sentyabr (stenograf Voroncov)**
**Joldas Zelenskiy basqarıp baradı.**
Saat 1 den 2 ge shekem dem alıs

S. Xojanov: — Men mınaday soraw bermekshimen, Shoraxan uezdi Ózbekstan Respublikasına tolıǵı menen qaldırıla jaqpa yamasa tek úsh bolıslıǵı bólip alınajaqpa?

R. Islamov: — Ol jerde úsh bolıslıq qırǵızlardiki.

Otırǵan orınnan: — Shoraxan máselesi jóninde aytpaqshı edim. Tashkent máselesi boyınsha ózbek hám qırǵızlar arasında usınday dawlı máseleni talqılaytuǵın bolǵanda, ol jerlerdegi milliy belgilerge qarap sheshiwdi tiykar etip aldıq. Sonday-aq Shoraxan máselesinde de milliy principler tiykarında sheshiw qoyılıp atır.

Menińshe, usınday tartıslardı sheshiwge bir principte qarap sheshiw kerek. Qarap tursań ayrım máselelerde ana principke, basqa máselege kóshsek, basqa bir principke ketip qala beremiz. Tiykarınan bunday etip qaraw ulıwma natuwrı.

**R. Islamov:** — Biz bul tuwralı júdá logikalıq jol tutıp atırmız. Tashkent uezdi boyınsha qırğızlar menen tolı bolıslıqlardı qaldırıwdı talap ettik. Egerde ol jerlerdiń hámmesinde tolığı menen qırğızlar jasaydı dep dálillep bergende, onda bizler hámme bolıslıqlardı da qaldırğan bolar edik. Al, bul jerde jağday dım basqasha. Shoraxan uezdiniń kópshiligin ózbekler tutadı, qaraqalpaqlar az, qırğızlar da kóp emes. Tashkent uezdi máselesinde qanday jol tutqan bolsaq, tap Shoraxan máselesinde de sonday jol tutıp másele qoyıp atırmız. Sonıń menen birge ayrım bir pútin ekonomikalıq aymaqtı bólip taslawğa bolmaytuğının da túsiniw kerek. Tap sonday Shoraxan uezdinde de kópshilik bolıslıqlar ekonomikalıq jaqtan biri-biri menen baylanısqan, olardıń hámmesi Tórtkúlge baylanıslı, sonıń ushında bir-eki bolıslıqlardı Shoraxannan bólip taslawğa bolmaydı, olar Shoraxannıń quramında qalıw kerek. Máselen, Xojeli de sonday, onı da bólip taslawğa bolmaydı, bizler Xojelini bóliw kerek dep talap etip atırğanımız joq. Siz basqasha túsinbeń.

**Baslıq;** — Sóylewge jazılğanlardan basqa joq pa? Onda juwmaqlawshı sóz Dosnazarovqa.

**A. Dosnazarov:** — (musılman-qaraqalpaq-tilinde sóyleydi. Dosnazarovtıń sózi awdarma boyınsha jazıp alındı).

Joldas Dosnazarovtıń sózinde tiykarınan mınalar aytıldı: qaraqalpaqlar óziniń qaraqalpaq degen milliy ataması tariyxıy dáwirlerdiń etapları tiykarında payda boldı, sonlıqtan da qaraqalpaqlardı sonday bir belgisiz xalıq dep tariyxtan óshirip, yamasa oğan krest qoyıp ısırıp taslaytuğın xalıqlardan emes.

... jıllardıń maǵlıwmatı boyınsha Ámiwdárya wálayatında qaraqalpaqlar 48 procentti quraǵan, al 20-jılǵı jan esapta olar qarasań joq. Sonda ne, soǵan shekem qaraqalpaqlardı birewler jep qoyǵanba, yaq olay emes, bul jerde másele basqasha, bul jerde qanday da bále bar, úlken jańılısıwshılıq bolǵan. Sonlıqtan da 20-jılǵı xalıqtıń jan esabı júrgizilgen maǵlıwmatlardı durıs dewge hám onı basshılıqqa alıwǵa bolmaydı. Aldımızda bolatuǵın, yaǵnıy qaytadan júrgiziletuǵın jan esabı onıń qáteliklerin hám haqıyqatlıqtı kórsetedi.

Shoraxanda ózbekler jasaytuǵın úsh bolıslıq bar, olar ekonomikalıq óz ara baylanıslarǵa hám hákimiyatlıq basqarıw jaǵdaylarına baylanıslı Ózbekstanǵa ótpeydi. Sonday-aq, olar uezdler hám wálayatlar menen de baylanısıp qalǵan.

Xorezmde milliy-mámleketlik shegaralanıwdı ótkeriw máselesine keletuǵın bolsaq, Xorezmniń siyasiy-hákimiyatlıq qurılısı, milliy qarama-qarsılıqlardı esapqa alıp, onı ótkeriw kerek. Bul jerde bir mámleketti dúziw hesh múmkin emes, sonıń ushın Xorezm respublikasın milliy-mámleketlik jaqtan shegaralaw kerek hám solay etip, Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatın shólkemlestiriw zárúr.

Endi Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatın qaysı bir respublikanıń quramına qosıw kerek degen másele boyınsha aytpaqshıman. Bunı sheshkende, milliy háreketlerdi esapqa alıp sheshiw kerek. Milletlerdiń bir-birine jaqınlıǵı, olardaǵı úrp-ádetleriniń, tiliniń jaqınlıǵı menen bolatuǵın bolsa, onda qaraqalpaqlar qırǵızlarǵa biraz jaqın keledi. Olardıń úrp-ádeti, tili turmıs salt-dástúrleri jaqın hám onı Túrkstan xalıqları arasındaǵı xalıqlardıń qarım-qatnasıǵı faktorlarınan kóriwge boladı.

Bunnan keyin ol taǵı: Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatınıń shólkemlestiriw menen shuǵıllanatuǵın Qırǵız Respublikası quramında ayrıqsha bir komissiya dúziw

zárúrligi bar, sebebi, ol komissiyası dúziletuğın wálayattı shólkemlestiriw hám basqa da zárúrli jumısları menen shuğıllanar edi.

... orınnan: — Dosnazarovtıń Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatın dúziw boyınsha qarsılıq bildirdi.

**Baslıq:** — Qánekey, dawısqa qoyayıq. Qalay etip dawıs beremiz?

Otırğan ornınan: — spravka beriwge ruqsat etińiz?

**Baslıq:** — Jarıs sóz tamam boldı. Juwmaqlawshı sóz sóylegennen keyin jarıs sózge hesh qanday ruxsat etilmeydi.

Usınılğan joybardı dawısqa qalay qoyamız? Tolığı menen be, yamasa bólek-bólek alıp dawısqa qoyamız ba? Shamalawımsha, bólek-bólek etip qarap dawısqa qoyğan jaqsı bolsa kerek. Qánekey, birinshi gezekte Xorezm joybarı boyınsha belgilengen dawsız rayonlardı Xorezm respublikasınan bólip alayıq. Qabıl etemiz be yamasa... Xorezm Respublikasınıń rayonların ótkenin bir awızdan qollanıp qabıl etildi desek bola ma?

**R. Ismailov:** — (musılman tilinde Sultan-Qariğa bir nárselerdi aytıp sóylesedi).

**Sultan-Qari:** — (Sultan Qaridiń sózi, juwabı awdarıladı). Ol, kún tártibi boyınsha qarawdı usınadı.

**Sultan-Qari:** — (Islamovqa musılman tilinde juwap beredi).

**R. Islamov:** — (Sultan Qarinıń sózin awdardı). Joldas Sultan Qari aytadı, Qaraqalpaqlardıń komissiya dúziw boyınsha pikiri maqsetke muwapıq bolmasa kerek deydi, sebebi, ol komissiya olardıń qayaqqa kiretuğının sheshe almaydı deydi. Tiykarınan ol qarsı emes.

**Baslıq:** — Xorezm Respublikası joybarı boyınsha tastıyıqlanıp belgilengen ... okrugların Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatına ótkeriw boyınsha olardıń ótkeni maqsetke muwapıq ekenligi haqqında bir awızdan sheshim qabıl etiledi.

S. Xojanov: — Qaraqalpaq Komissiyası tárepinen usınılǵan materiallar tiykarında:

....rayonlar boyınsha tastıyıqlansın: — degen taqılette qarar qabıl etiwdi usınaman. Sebebi, komissiyada Sultan-Qarimovtıń ózi bar hám ol qarsılıq bildirmegen. Sonda qalay, komissiya barlıq óziniń jumısınan bas tartqanı ma?

Baslıq: — Shegara boyınsha anıqlıq joq, sonıń ushın tiykar etip bir nárseni alıwımız kerek emes pe? Sonıń ushın Xorezm respublikasınıń usınıs etken shegarası boyınsha aldıq.

R. Islamov: — Joldas Sultan-Qari kelisim bergen, biraq onı olay túsiniwge bolmaydı, bul jerde bizler qarsılıq bildiremiz, sonıń ushın házir ayrım bolıslıqlar haqqında bir nárse dep aytıw qıyın, sebebi wálayatlar ele soń bólinedi dep oylaǵan, al házir mına jaǵdayda bolmaydı.

Baslıq: — Eki usınıs bar, sonıń ushın ekige bólip dawısqa qoyamız. ... rayonların Xorezm respublikasında háreket etip turǵan shegara boyınsha Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatına ótsin degen joldaslardıń dawıs beriwin sorayman: — 11 dawıs. Joldas Xojanovtıń usınısın dawısqa qoyaman: — 7 dawıs.Qabıl etilmedi. Endi Shımbay uezdi boyınsha. Onı tolıq Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatına ótkeremiz be, menińshe bul másele dawsız emes pe, yamasa dawısqa qoyamız ba? — Daw joq, demek bir awızdan qabıl etiledi. Úshinshi usınıs — ózbekler jasaytuǵın rayonlardı Xorezmge ótkeriw hám qalǵan aymaqlardı milliy belgilerine qarap shegaralaw haqqında.

Islamov: — Bizler qarsımız, olardı Xorezmge ótkeriwdi usınamız.

Dosnazarov: — (musılman tilinde sóyledi).

Islamov: — (Dosnazarovtıń sózin awdarıp beredi). Ol joybardı tastıyıqlawdı usınadı.

**Baslıq:** — Joybar tolıǵı menen qabıl etilmeytuǵın boldı. Onda bılay, Shoraxan uezdin tolıǵı menen Xorezmge ótkerilsin degenler dawıs bersin. (Qollawshılar 10 dawıstı quradı).

**Orınnan:** — Bul jerde komissiyanıń aǵzası emesler de dawıs berip atır.

**Baslıq:** — Qatnaspay atırǵan joldaslardıń ornına basqa joldaslar tastıyıqlanıp edi. Házir basqa jaqqa ketiwine baylanıslı Hájibaevtıń ornına dawıs beriwge kandidat joldas Muhamedovqa huqıq bereyik. Sonıń ushın dawıs bereyik.

**Orınnan:** — Bizde joldas ... qatnaspay atır.

**Baslıq:** — ... ornında Xudayqulov, Hájibaev komissiyanıń aǵzaları hám jańa bekitilgen eki joldas dawıs beredi.

Shoraxan uezdin Xorezm Respublikasına ótkeriw kerek degen usınıs boldı. Ótkerilsin degen joldaslardıń dawıs beriwin soranaman. Qollap-quwatlawshılar — 9 dawıs aldı. Yaqshı. Ekinshisi qanday usınıs edi. He, Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatına ótkersin degenler dawıs bersin. — 7 dawıs. Demek, bul másele sheshildi. Onda Qaraqalpaq máselesin tamamlayıq.

Xorezm haqqındaǵı másele ótken mártebe sheshilgendey, ol qaldırıladı. Máseleni Orta Aziya Byurosına qarawǵa beremiz.

Usı jerde bir nárse haqqında sorawǵa tuwra kelip turıptı: qaraqalpaqlardı qayaqqa qosıw kerekligi haqqındaǵı máseleni házir sheshiw kerek pe? Házir sheshiw kerek dep turıp atırǵanlar joq pa? Olay bolsa, onda qaraqalpaqlardıń kimge tiyisli ekenligin haqqındaǵı máseleni sheshiw ushın onı Orta Aziya Byurosına usınamız. Qaraqalpaqlardıń máselesi tamam boldı ma? Bul másele tastıyıqlaw ushın biziń partiyanıń Oraylıq Komitetine beremiz.

Bunnan keyin basqa máseleler dodalanadı.

Mine sizler qaraqalpaqlar máselesi dodalanǵan aymaqlıq komissiyanıń májilisiniń stenografiyalıq esabı menen tanıstıńız. Bul jerde neni aytıwımız kerek. Usı májilis protokolı menen tanısqanda hám ol haqqında pikir júritkende sol dáwirdegi jaǵdaydı, shárt-sharayatlardı, adamlardıń kózqarasların eske alıw kerek. Komissiyanıń kópshilik aǵzaları jumısshı-diyqan shańaraqlarınan shıqqan, diplomatiyalıq, tájiriybeleri az, xalıqaralıq huqıq hám siyasiy-jámiyetlik jaqtan sawatı jetispeytuǵın adamlar ekenligi kórinip turıptı. Eger ser salsańız hátteki sol waqıtta eń joqarı lawazımdı iyelegen Zelenskiydiń sóylegen sózinde, kóz qaraslarında májilisti alıp barıwında mádeniyatlılıq, diplomatiyalıq húrrmet-izzet etip sıylaw sezilmeydi. Qaytama onıń turpayılıǵı sezilip turadı. Sonıń ushın bul jerde dodalanǵan máseleler jóninde pikir júritkende usı táreplerin eske alıp, pikir júritken jaqsı boladı. Bul májilistiń protokolın oqıp otırıp haqıyqatında da qaraqalpaqlar máselesiniń orınsız túrde ekinshi planǵa shıǵıp ketiwleri, ayrım waqıtları pisent etpewleri seziledi. Demek, ol waqıtları milletshillik kéyipleri sezilip turadı. Negizinde qaraqalpaq xalqı qazaq, ózbek, túrkmen, qırǵız, tájik hám basqa da Orta Aziya xalıqları arasındla burınnan belgili, óziniń ornı bar xalıq ekenligi belgili. Sonıń ushında qaraqalpaq xalqınıń atınan onıń huqıqı ushın jumıs etip júrgen el azamatlarınıń geyde qızıp hám ayrım jerlerde hár qanday máselelerge qattıraq barıp aytısıwları seziledi. Ózleriniń turaqlılıǵı, mártlershe júrip aytısıwları arqasında avtonomiya ǵana alıwǵa erisedi. Onıń ózi de sol waqıttaǵı júz bergen jaǵdaylarǵa baylanıslı úlken jeńis edi.

1924-jıldıń 7-sentyabrinde RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosınıń májilisi bolıp ótti. Onda Orta Aziya Respublikaların milliy mámleketlik shegaralaw máselesi dodalandı. Qaraqalpaq máselesi de qaraldı hám ol boyınsha qarar qabıl etildi. Qabıl etilgen qarar boyınsha

Xorezm respublikasında hám Ámiwdárya wálayatında jasawshı qaraqalpaqlardı bólip Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın dúziw haqqında sheshim qabıl etildi. Sonday-aq usı qararda tazadan dúziletuǵın avtonomiyalı wálayattıń shegarası da tastıyıqlandı. Al, Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın qaysı respublika awqamına qosıw boyınsha sheshim tolıq sheshilmey keyinge qaldırılmadı[83].

1924-jıldıń 15-sentyabrinde Tashkent qalasında Sverdlov atındaǵı teatrdıń zalında Túrkstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń gezeksiz Ayrıqsha 3-sessiyası ashıladı. Onda tiykarınan Orta Aziya respublikaların milliy-mámleketlik shegaralaw máselesi dodalanadı. Bul boyınsha jıynalǵanlar aldında Túrkstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń baslıǵı Q. Atabaev kiris sóz sóyleydi. Onnan keyin TSSR Xalıq Komissarlar Keńesiniń baslıǵı R. Islamovqa sóz beriledi. Ol sessiyada «Orta Aziyanıń milliy-mámleketlik shegaralanıwı haqqında» degen temada bayanat jasaydı. Sessiyanıń ekinshi kúni usı bayanattı dodalaw baslanadı. Jarıs sózlerge shıǵıw baslanadı. Bayanattı dodalawǵa Atabaev, Raximbaev, Xojanov A. Dosnazarov hám basqa da kóplegen joldaslar shıǵıp sóylep qatanasadı. A. Dosnazarov sóz sóyleytuǵın bolǵanda qaraqalpaq tilinde sóyleymen dep prezidiumnan awdarmashı soraydı. Prezidium predsedateli zalda A. Dosnazarovtıń qaraqalpaq tilinde sóylegen sózin kim anıq hám naqma-naq awdarıp bere alıwı múmkin dep soraydı. Sonda qatnasıwshı delegatlardıń ishinen Ábdijabbarov degen delegat A. Dosnazarovtıń sózin awdarıp turıwdı óz moynına alıp tribunaǵa shıǵadı. A. Dosnazarovtıń qızǵın hám jalınlı etip sóylegen sózi zalda otırǵanlardı ózine tartıp hayran qaldıradı[84].

---

[83] Sonda f. 62, op. 2. d. 104, 240-260-betler

[84] Byulleten 3-4 chrezvıchaynoy sessii TurkCÍK №1, 1924.

Qaraqalpaq xalqınıń wákilleri sessiyaǵa qaraqalpaq xalqına erkinlik berip. onı avtonomiyalı wálayat etip dúziw haqqında usınıs jasadı. Biraq, sessiyada bul másele boyınsha tolıq bir sheshim qabıl etilmedi, sebebi, Túrkstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń qararların eske alıw kerek. Komissiyanıń kópshilik bir qatar aǵzaları óz ara bir sheshimge, kelisimge kele almadı, sol sebepli qaraqalpaqlarǵa avtonomiyalı wálayat statusın beriw máselesin keyinge qaldırıwdı uyǵardı. Solay etip bul xalıq ushın úlken áhmiyetke iye bolǵan másele keyinge qaldırıldı, biraq ol júdá uzaqqa sozılmadı[35].

1924-jıldıń 18-sentyabrinde Tashkent qalasında A.Dosnazarovtıń basshılıǵında dúziletuǵın Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń wákilleriniń jıynalıs keńesi bolıp ótti. Onda tiykarınan 1-shólkemlestiriw Syezdine shekem ayrıqsha jumıs islew uyımı huqıqına iye uyım, yaǵnıy Qaraqalpaqstannıń jumıs alıp barıwshı ayrıqsha shólkemlestiriw byurosın dúziw hám onıń quramına aǵzalar menen aǵzalıqqa kandidatlar tańlaw máseleleri qaralıp dodalandı. Solay etip, Qaraqalpaqstannıń shólkemlestiriw byurosınıń aǵzalıǵına A. Dosnazarov, G. A. Lunin, I. Bekimbetov, M. P. Petrov, A. I. Qudabaev, Q. Sagdullaev, O. Irmanov, M. Fayzullaev, kandidatlıqqa — E. Rustamov, D. Qurbanbaev, A. Ayteshev hám A. Aymakov joldaslar saylanıp kiredi. Sonday-aq, usı keńeste qaraqalpaq wákilleriniń Moskvaǵa barıwı kerekligi hám oǵan kimlerdiń baratuǵını haqqındaǵı máseleni de dodalap sheship aldı. Keńes májilisi bolatuǵın Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń shólkemlestiriw byurosınıń quramın bekitiwdi RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosınan soraw haqqında da sheshim qabıl etti[36].

---

[35] Sonda

[36] Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti apparatınıń arxivi f. 60, op. 1. d. 4277. 60-bet

1924-jıldıń 23-sentyabrindegi májilisinde bolatuğın, yağnıy dúziletuğın Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatınıń wákilleri keńesiniń jumısınıń juwmağın qarap shığıp ol boyınsha A. Dosnazarovtıń málimlemesin mağlıwmat ushın qabıl etiw, al, keńeste qozğalğan hám qabıl etilgen ámeliy máseleler boyınsha konkret sheshimdi Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatın dúziw máselesi RKP (b) Oraylıq Komitetinde óz sheshimin tapqannan keyin dodalap, qarar qabıl etiw haqqında sheshim qabıl etti[37].

Sonıń menen birge RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosı óziniń qararı menen A. Q. Dosnazarovtı Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatı partiya shólkeminiń shólkemlestiriw byurosınıń baslığı hám Orta Aziya milliy-mámleketlik shegaralanıwdı ótkeriw, usı úlkede awqamlıq, avtonomiyalı respublikalar, wálayatlar dúziw menen birge olardıń SSSR quramına kiriwi haqqındağı máselelerdi qarap dodalaw boyınsha Moskvağa baratuğın delegaciyanıń quramına ağza etip kirgiziw haqqındağı qarar qabıl etti [38].

Tashkentte qaraqalpaqlar máselesi unamlı sheshilgennen keyin A. Dosnazarov 1924-jıldıń 23-sentyabrinde Xorezm Respublikasınıń Orenburgtağı konsullığında isleytuğın Oraz Irmanovqa jazıp jiberedi. Onıń Oraz Irmanovqa jazğan xatı menen tanısıp qarasańız ol kisiniń kókiregindegi sheksiz quwanıshtı, onıń hám xalqınıń ásirler boyı ármanınıń iske asıp atırğanına jetip quwanıp atırğanı seziledi. Dostı menen tez kórisip, usınday ullı quwanıshtı bóliskisi keletuğınının, sonıń menen birge bir qatar máselelerdi de oylasıp sheshiw kerekligin biliwge boladı. Sonıń ushın usı xattan qısqasha qatarlar keltirgenimiz maqul bolar. «... bul jerde Tashkent

---

[37] APCX i ÍDNÍ f. 17, op. 16. d. 1174, 204-betler

[38] Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Oraylıq Mámleketlik arxivi f 12, op. 3. d. 378, 53-bet

qalasında Orta Aziyada milliy-mámleketlik shegaralanıw boldı. Qırǵız respublikasına qosılıw menen birge Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayat bolıp bólinip shıqtı. Xojeli hám Qońıratlar Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatına qosıladı. Qaraqalpaqstannıń shólkemlestiriw byurosınıń aǵzası etip sayladı. Jaqın kúnlerde Moskvaǵa júrip ketemen, meniń keliwimdi sol jerde kút. Bir qatar máselelerdi sheship alıw ushın jolda Orenburgta toqtap ótemen. Sonnan keyin Moskvaǵa birge ketemiz».[39]

Delegaciyalar Moskvaǵa 1924-jıldıń sentyabr ayınıń aqırında barıp jetti. Delegaciyanıń quramına A. Q. Dosnazarov, I. Bekimbetov, O. Irmanov hám basqalar kirgen edi.

Qaraqalpaq delegaciyası Moskvaǵa Qaraqalpaq avtonomiyası máselesin qalay bolmasın unamlı sheshiwdi bas maqset etip keldi. Delegaciyalar Moskvaǵa kelgennen keyin, yaǵnıy 1914-jıldıń 30-setyabr kúni Túrkstan milliy komissiyasınıń bas qospa keńesi bolıp ótti. Komissiyanıń keńesi májilisine: I. M. Vareykis, N. Aytakov, Q. Atabaev, X. Saxatmuratov, A. Q. Dosnazarov, I. Bekimbetov, O. Ya. Karklin, D. I. Manjara, F. Ya. Kalugin, Petklin, R. Islamov, S. Segizbaev, F. Xojaev, Imamov joldaslar qatnastı. Keńestiń májilisi jumısında bir qatar kelispewshilikler de kelip shıqtı. Birazları máseleniń tez sheshiliwiniń tárepdarı bolsa, ayrımları bul máseleniń sheshiliwiniń sozılıwınıń táreptarı boldı. Bunday kelispewshilikler, tartıslar bir qatar máselelerdiń pisip jetilisiwine, ulıwma bir maqsetke erisiwge, keliwge járdem berdi. Sebebi, qarama-qarsı tartıslar kútá anıq mısallar, dáliller, argumentler menen dálillenip beriletuǵın edi. Ózleriniń kózqaraslarıń belgili dárejede dálillep kórsete aldı. Sonlıqtan da hár qanday másele dodalanǵanda tolıqtırılıp, pisip jetilisip barıldı. Máseleni

[39] Sonda f. 12, op. 3. d. 74, 53-bet

tayarlawshılarda qattı qarsılıqqa duwshar bolmawı ushın hár tárepleme islep, tolıqtırıp tayarlawǵa májbúr boldı.

Bunnan keyin keńeske qatnasıwshılar aymaqlıq komissiyanıń baslıǵı I. A. Zelenskiydiń bayanatı boyınsha RKP (b) Oraylıq Komitetiniń qararı haqqında joldas Vareykistiń málimlemesin talqıladı. Vareykistiń málimlemesi boyınsha talqılawdan keyin onı maǵlıwmat ushın qabıl etiw haqqında qarar qabıl etti. Bunnan soń Oraylıq Atqarıw Komitetiniń sessiyasında islenetuǵın bayanatlar tuwralı máselelerdi talqıladı. Keńes májilisi R. Islamovqa Pútkil Awqamlıq Oraylıq Atqarıw Komitetiniń sessiyasına bayanat tayarlawdı tapsırdı, al joldas F. Xojaev penen K. Atabaevqa SSSR Oraylıq Atqarıw Komitetiniń májilisine bayanat tayarlap shıǵıp sóylew tapsırıldı. Sonıń menen birge keńes qatnasıwshıları sessiyada hár bir millet wákilinen bir-bir delegattan shıǵıp sóylew kerekligi haqqında bir kelisimge keldi. Solay etip, hár bir milliy komissiyaǵa bir-bir bayanattan tayarlap shıǵıp sóylew tapsırması berildi.

Qaraqalpaq milletiniń delegatları sessiyada qaraqalpaq xalqına avtonomiya beriw haqqında bayanat tayarlap shıǵıp sóylew múmkinshiligi joldas A. Q. Dosnazarovqa berildi[40].

Qaraqalpaq delegaciyası Moskva qalasındaǵı Pushkin kóshesindegi Tvęr miymanxanasınıń 20 passajında jasap jumıs alıp bardı. 3-oktyabr kúni qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń delegaciyaları jıynalısıp, bir qatar shólkemlestiriw máseleleri boyınsha tiyisli sheshimler qabıl etiw ushın óziniń birinshi májilisine jıynalıstı. Májiliste «Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komitetiniń quramı haqqında» másele boyınsha I. Bekimbetov bayanat jasadı. Májilistiń sheshimi boyınsha A. Q. Dosnazorov Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń partiya

---

[40] Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesiniń arxivi f. 1, op. 1. d. 77, 1-bet

komitetiniń juwaplı xatkeri bolıp tastıyıqlandı. Ekinshi «Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń birinshi shólkemlestiriw syezdine shekem revolyuciyalıq komitetiniń quramı haqqında»ǵı másele boyınsha A. Q. Dosnazarov shıǵıp sóyledi. Bul qaralǵan másele boyınsha májilis tómendegi baǵdardaǵı qarardı qabıl etti. Revkomnıń quramına A. Dosnazarovtı kirgizip, onıń tolıq quramın tastıyıqladı. Revkomnıń baslıǵı bolıp A. I. Qudabaev tayınlandı. Solay etip, qaraqalpaq delegaciyası aldın-ala tayarlıqlar kórip bara beriw kerekligi haqqında óz ara kelisip jumıs alıp bardı. Bunday awızbirshilik penen jumıs alıp tayarlanıp barıw olardıń aldına qoyǵan maqsetiniń iske asıwına sońǵılıqta kóp járdemin tiygizdi.

1924-jıldıń 11-oktyabrinde RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Siyasiy Byurosı óziniń gezeksiz májilisinde Túrkstan, Buxara hám Xorezm respublikaları partiya, sovet uyımlarınıń RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Siyasiy Byurosınıń Orta Aziyanı milliy-mámleketlik shegaralaw Komissiyasınıń bayanatları menen usınısların qarap shıqtı. RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Siyasiy Byurosı Orta Aziyanı milliy-mámleketlik shegaralaw boyınsha hám mámleketlik qarjı fondların tazadan dúzilgen respublikalar hám wálayatlar boyınsha bólistiriw haqqında sońǵı sheshimge kelip qarar qabıl etti.

Usı másele 1924-jıldıń 14-oktyabrinde ashılǵan M. I. Kalininniń basshılıǵında basqarılǵan RSFSR Oraylıq Atqarıw Komitetiniń 2-sessiyasında dodalandı. Sonday-aq, sessiya Orta Aziya milliy-mámleketlik shegaralaw boyınsha Túrkstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń qararın tastıyıqladı hám sonıń menen birge sessiya onıń sheshim-qararlarına bir qatar ózgerisler kirgizdi. Sonıń menen birge sessiya qaraqalpaq xalqına Túrkstan hám burınǵı Xorezm respublikaları quramınan shıǵıw huqıqın beriw menen birge Qazaq SSRı quramında bolatuǵın Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatın dúziw haqqında qarar qabıl etti.

Eń bir tań qalarlıq jeri sessiyanı basqarıp otırǵan joldas M. I. Kalinin zalǵa qarap «Usı qaralǵan másele boyınsha pikir aytıp sóylewshiler bar ma?» dep soraǵanda, zal tım-tırıslıq penen juwap berdi. Ol kisi ekinshi mártebe óz sorawın qaytalaǵanda zaldan A. Q. Dosnazarov ornınan turıp tribunaǵa bardı hám sóz sóyledi[41]. A. Dosnazarov rus tilin jaqsı biletuǵın edi, sonlıqtanda rus tilinde jaqsı sóylep bile alatuǵını turǵan gáp. Biraq, ol qaraqalpaq tili óz aldına til ekenin, óz aldına qaraqalpaq xalqınıń tili ekenligin dálillemekshi bolǵan bolıwı itimal. Sebebi, ayrım waqıtları ayrım orınlarda qaraqalpaq máselesi sóz bolǵanda onday millet joq, ol anaw yaki mınaw millettiń bir bólegi dep dálillewshiler bolǵanın ayrım faktlerden kóriwge boladı. Sonlıqtan da ol qaraqalpaq xalqınıń óz aldına millet ekenligin, óz aldına milliy tili, úrp-ádeti, mádeniyatı bar ekenligin kóp jerlerde dálillep kórsetken. Mine, sessiyada da sol dálillerin tastıyıqlap kórsetiw ushın qaraqalpaq tilinde sóz sóylewge qarar etedi. Bul bir jaǵınan úlken siyasiy áhmiyetke iye waqıya boldı. Sebebi, úlken tribunadan qaraqalpaq xalqınıń wákili tartınbastan óz ana tilinde sóylep, óz xalqınıń mápin, huqıqın jaqlap sóz sóyledi hám ol xalıqtı kóp jurtlarǵa tanıttı.

Ol óziniń sózinde qaraqalpaq xalqınıń revolyuciyaǵa shekemgi hám sovet vlastı ornaǵannan keyingi dáwirdegi turmısın, siyasiy hám ekonomikalıq jaqtan tómen rawajlanıp atırǵanın, tiyisli orınlardıń oǵan kewil bólmey atırǵanlıqların tartınbastan aytıp, keleshekte bul xalıqqa úlken dıqqatlar awdarılıp járdemler kerekligine hámmeniń dıqqatın awdardı. Onıń sessiyada sóylegen mına qatarların oqıp otırıp, onıń sonshama máselelerdi ashıq hám kúyip-janıp aytqanın jáne taǵı sovet vlastınan úlken úmitler kútetuǵının seziwge boladı. Álbette, ol dáslepki jılları

[41] CGA OR, f. r-1235, op. 26. d. 22, 150-bet

sovet vlastına hám kommunistlik partiyanıń siyasatına qattı isenip jasap edi. Biraq, ol usı isenimleriniń sońǵılıǵında basqasha bolıp burılıp ketkenine qattı ókinedi hám sonıń qurbanı bolıp ketedi.

Qaraqalpaq xalqı qalay jasap, qalay kún kórip atır, dep birewler qızıǵadı. Bul xalıq haqqında bir jerlerde usınday sorawlar qoyıladı degen bizde usı waqıtqa shekem isenim bolmadı. Al, negizinde ol máseleler qoyılıwı kerek hám soralıwı lazım. Biraq, endigiden bılay, sovet vlastınıń ornawı menen milletlerdiń ózin-ózi xojayın ekeni hám ekonomikalıq ǵárezsizligi boladı degen bizlerde isenim bar. Ásirese, kishi xalıqlarǵa hám olardıń rawajlanıwına kewil bólinse, onda biziń kóp milletli mámleketimiz bekkemlenedi[42]. A. Q. Dosnazarovtıń usı sessiyada shıǵıp sóylegen sózi «Pravda» gazetasınıń 1924-jıl, 15-oktyabrdegi sanında járiyalanadı[43].

Qaraqalpaq delegaciyası usınday jeńislerge eriskennen keyin erisken jeńisine mardıymastan, onı taǵı da rawajlandırıw, siyasıy hám ekonomikalıq jaqtan bekkemlew ushın háreket ete baslaydı. Bunıń ushın joqarı uyımlarǵa bir qatar usınıslar isleydi. Mine sonıń birinde mınaday dep jazılǵan eken:

**«A. Dosnazarovtıń basshılıǵında Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatı delegaciyaları atınan konkret usınıs»**

Orta Aziya respublikaların milliy-mámleketlik shegaralaw tiykarında házirgi waqıtta Qaraqalpaq wálayatı dúzildi. Usıǵan baylanıslı biz, Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatı wákilleri tómendegilerdi usınıs etemiz:

---

[42] Sonda f. r-1235, op. 26. d. 22, 151-bet
[43] Pravda, 1924, 15-oktyabr

1. Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń partiya shólkemin dúziw hám onı jaqsılaw boyınsha sheshiwshi ilajlar kóriw kerek boladı. Partiyanıń házirgi wálayattağı kúshi hám házirgi quramı menen bul alğa qoyılğan wazıypalardı iske asırıw múmkin emes. Sonıń ushın Ámiwdárya wálayatı partiya komitetin tarqatıw kerek. RKP (b) nıń Qaraqalpaqstan shólkemlestiriw byurosın waqıtsha dúzip, oğan syezdge shekem barlıq shólkemlestiriw jumısların hám barlıq zárúr bolğan ilajlardı ótkeriw wazıypasın júklep, bir jılğa shekem tayarlıq kóriw durıs boladı dep oylaymız. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń shólkemlestiriw byurosınıń quramı sonday etip tańlap alınıwı kerek, ol quram menen partiya belgilegen liniyanı hám partiya shólkemlerin dúziwdi haqıyqıy túrde támiyinleytuğın bolsın.

2. Aldağı syezdlerdiń taza orayda ótiwi ushın Qazaqstannıń orayın Chimkentke yamasa Qızıl-Ordağa kóshiriwdi tezletiw kerek.

3. Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatın milliy sovet respublikasına ósirip jetkeriw tek ishki temir jol baylanısların rawajlandırıw arqalı ğana múmkin.

4. Qazaqstan republikasında kredit operaciyaların alıp barıwshı mákemelerdegi tiykarğı hám qosımsha kapitallardı bólistiriwde Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń payına tiyislisinshe bánt etip qoyıw shártli dep tabılsın.

Qazaqstan respublikasınıń Orenburg, Novo-Nikolaevsk qalalarındağı bank mákemelerindegi hám sonday-aq usınday qarjı mákemelerindegi Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatına tiyisli bolğan payına avtonomiyalı wálayatınıń ózine basshılıq etip jumsaw huqıqın beriw talapqa ılayıq dep tabılsın.

Soyuzlıq sanaattıń tiykarğı bazası hám eksportqa shığaratuğın birden-bir shiyki zat esabında sharwashılıqtı rawajlandırıw máqsetinde Qazaqstan hám avtonomiyalı

wálayatta sharwashılıq boyınsha ayrıqsha Bas komitet dúziw zárúr dep esaplaymız. Oǵan sharwashılıq boyınsha barlıq wazıypalardı júklew kerek, aytayıq, zootexnikalıq, tayarlaw, sharwashılıq ónimlerinen alınǵanlardı qayta islew hám basqa da usınday jumıslardı birlestirip alıp baratuǵın etip dúziw kerek. Onı qarjı menen támiyinlew hám tarawların dúziw Túrkstan respublikasınıń aymaǵındaǵı házir háreket etip turǵan paxtashılıq boyınsha Bas Komiteti názerge alsa boladı.

**Moskva qalası, 1924-jıl, oktyabr ayı. Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatı delegaciyası byurosınıń baslıǵı hám onıń aǵzaları»[44].**

Sonday-aq A. Dosnazarov RKP (b) Oraylıq Komitetine Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı partiya shólkemin qalay hám qanday tártipte dúziw kerekligi haqqında ayrıqsha túrde bayanlama jazıp beredi hám sol bayanlamasında kórsetilgen onıń ilajları hám jobaları, usınısları tiykarınan tastıyıqlanadı hám sol boyınsha ol jumıs alıp baradı. Sońǵılıqta qaraqalpaq xalqına burınǵı ekonomikalıq hám mádeniyat boyınsha artta qalıwshılıǵın esapqa alıp, turaqlı túrde onı kóterip barıw ushın járdemler berilip turıldı. Sonday-aq, avtonomiyalı respublikanıń óndirislik tarmaqlarınıń ósip rawajlanıwına hám onıń bekkemleniwine de járdemler berilip turıldı.

1924-jıldıń 16-oktyabrinde Moskva qalasında Túrkstan respublikasınıń finans boyınsha xalıq komissariatı wákilleriniń Qaraqalpaq milliy komissiyasınıń keńesi bolıp ótti. Onda Qaraqalpaq wálayatınıń keleshektegi rawajlanıw jolları hám oǵan 1924-1925-jıllarǵa zárúrli bolǵan qarjılardı bólip beriw haqqındaǵı máseleler dodalanadı. Keńes májilisi bul másele boyınsha tiyisli qarar qabıl

---

[44] ARCX i IDNI. f. 17. op. 31. d. 29. 2-bet

etip, A. Dosnazarovqa finans boyınsha xalıq komissarlar komissariatına hám basqa da bir qatar komissariatlarǵa jolıǵıp, qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatına kerekli muǵdardaǵı qarjı bólip beriwdi sorap ótinish etiwdi usınıs etti[45].

A. Dosnazarovtıń basshılıǵında Qaraqalpaq xalqınıń avtonomiya alıp erkin jolǵa túsip hár tárepleme rawajlanıwı ushın alǵa qoyılǵan wazıypalar menen jobalardı iske asırıw ushın taǵı da iske qızǵın kirisip ketti.

Orta Aziya milliy-mámleketlik shegaralarǵa bólgennen keyin onıń ekonomikalıq máselelerin de sheshiw, yaǵnıy Túrkstan, Buxara hám Xorezm Respublikalarındaǵı milliy-ekonomikalıq, materiallıq qorlardı tazadan payda bolǵan respublikalarǵa bólistirw máselesi tur edi. Sol belgilengen qorlardı bólistiriwde mámlektelik birlik esabında oǵan Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatı da qatnasıw názerde tutılǵan edi. Sonıń ushında A. Dosnazarov hám basqa da bir qatar avtonomiyalı wálayattıń basshıları Túrkstan, Túrkmenstan xám Xorezm respublikalarınıń úlesine tiyisli etip bólingen mámleketlik mal-múlkti bólisiwge belsene qatnastı. Usı bólisiwge baylanıslı qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı óziniń payına 380745 mal hám Orta Aziya respublikalarına hám wálayatlarına tiyisli toǵayshılıq massiviniń 5 procentin alıwǵa miyasar boldı. Usınıń ózi Qaraqalpaq xalqınıń ekonomikalıq jaǵdayınıń jaqsılanıwına hám xalıq xojalıǵınıń rawajlanıwına azda bolsa payda beretuǵın edi[46].

Orta Aziya jańadan milliy sovet respublikalarınıń payda bolıwına baylanıslı Túrkstan, Buxara hám Xorezm respublikalarınıń Oraylıq Atqarıw komitetleriniń keńesiniń 1924-jıldıń noyabrinde bolǵan májilislerinde ózleriniń is-háreketleriniń toqtaǵanı haqqında qarar qabıl etti.

---

[45] Sonda f. 62, op. 9. d. 16, 171-bet
[46] İstoriya Karakalpakskoy ASSR. T-2, 120-bet

Sessiya májilisleri endigiden bılay barlıq basqarıw huqıqı jańadan dúzilgen respublikalar menen avtonomiyalı wálayatlardıń aymağındağı dúzilgen Revolyuciyalıq komitetlerge beriletuğını haqqında da sheshim qabıl etti.

Solay etip Qaraqalpaq xalqına avtonomiyalı mámleket dúziw huqıqın alıw boyınsha siyasiy adım taslandı hám ol úlken kúshler — ayqasıw hám shayqasıwlar, dem alıssız islengen jumıslar, qaraqalpaq xalqınıń márt, márdana jigitleriniń awızbirshilik penen bir adamnıń, yağnıy A. Dosnazarovtıń basshılığında islewi arqalı erisildi dep esaplaymız. Sonıń menen birge qaraqalpaq xalqınıń, shığıs xalıqlarınıń ekonomikalıq hám mádeniy jaqtan qayta qurılıwı kerekligi haqqındağı A. Dosnazarovtıń Moskvadağı kótergen máseleleri Shığıs xalıqları miynetkeshleri tárepinen úlken quyatlawshılıqqa iye boldı.

1924-jıldıń oktyabriniń aqırında qaraqalpaq delegaciyası A.Dosnazarovtıń basshılığında Moskvadan Orenburgqa qaytıp keldi. Ol jerde, yağnıy 1924-jıldıń 24-oktyabrinde RKP (b)nıń Qırğız wálayatlıq komitetiniń byuro májilisi bolıp ótti. Byuroda A. Dosnazarov óz bayanatı menen shığıp sóyledi. Sonday-aq byuroda avtonomiyalı wálayattıń keńesleriniń birinshi shólkemlestiriw syezdine shekem avtonomiyalı wálayattıń 15 adam quramındağı Revolyuciyalıq Komitetin dúzip tastıyıqlaw haqqında másele qoyıldı. Usı másele sońın ala 1924-jıldıń noyabr ayında bolğan Qırğız (qazaq) Oraylıq Atqarıw Komitetiniń plenumında dodalanıp, unamlı sheshimin taptı.

Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń dúziliwine baylanıslı Qaraqalpaqstan aymağında barlıq basqarıw huqıqı tolığı menen Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatı keńesleriniń birinshi shólkemlestiriw syezdine shekem Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń birinshi húkimeti bolıp esaplanğan — Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Wálayatınıń Waqıtsha Revolyuciyalıq Komitetiniń qolına ótti. Revkomnıń baslığı bolıp Ábiw Qudabaev

tastıyıqlandı, al ağzaları bolıp A. Dosnazarov, K. Sagdullaev, O. Irmanov, I. Bekimbetov, Q. Áwezov, T. Nepesov, P. I. Petrov hám basqalar bekidi.

Revkom hám onıń ağzaları birinshi shólkemlestiriw syezdin tayarlaw boyınsha úgit-násiyatlıq jumısların qızğın alıp bardı. Qaraqalpaq xalqınıń tariyxında Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatınıń Keńesiniń Birinshi Shólkemlestiriw Syezdi úlken siyasiy hám milliy áhmiyetke iye edi. Sonlıqtan pútkil qaraqalpaq wálayatı aymağında jasawshı xalıqlardıń arasında úlken úgit-násiyat jumısları, onıń siyasiy áhmiyeti hám keleshegi túsindirildi. Revkom Syezdi aldınan pútkil Qaraqalpaqstan xalqına, onıń miynetkeshlerine Shaqırıq qabıl etti.

Keńeslerdiń syezdin shólkemlestiriw hám onı shaqırıw boyınsha 9 adam quramında wálayatlıq komissiya hám 7 adam quramında okruglik komissiya dúzildi[47]. Syezd aldı saylaw komissiyasınıń quramı tómendegishe tańlap alındı: wálayatlıq partiya komitetinen — A. Q. Dosnazarov, áskeriy komitetten — Smıshlyaev, hayal-qızlar bóliminen —Pogorelskoy, «Qosshılar» awqamınan — A. Ayteshov, kásiplik awqamlardan —T. Nepesov, wálayatlıq komsomol komitetinen — Q. Áwezov hám basqalar saylandı. Komissiyanıń jumısına A. Dosnazarov basshılıq etetuğın boldı[48].

1924-jıldıń dekabrinde 1-Shólkemlestiriw Syezdin shaqırıw hám shólkemlestiriw boyınsha komissiyanıń birinshi májilisi boldı. Májiliste Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatınıń Keńesiniń 1-Shólkemlestiriw Syezdin hám uezdlik, bolıslıq syezdlerdi shaqırıw boyınsha máseleler qaralıp, tiyisli qararlar qabıl etildi. Sonday-aq, usı syezdde qaralatuğın kún tártibindegi máselelerdiń tayarlanıwı da talqılandı.

---

[47] Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik arxivi f. 13, op. 2. d. 32, 5-bet

[48] Sonda f. 13, op. 2. d. 32, 5-bet

Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Wálayatınıń Keńesiniń 1-Shólkemlestiriw Syezdiniń birinshi ashılıwı kúni, yağnıy 1925-jıldıń Fevral ayınıń 12-kúni Qaraqalpaqstan xalqı ushın ğalaba xalıqlıq bayram dep dağazalandı. Tórtkúl qalasınıń xalqı hám miynet jámáátleri syezddiń ashılıw kúni ayrıqsha miyneti hám quwanıshı menen kútip aldı. Olar syezddiń ashılıwına basqalarğa qarağanda ayrıqsha tayarlıq kórdi. Paxta tazalaw zavodınıń, tigiw fabrikalarınıń jumısshıları, batraklar, diyqanlar, «Qosshı» awqamınıń wákilleri hám basqalar syezdge qutlıqlaw xatlar jolladı hám delegatlardı birinshi syezdi menen qutlıqladı.

Syezdge hámmesi bolıp, 134 delegat saylandı. Sonıń quramında 218 er adam, 6 hayal-qız, jumısshı hám diyqanlar bar edi. Hayal-qızlar az bolıwı sol dáwir ushın tán edi. Jergilikli xalıq wákilleri ele onday jıyınlarğa hayal-qızlardı jibermeytuğının hámme biledi. Delegatlardıń milliy quramı da internacionallıq halatta bolğanın kóremiz. Máselen: qaraqalpaqlar — 57 adamdı, qırğızlar — 30, ózbekler — 26 hám basqa milletler — 21 adamdı qurağan. Sociallıq shığısı boyınsha: jarlı-diyqanlar — 79, orta dármiyanlılar — 4, batraklar — 13, balıqshılar — 2, xızmetkerler — 36 adamdı qurağan. Sawatlılığı tómendegi kórsetkishke iye bolğan: baslanğısh mağlıwmattan tómeni — 90 adam, pútkilley sawatsız — 20, orta mağlıwmatqa iye — 24 adam bolğan. Al, partiyalılığı tómendegishe bolğan: VKP (b) ağzası hám ağzalıqqa kandidatları —93 adamnan, LKSM ağzaları 20, partiyasızları — 21 adamnan ibarat.

Syezddi A. Q. Dosnazarov ashtı hám onı alıp bardı. Syezddiń kún tártibine tómendegi máseleler qoyıldı: SSSR dıń ishki hám sırtqı xalıqaralıq jağdayı, Orta Aziyanı milliy-mámleketlik shegaralawdıń juwmağı, Revkomnıń esabı, Sovet qurılısı hám onıń jańadan shólkemlesiwine baylanıslı alda turğan wazıypalar, awıl xojalığın hám irrigaciyanı qayta qurıw ilajları haqqında, kooperaciya

hám mámlketlik sawda haqqında Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatınıń sanaatın tiklew, densawlıq, xalıq bilimlendiriwi, finans-salıq siyasatı hám finans bóliminiń esabı wálayatlıq Atqarıw Komitetiniń ağzaların saylaw hám qazaq úlkelik Sovetleriniń syezdine delegatlar saylaw haqqındağı máseleler qoyıldı hám dodalandı.

A. Q. Dosnazarov sonıń ishinde tiykarğı úsh másele boyınsha bayanat jasap shığıp sóyledi. «Milliy-mámleketlik shegaralanıw haqqında», «Qaraqalpaq Avtonomiyalı wálayatında sanaattı tiklew haqqında» degen máseleler boyınsha bayanat jasap shığıp sóyledi.

Syezd A. Dosnazarovtıń tikkeley qatnasıwında kútá úlken tariyxıy hújjetti islep shıqtı hám onı qabıl etti:

— Ol Qaraqalpaq Avtonomiyalı Wálayatınıń dúzilgeni haqqında Deklaraciya edi. Deklaraciyada pútkil qaraqalpaq aymağında jasawshı xalıqlardıń, qaraqalpaq xalqınıń tilegin hám erkin bildiretuğın edi. Syezd, sonday-aq kún tártibindegi basqa máseleler boyınsha da tiyisli sheshimler hám qararlar qabıl etti. Ilajlar islep onı iske asırıw boyınsha jobalar belgiledi.

Syezdde mámleketlik basqarıw uyımları hám onıń ağzaları saylandı. Eń tiykarğı basqarıw uyımı bolğan Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Wálayatınıń Atqarıw Komiteti — 43 ağzası hám 11 kandidatı quramında saylandı. Onıń baslığı bolıp A. I. Qudabaev saylandı. 1925-jıldıń 20-fevralı kúni Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Wálayatınıń Atqarıw Komitetiniń ağzaları, Prezidium ağzalarınıń saylanğanlığı dağazalandı. Atqarıw Komitetiniń ağzası hám Prezidium ağzalığına A. Q. Dosnazarov saylandı.

Joqarıda aytıp ótkenimizdey-aq, 1924-jıldıń 11-oktyabrinde RKP (b) Oraylıq Komiteti Siyasiy Byurosınıń májilisinde Túrkstan, Buxara hám Xorezm respublikalarınıń partiya, sovet uyımlarınıń RKP Oraylıq Komiteti Siyasiy Byurosınıń milliy-mámleketlik

shegaralanıwdı ótkeriw boyınsha Komissiyasınıń Orta Aziyada milliy-mámleketlik shegaralanıw máselesi haqqındaǵı usınısları, bayanatları dodalandı. Onda partiya, sovet uyımlarınıń basshı-xızmetkerleri, mámleketlik iskerler, milliy uyımlardıń, komissiyalardıń wákilleri hám basqalar qatnasıp, qoyılıp atırǵan máseleler boyınsha dodalawlarǵa qatnastı. Sol májiliste tiyisli qararlar hám sheshimler qabıl etildi. Kóp dodalawlardan, kóp sanlı dálillep kórsetiwlerden hám mashaqatlı aytısıp dálillewlerden keyin qaraqalpaq máselesi boyınshada unamlı sheshim qabıl etildi. Bunday sheshim qabıl etiwde A. Dosnazarovtıń basshılıǵındaǵı, ásirese, jeke A.Dosnazarovtıń óz pikirinde tabanlılıq, turaqlılıq penen tura biliwi arqasında usınday unamlı sheshim qabıl etildi. Sonlıqtan da Siyasiy Byuro Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı Wálayatlıq partiya shólkemniń shólkemlestiriw byurosın dúzdi hám A. Dosnazarovtı shólkemlestiriw byurosınıń juwaplı xatkeri etip tastıyıqladı. Usı waqıyaǵa baylanıslı 1924-jıldıń 12-oktyabrinde Moskva qalasınan Ámiwdárya wálayatınıń atqarıw komitetiniń baslıǵı Ábiw Qudabaevtıń atına tariyxıy áhmiyetke iye quwanıshlı telegramma keldi. Onda mınaday delingen edi: RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Siyasiy Byurosı tastıyıqladı: Shoraxan uezdi bizlerge qaraytuǵın boldı. Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı Qırǵız respublikası quramına kiretuǵın boldı, Qaraqalpaq wálayatı partiya shólkeminiń shólkemlestiriw byurosınıń quramı tastıyıqlandı. Obkomnıń juwaplı xatkeri bolıp A. Q. Dosnazarov tastıyıqlandı. Revkomnıń quramı da tastıyıqlandı, baslıǵı bolıp Á. Qudabaev tastıyıqlandı. Jaqın arada júrip ketemiz. Biziń adresimiz: Moskva; Tver miymanxanası, passaj komnata 20 — Bekimbetov hám Qaraqalpaq xalqınıń wákilleri[49]. Bul qaraqalpaq xalqınıń erkinlik hám ǵárezsizlik alıw jolındaǵı úlken jeńisi edi.

---

[49] Ózbekstan Respublikasınıń Prezidenti apparatınıń arxivi f. 60, op. 1. d. 2870, 62-bet

1924-jıldıń 1-noyabrinde Orenburgtan Tashkentke A. Dosnazarovtıń basshılığındağı qaraqalpaq delegaciyası jetip keldi. Kelgen kúni A. Dosnazarov Xorezm Kompartiyası Oraylıq Komitetiniń adresine mınaday mazmundağı asığıs telegramma saldı: «Qaraqalpaq delegaciyası Tashkentke qaytıp kelgennen keyin RKP (b) Oraylıq Komiteti tárepinen shólkemlestiriw máselesi qaraladı, onıń jumısı tamam bolğannan keyin júrip ketemiz. Biziń keliwimizge shekem syezd yamasa konferenciya ótkeriw boyınsha hesh qanday shólkemlestiriw máselesi qaralmasın — Dosnazarov»[50]. Ol bul telegrammanı usınday mazmunda salıwınıń mánisi bar edi. Ol waqıtta hár qanday qarama-qarsılıqlar, máseleni qasaqana sheshiw hám basqa da hiyleli jollar islenip qoyılıwı múmkin edi. Ol jergilikli jerdegi usınday jağdaydı jaqsı túsingennen keyin sonday mazmundağı telegramma jiberiwge májbúr bolğan.

Solay etip, 1924-jıl 2-noyabrde RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosınıń májilisi bolıp ótti. Onda A. Dosnazarov qatnastı. RKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosı Túrkstan Kompartiyasınıń Oraylıq Komitetine Qaraqalpaq wálayatlıq partiya shólkemin shólkemlestiriwdi tapsırdı. Shólkemlestiriw byurosınıń Juwaplı xatkeri bolıp bir awızdan A. Dosnazarov tastıyıqlandı. Solay etip, A. Dosnazarovtıń partiyalıq jumısı haqıyqıy túrde baslandı. Onıń moynına endi úlken wazıypalar menen shólkemlestiriw hám basqa da mıńsan eki jumıslar mindi. Olardıń hámmesin óz joldasları menen sheshiwge kiristi. Ol nağız iske kiristi[51].

1924-jıldıń 16-noyabrinde A. Q. Dosnazarov RKP (b) nıń Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı shólkemlestiriw byurosınıń Juwaplı xatkeri wazıypasın

[50] Sonda f. 361, op. 1. d. 595, C.Z. 288-bet
[51] ARCX i ÍDNÍ, f. 62, op. 1. d. 23, 58-61-betler

atqarıwğa kiristi[52]. Sol kúni keshte, yağnıy 1924-jıldıń 16-noyabri keshinde A. Dosnazarovtıń basshılığında Tórtkúl qalasında miynet jámáátleriniń, kommunistlerdiń, komsomollardıń, kásiplik awqam aktivleriniń, «Qosshı» awqamnıń aktivleriniń hám qala xalqınıń qatnasıwında ulıwma qalalıq saltanatlı jıynalısı bolıp ótti.Jıynalğanlar Moskvadan qaytqan qaraqalpaq delegaciyalarınıń milliy-mámleketlik shegaralanıw boyınsha Pútkil Rossiyalıq Atqarıw Komitetiniń sessiyasınıń májilisiniń sheshimlerin, basqa da bolğan jağdaylardı, máselelerdi bayanlap aytıp berdi. A. Dosnazarov usı másele boyınsha keń túrde bayanat jasadı. Jıynalıs qatnasıwshıları baslanğan isti quwatlawshı hám qutlıqlawshıları rezolyuciyaci qabıl etti.

1924-jıldıń 17-noyabrinde Ámiwdárya obkomınıń sońğı Plenumı bolıp ótti. Onda bir qatar máseleler dodalandı hám olar boyınsha tiyisli qararlar qabıl etildi. Sonday-aq, usı Plenumnıń qararı menen Ámiwdárya obkomınıń eski quramı tarqatılıp onıń wazıypası jańadan dúzilgen shólkemlestiriw byurosına berildi.

Kóp sanlı arxiv materialları, baspasóz materialları hám A. Dosnazarov penen birge islesken kóp sanlı adamlardan alınğan materiallar boyınsha alıp qarasaq A. Dosnazarov az waqıttıń ishinde kórilmegen dárejede shólkemlestiriw jumısların islegeniniń gúwası bolamız. Álbette, sonsha jumıslardıń ishinde, arasında kemshiliklerge, qáteshiliklerge de jol qoyıladı. Onısız múmkin emes. Onıń bir qatar qarsılasları usı kemshiliklerinen paydalanıp, onıń ústinen kóp sanlı narazılıq arzaların shólkemlestirip, onı bul jumıstan shetletiwge erisedi.

1925-jıldıń aprel ayında RKP (b) Qırğız (qazaq) kraykomnıń qararı menen A. Dosnazarovtı Qaraqalpaq shólkemlestiriw byurosı Juwaplı xatkeri wazıypasınan

[52] Sonda f. 62, op. 1. d. 24, 287-bet

shetletti. Solay etip ol óziniń pútkil ómirin, kúsh-jigerin, bilimin, patriotlığın jumsağan ármanı, isi hám jumısınan, keleshegínen ayrıldı. Buniń menen turmay onıń ústinen tağı arzalar shólkemlestirilip, onı partiya qatarınan da shığarıwğa erisedi. 1926-jıldıń 18-mart ayında onı VKP (b) ağzalığınan shığaradı. Prokuratura onıń ústinen jınayatlı is qozğaydı. Bunnan keyin Dosnazarov Oraylıq Komitetiniń adresine arza jazıp onı nahaqtan gúnalap atırğanı ushın qorğawdı soranadı. Onıń bul arzası tiykarında VKP (b) Oraylıq Qadağalaw Komissiyasınıń Orta Aziya boyınsha wákili Manjara shuğıllanıp, biraz natuwrılılardı anıqlap, Dosnazarovtıń haq insan hám haq partiya ağzası ekenligin dáliyllep beredi. Onıń juwmaqlawshı bayanatınıń sońında bılay dep jazılğanın kóremiz: «...A.Dosnazarovtıń ústinen qozğatılğan isti toqtatıw usınıladı hám onıń ózin VKP (b) nıń ağzası dep sanalsın»[53].

Usı juwmaqqa tiykarlanıp 1926-jıldıń 14-dekabrinde VKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosı óziniń gezektegi májilisinde A. Dosnazarovtıń máselesin dodalap qarap shığadı. Onda VKP (b) Oraylıq Qadağalaw Komissiyasınıń Orta Aziya boyınsha wákili Manjaranıń A. Dosnazarovtıń ústinen bolğan arzalardı hám islerdi tekserip shığarğan juwmağın talqılap ol boyınsha qarar qabıl etedi. Ol juwmaqta mınalar aytılğan edi: «... Dosnazarov Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatın dúziwdegi shólkemlestiriw jumıslarına zárúrli bolğan qarjılardı tiyisli orınlarğa jumsağanda óziniń biyliginde hesh qanday basqarıw apparatınıń bolmağanlığı sebepli jumsalğan qarjılardı waqtında durıslı hújjetlestirip barmağan. Sonıń aqıbetinde QQAO nıń Qadağalaw Komissiyası tárepinen kórsetilgen 14 922 som 35 tiyin» «ózlestirilip alınğan», «jep qoyılğan» dep gina tağıwğa sebepshi bolğan, (Egerde

[53] ARCX i ÍDNÍ, f. 62, op. 1. d. 183, 223-bet

Dosnazarovta áwelden jumıs alıp barıwshı basqarıw apparatı bolǵanda bunday «rastratalar» bolıwı múmkin de emes edi).

Ózine sonday wazıypalar júklenip, qıynalıp islep atırǵan waqıtta Dosnazarov ele jas xızmetker basshı edi, mine usı tájiriybesiz waqıtta onıń ústinen arza jazılıp, oǵan jala jabılıp, gúna taǵıldı. Ol waqıtta tolıq dárejede ózine júklengen wazıypanı hám huqıqların ańlap bilmeytuǵın edi. Óziniń jumısında Dosnazarov juwapkershiliktiń usı tároplerine jeterli dıqqat bólmey islep, onıń aqıbetine kewil bólmedi, sol sebepten onıń jumısında usınday qáteliklerge jol qoyıldı dep atalıwshı jaǵdaylar payda bolǵan... Sonlıqtan da A. Dosnazarovtıń isi toqtatılsın hám onıń ózin VKP (b) nıń aǵzası dep sanalsın[54].

Usı tiykarda VKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosı Dosnazarovtıń isi haqqında mınaday qarar qabıl etedi:

«...14 922 som 35 tiyindi talan-taraj etti dep Dosnazarovtı ayıplawshı istiń toqtatılıwı haqqındaǵı VKP (b) Oraylıq Qadaǵalaw Komissiyasınıń wákiliniń usınısı menen kelisilsin;

Dosnazarovtı VKP (b) aǵzası dep sanalsın; VKP (b) Oraylıq Qadaǵalaw Komissiyasına hám VKP (b) Qazaqkraykomına usı qarardıń qabıl etilgeni haqqında maǵlıwmat jetkerilsin;

A. Dosnazarovtı qamaqqa alıw haqqındaǵı prokuraturanıń buyrıǵın toqtatıw haqqında VKP (b) Qazaqkraykomınan soralsın»[55].

Usı aqlaw hújjetlerin A. Dosnazarov Tashkent qalasında Orta Aziya kommunistlik universitetinde (SAQU de) oqıp atırǵan dáwirinde aladı. Keyin usı oqıwın dawam etiw ushın Moskvadaǵı Sverdlov atındaǵı Kommunistlik

---

[54] Sonda f. 62, op. 1. d. 183, 264-bet
[55] Sonda f. 62, op. 1. d. 181, 23-bet

unversitetke ózgertip, Moskvaǵa kóship baradı. Ol Tashkentte, Moskvada bolǵan waqıtları Qaraqalpaqstan menen, Watanı menen hesh waqıtta baylanıstı úzbeydi, «meni ókpeletti, quwdaladı, ońıstırmadı» demesten jora-joldasları, basshıları menen xat arqalı baylanıs jasap turadı. Onıń arxivlerden VKP (b) Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatı komitetiniń juwaplı xatkeri Petr Ivanovich Varlamov penen alısqan xatları izlestirilip tawıp alındı. Onıń ol xatlardaǵı Qaraqalpaqstannıń keleshegine, onıń ósip rawajlanıwına, kadrlarınıń ósip jetilisiwine degen qızıǵıwshılıǵı, qushtarlıǵı oǵada joqarı ekenligin kóriwge boladı.

Oqıwdı tamamlaǵannan keyin 1930-jılı A. Dosnazarovtı Bashqurt ASSR ına jumısqa jiberedi.

Ol jerde ol Narkomatta jumısshı-diyqan inspekciyasında xızmet etedi. 1930-jıldıń 1-oktyabrinen baslap Bashqurt ASSR ında sovet apparatların tazalaw boyınsha Komissiyanıń baslıǵı bolıp saylandı. Al, 1931-jılı Moskvaǵa qaytıp keledi. Qaytıp kelgennen keyin Moskvada 1931-jıldan baslap ómiriniń aqırına shekem jasaydı. Dáslep «Metallstroy» trestiniń basqarıwshısınıń orınbasarı, keyin «Metallist» zavodınıń direktorı lawazımlarında isleydi[56].

## A. Q. DOSNAZAROVQA QARSÍ BASLANǴAN HÁREKETLER

1925-jıllardıń baslarınan baslap Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń partiya hám sovet uyımları basshıları menen xızmetkerleri arasında qarama-qarsı háreketler etetuǵın kúshli toparlar payda bola basladı. Bul jańa kúshke iye bola baslaǵan toparlar A. Dosnazarovqa qarsı uyımlastırılǵan edi dep aytıwǵa boladı.

[56] Ózbekstan Respublikası Prezidenti apparatınıń arxivi f 104, op. 2. d. 31, 2-bet

Sebebi, onıń isleriniń aqıbeti A. Dosnazarovtı jumıstan shıǵarıwǵa, hátteki onı partiya qatarınan óshirip, sudlap qamawǵa aparıwǵa shekem bardı. Usı maqsetlerin is júzine asırıw ushın qarsı toparlar wákilleri A. Dosnazarovtıń ústinen arzalar shólkemlestirip, ústi-ústine jaza baslaydı. Usınday arzalardıń bola beriwine baylanıslı onı wazıypalı xızmetinen bosatadı. Onnan keyin onı Qazaqstan Oraylıq Atqarıw Komitetiniń apparatına jumısqa ótkerdi. Biraq, ol bul jumısta kóp isley almaydı. Keyin 5 ay dawamında jumıssız qaladı. Shańaraǵı menen bir tiyinsız qalıp kún kórisi qıyın bola baslaydı. Ol tek materiallıq jaqtan ǵana emes, al, ruwxıy jaqtan da qıynaladı. Sebebi, ol bárin, barlıq jaǵdaydı, nege bunday bolǵanın da túsinetuǵın edi. Sonıń ushın ol járdemdi tek joqarıdan kútiwi múmkin ekenligin túsinip, Oraylıq Komitettiń Qadaǵalaw Komissiyasına arza jazıp járdem sorawǵa májbúr boladı. Arzasın mınaday mazmunda jazǵan:

«Ásirler dawamında keń dalada jasap kelgen qaraqalpaq xalqı burıńǵı Rossiya imperiyası dáwirinde de hár tárepleme ezilip kelgen edi. Mine, Orta Aziya milliy-mámleketlik shegaralawlardı ótkeriwdiń nátiyjesinde qaraqalpaq xalqına avtonomiya berildi (ulıwma aytqanda men usı xalıqtan shıqqanman). Usınday juwapkerli waqıtta bas wazıypanı ámelge asırıw ushın usı kámbaǵal xalıqtıń wákili sıpatında qaraqalpaq xalqına erkinlik hám kóp qatarlı huqıq alıw ushın gúrestim. Maqsetimiz iske astı. RKP (b) nıń Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatınıń Shólkemlestiriwshi byurosınıń juwapkerli xatkeri bolıp tastıyıqlandım. Usı byuronıń hám meniń basshılıǵımda avtonomiyalı wálayattı, partiya, sovet, jámiyetlik shólkemlerdi, mákeme hám karxanalardı dúzdik. Xalıq xojalıǵınıń materiallıq hám ekonomikalıq bazasın dúzdik, awıl xojalıǵın hám sanaattı tınısh jol menen rawajlandırıp bardıq. Aprel ayınan keyin meni Qazaqkraykomı jumıstan

shetletti. Bul arzagóy, ósekshiler (donoschikler) tárepinen ámelge asırıldı. Solardıń uyımlastırǵan háreketleri nátiyjesinde bes ay dawamında jumıssız qaldım. Usınıń saldarınan men qarejetsiz, hesh jerden járdem ala almay qıynaldım. Men ulıwma miynetkesh xalıqtıń arasınan ósip shıqqan adamman, házirgi kúnde hesh bir jerden hesh qanday járdem alıw imkaniyatına iye emespen. 1925-jıldıń 26-avgustında men RKP (b) Qazaqkraykomına arza berip, ol arzada bes ayǵa ózime tiyisli aqshamdı ala almay atırǵanımdı bayan etkenmen. Bes ay dawamında men miynet haqı, aqsha almaǵannan keyin meniń shańaraǵımnıń awhalı qıyın jaǵdayǵa tústi. Usınıń aqıbetinen kóplegen adamlardan qarızdar bolıp qaldım. Bunday jaǵdaylar meni qattı qolaysız jaǵdaylarǵa túsirip atır. Mende bul bolıp atırǵan jaǵdaylardı hám usı isti Moskvaǵa barıp RKP (b) Oraylıq Komitetine túsindiriw kerekligi haqqında sheshim payda boldı. Soǵan shekem usı jaǵdayǵa baylanıslı RKP (b) Qaraqalpaq avtonomiyalı wálayatı komitetine qaraqalpaq kreditin beriwińzdi hám solay etip meniń aylıǵımdı alıwǵa RKP (b) Oraylıq Komitetinen járdem sorayman. Egerde házir RKP (b) Oraylıq Komiteti meniń aylıǵımdı alıwǵa járdem bermese, onda meniń hám shańaraǵımnıń awhalı qıyın bolıp qaladı. Sonıń ushın usı ótinishimdi qanaatlandırıwıńızdı soranaman»[57].

A. Dosnazarovtıń usı jazǵan arzası RKP (b) Oraylıq Komitetiniń finans bólimi Qazaqkraykomnıń rezervi esabınan A. Dosnazarovqa bes aylıq miynet haqısın tólewdi Qaraqalpaqstan obkomına kórsetpe beredi. Biraq ta Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń basshıları hám qarsı toparlar bunıń menen toqtamaydı. A. Dosnazarov obkomnıń shólkemlestiriw byurosınıń Juwaplı

---

[57] Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Joqarǵı Keńesiniń arxivi f 1, op. 1. d. 319, 46-bet

xatkeri bolıp islegen waqıtta mámleket, partiya qarjısın jep qoydı, talan-taraj etti, ózlestirdi degen báneler menen onıń ústinen tekseriw alıp barıwdı uyımlastırdı. Solay etip, bul jumıs rásmiylestirildi. 1925-jıldıń dekabrinde, yağnıy 12-dekabrde Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komiteti A. Dosnazarovtıń islegen dáwirindegi jiberilgen kemshiliklerdi anıqlaw ushın tekseriw komissiyasın dúzedi hám oğan qattı tapsırmalar beredi. Komissiyanıń quramına: baslığı bolıp Bakirov, ağzaları bolıp — Dáwenov, Sidorenko, Nikitin, Batırbekovlar kiredi[58]. Olar bul is boyınsha júdá timiskilenip tekseriw júrgizip, juwmağın qarap shığıw ushın Partiya Qadağalaw Komissiyasına ótkeredi. Olar A. Dosnazarovtıń bul isin tórt ay dawamında tekseredi. Tekseriwdiń juwmağında olar A. Dosnazarov burın Juwaplı xatker wazıypasın atqarğan waqtında 14 992 som 35 tiyinlıq mámleket qarjısın óz paydasına ózlestirip talan-taraj etti dep akt dúzedi. Qadağalaw Komissiyası bul boyınsha A. Dosnazarovtıń dálillerin esapqa almay, oğan ayıp tağadı. A. Dosnazarov Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatın shólkemlestiriw ushın Túrkstan respublikasınan, RKP (b) Oraylıq Komitetinen qarjılar alğan edi. Bul qarjılardı A. Dosnazarov usı xalıq, onıń mámleketlik dúzimi, partiyalıq dúzimi, shólkemlestiriw jumısları ushın jumsağan edi. Sonday-aq qarjılardıń bir bólegin Qaraqalpaqstan avtonomiyalı wálayatınıń sovetleriniń shólkemlestiriw syezdin shaqırıwğa, onı ótkeriwge uezdlik, bolıslıq syezdlerdi ótkeriwge, delegatlardı awqatlandırıwğa, hújjetlerdi tayarlawğa jumsadı. Sonday-aq, sol waqıtta Qızıl-Orda qalasında Pútkil Qazaqstan Sovetleriniń V syezdi bolıp ótti. Oğan Qaraqalpaqstannan 30 delegat saylanğan edi. Sol 30 delegat Qızıl-Ordağa atlı hám basqa da kólikler menen qum hám dalańlıqlar arqalı

[58] Sonda f. 1, op. 1. d. 416, 25-bet

barıp qaytqan. Olardıń barıp hám qaytıwına, kóliklerine sol aqshalardan jumsaǵan. Mine, usı dálillerdi aytsa da hesh jerde onı tıńlamaǵan. Bulardan tısqarı keltirilgen hújjetlerge qaraǵanımızda A. Dosnazarov kóplegen adamlarǵa, xızmetkerlerge materiallıq járdemler bergen. Olardıń qatarında: Petushkov, Bekimbetov, Qadırkeev, Sultanov, Seydov, Ismatullaev, Janqozıev, Lunin, Irmanov, Qurbanbaev, Irmanova, Petin, Arziev hám taǵı basqalar bar edi. Komissiya bul adamlarǵa bergen aqshalay járdemdi de esapqa almaǵan. Onı nızamsız berdi dep juwmaq shıǵarǵan.

1926-jıldıń 18-martında Qadaǵalaw Komissiyasınıń A. Dosnazarovtıń ústinen tekseriw materialları boyınsha májilisi bolıp ótti. Oǵan Bakirov, Dáwlenov, Axmedov, Mámbetniyazov, Jumanazarov, Listikovlar qatnasqan. Májiliste Bakirov hám Listikovlar tekseriwdiń juwmaǵı boyınsha bayanat jasadı. Májilis A. Dosnazarovtı ayıpker dep taptı hám sol sebepli A. Dosnazarovtı partiya qatarınan shıǵarıp, onıń isin, jınayatlı is qozǵaw ushın prokuraturaǵa ótkeriwge qarar qabıl etti.

Solay etip A. Dosnazarovtıń ústinen prokuratura tárepinen jınayatlı is qozǵatıldı. Usı dáwirden baslap A. Dosnazarovtıń qayǵı-hásiretli jılları baslandı. Biraq, Dosnazarov ta qarap otırmadı. Háreket etti. Múmkin jora-joldasları aqıl berip járdem berdime, ol 1926-jıldıń avgustında Tashkent qalasına Orta Aziya Kommunistlik universitetine oqıwǵa ketedi. Ol jaqta Tashkentli dosları, partiyalas, isles dosları kóp járdem berip onı qorǵaydı. Al, Qaraqalpaqstanlı bir qatar adamlar, partiya shólkemi prokuratura onıń izinen qalmaydı. Onı biz mına faktlerden anıq kóriwge boladı.

1926-jıldıń 24-mayında Qaraqalpaqstan wálayatlıq sudınıń aǵa tergewshisi Fonoster júdá qupıya túrde qáwipsizlik bóliminiń baslıǵına A. Dosnazarovtı qamaqqa alıp, onı Tórtkúl qalasına alıp keliwińizdi hám de onıń

juwmağın bizge tez xabarlawıńızdı soranaman, dep xat jollaydı.

Sonday-aq, biz A. Dosnazarovtı qamaqqa alıw ushın úlken háreketlerdiń bolğanlığın mına hújjetlerden kórsek te boladı:

**«Sekretno! Qupıya**
**Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatınıń**
**Qadağalaw Komissiyasınıń baslığına»**

*Meniń Siziń menen awız-eki kelisiwimizge tiykarlana otırıp, Sizge VKP (b) Qaraqalpaqstan obkomınıń burınğı Juwaplı xatkeri A. Dosnazarovtıń isi boyınsha tergew háreketleriniń tolıq tamalanıwı ushın irkinish bolıp atırğan sebepler kórsetilgen hújjetlerdi jiberip atırman.*

**Wálayat prokurorı Baymuratov, 26 XI. 26-jıl №537**[59],

*«Qupıya. Tezlik penen QQAO prokuraturasına Wálayatlıq Qadağalaw komissiyası obkomınıń burınğı juwaplı Xatkeri A. Dosnazarovtıń isi boyınsha tekseriw jumısların tez arada tamamlawdı hám tergew juwmağın qaraw ushın háreket etip turğan nızamlar tiykarında sudqa ótkeriwdi soraydı. Bunnan tısqarı wálayatlıq Qadağalaw Komissiyası háreket etip turğan nızamlar tiykarında sudqa qaraw ushın ótkeriwdi soraydı. Bunnan tısqarı wálayatlıq Qadağalaw Komissiyası istiń ástelik penen alıp barılıp atırğanlığı haqqında xabarlawıńızdı soraydı».*

6. XI. 26-j. №70[60].

---

[59] Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Oraylıq Mámleketlik arxivi f 1, op. 1. d. 319, 46-bet

[60] Sonda f. 67, d. 974, 93-bet

**«QQAO Prokurorına»**

**Siziń awızeki buyrıǵıńızǵa tiykarlanıp, Qaraqalpaqstan obkomınıń burıńǵı Juwaplı xatkeri Allayar Dosnazarovtıń ústinen qozǵalǵan ayıplaw isiniń háreketi haqqında hám ol boyınsha jazılǵan qatnas qaǵazlardı, talap etiwlerdiń, soranıwlardıń kóshirmesin A/sm boyınsha Sizge raportımdı qosıp jiberemen.**

***QQAO sudı janındaǵı aǵa tergewshi Fonoster***

***6. XI. 26-j. №36/s***[61].

**QQAO nıń Prokurorına**
**raport**

Tómendegilerdi málim etip bildiremen: ayıplanıwshı puqara Allayar Dosnazarovtı Tórtkúl qalasına alıp keliw boyınsha men tárepinen hám wálayatlıq prokuratura tárepinen jazılǵan talap etiwler izsiz qalıp atır, al onısız isti tamamlaw múmkin emes.

Tergew isin júrgiziw boyınsha usı waqıtqa shekem juwap kelmedi. Dosnazarovtıń isi boyınsha tergew háreketlerin júrgiziw jumısları sońǵı mártebe KKAO Prokuraturasınıń 19/X — 26-j. №490/S qatnas qaǵazı menen Dosnazarovtı qamaqqa alıp Tórtkúl qalasına jetkerip beriw haqqındaǵı Tashkent wálayatlıq prokuraturası tárepinen usı waqıtqa shekem orınlanbay qalıp atır. Usıǵan baylanıslı Qaraqalpaqstan Avtonomiyalı wálayatı partiya Komitetiniń burıńǵı Juwaplı xatkeri Allayar Dosnazarovtıń ayıplaw isi usı kúnge shekem háreketsiz qalıwǵa májbúr bolmaqta. Usı haqqında Sizge maǵlıwmat bere otırıp, Sizden bul boyınsha aldaǵı waqıtqa kórsetpeler beriwińizdi kútemen.

---

[61] Sonda f. 67, d. 974, 93-bet

QQAO Sudınıń janındağı ağa tergewshi Fonoster[62].
18/ XI — 26-j. №1100

*«Qupıya — Tez jetkerilsin.*

*NKAO O.O.GPU baslığına*

*KNYU janındağı tergewshi Seydalinniń Dosnazarov jónindegi 27/V-26-j. №77 qatnaş qağazınıń juwmağı haqqında xabar beriwińizdi hám mendegi Dosnazarovtıń isine qosıp qoyıw ushın ol jóninde Siziń jibergen telegrammalarıńızdıń kóshirmesin mağan jiberiwińizdi sorayman.*

*Ağa tergewshi Fonoster 27/VIII — 26-j»*[63].

**«QQAO OOGPU baslığına»**

Allayar Dosnazarovtı qamaqqa alıw boyınsha KNKYU V. D. janındağı tergewshiniń qatnas qağazı 1926-jıldıń 27-mayında Sizge jiberilgen edi. Sonıń juwmağı haqqında mağlıwmat beriwińizdi hám A. Dosnazarovtı qamaqqa alıp Tórtkúl qalasına jetkeriwdi sorap jazğan qatnas xatlarıńızdıń kóshirmelerin mağan jiberiwińizdi sorayman. Ağa tergewshi Fonoster[64].

«Oğada qupıya».

*Wálayatlıq Sudınıń janındağı ağa tergewshi Fonosterge.*

*Usınıń menen 27/VI — 26-j №854 S menen jiberilgen qatnas xatlardıń kóshirmeleri jiberilip atır. Hátteki Dosnazarovtı ayıplaw boyınsha istiń detallarına shekem xabar etilgennen keyinde talap hesh orınlanbay qalıp atır.*

*QQAO OOGPU baslığınıń orınbasarı Nikitin»*[65].

**«Qupiya tergewshi Fonosterge».**

QazSSR Prokurorınıń 18/IX — 26-j. №43 p. 8

[62] Sonda f. 67, op. 1. d. 974, 96-bet
[63] Sonda f. 67, op. 1. d. 974, 97-bet
[64] Sonda f. 67, op. 1. d. 974, 98-bet

qatnas xatındaǵı kórsetpelerin orınlaw maqsetinde siz usını alıwdan QNQYU janındaǵı V. D. tergewshisi Seydalinniń Dosnazarovtıń isi boyınsha ayıplawshı juwmaǵınıń kóshirmesin №2428/S qatnas xatı boyınsha VKP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosınıń mánziline jiberiwińizdi usınıs etemen. Sonıń menen birge sonıda xabar etemen, Dosnazarovtıń Tashkent qalasında SAQUdıń jataqxanasında turatuǵının bile tura Dosnazarovtı Tashkent qalasınan qamaqqa alıp, Tórtkúl qalasına jiberiw jóninde Tashkent wálayatlıq prokuraturasınan talap etiwdiń nege keregi bar edi.

Usınıń orınlanıwı haqqında xabar etiń[66]».

**«Oǵada qupiya» 8/X —26-j №24/S.**
**Tashkent qalası VKP (b) Oraylıq Komitetiniń**

**Orta Aziya Byurosına**

18/IX — 26-j. №48 p. 8 menen jibergen Qaz SSR Prokurorınıń hám 6/X— 26-j. №478/S QQAO Prokurorınıń kórsetpelerin orınlay otırıp Siziń ıqtıyarıńızǵa — VKP (b) Qaraqalpaqstan obkomınıń burınǵı Juwaplı xatkeri Allayar Dosnazarovtıń qılmıslı isiniń aldın`alıw haqqında 2/V-26-jıldaǵı QNKYU janındaǵı V. D. boyınsha tergewshiniń qararın jiberemen Qosımsha: Siziń ıqtıyarıńızǵa: — V. D. boyınsha tergewshiniń 27/V-26-j. qararınıń kóshirmesi jiberildi.

QQAO Sudınıń janındaǵı aǵa tergewshi Fonoster»[67].

«Kóshirme Oǵada qupiyalı. Samarqand qalası. Ózbekstan GPUı baslıǵı Gofshickiyǵa.

Qızıl-Orda qalası. Qazaq SSRı boyınsha
PP OGPU dıń №0619 1/XI—1926-jılı jibergen xatına.

---

[66] Sonda f. 67, op. 1. d. 974, 101-bet
[67] Sonda f. 67, op. 1. d. 974, 102-bet

Dosnazarovtı qamaqqa alıw jınayat processual kodeksiniń 44, 146, 147 hám 158 statyaları tiykarında jınayatlı háreketlerdi boldırmaw ilajları ushın qollanıladı, sonıń ushın usı qozǵatılǵan is boyınsha ayıplaw qararın beriw boyınsha Siziń talabıńızdı orınlawǵa meniń múmkinshiligim joq sebebi juwmaqlawshı ayıplaw qararı barlıq tergew jumısınıń tamamlanıwı bolıp esaplanadı, qala berdi onıń ishine ayıplanıwshını soraw etiw birinshilerden bolıp kiredi. Al, házirshe Dosnazarov tergewshi tárepinen soralmadı. Onı qamaqqa alıw haqqındaǵı qarar tergew jumısınıń eń dáslepki háreketleriniń biri bolıp esaplanadı. Tergew isi eń dáslep Wálayatlıq Qadaǵalaw Komissiyasınan baslandı hám men soǵan tiykarlanıp tergewshiniń ayıplawshı qararınıń kóshirmesin usınıs etemen, onda bul istiń negizin hár tamanlama anıq hám tolıq biliwge boladı. Siziń Dosnazarovtı ayıplaw isi ayrım qarsı toparlardıń uyımlastırǵanı bolıwı múmkin degen boljawıńız boyınsha, tergewshiniń tekserip anıqlap shıǵarǵan ayıplawshı dálili sóz joq obyektiv aǵzalıǵınan dep ayta alaman».

**QQAO OGPU nıń baslıǵı (Juravlev)[68].**

**«Tashkent qalası. Wálayat Prokurorına**
**Shıǵıs №490/S 19/X —26-j.**

Qaz SSR NKYU janındaǵı V. D, Boyınsha aǵa tergewshi Seydalinniń A. Dosnazarovtıń qarsısına qozǵatılǵan jınayatlı háreketti boldırmaw sharaları haqqındaǵı qararınıń kóshirmesin jibere otırıp A. Dosnazarovtı qamaqqa alıwıńızdı hám onı saqshılardıń qorǵawı astında Tórtkúl qalasına QQAO Sudınıń aǵa tergewshisine jetkerip beriwińizdi soranaman. Bizdegi bar maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda Allayar Dosnazarov

[68] Sonda f. 67, op. 1. d. 974, 100-bet

Tashkent qalasında SAQU diń jataqxanasında turatuǵın qusaydı. Biziń ótinishimizdi orınlawdan bas tartpawıńızdı soranamız. Kórgen sharalarıńız haqqında maǵan xabarlańız.

QQAO Prokurorı (Piskunov)[69].

«Kóshirmesi. Qupıya — tez jetkerilsin.
Shıǵıs №3423. 4/X — 26-j.
Tashkent qalası, VQP (b) Oraylıq Komitetiniń Orta Aziya Byurosına
Tórtkúl qalası. VKP (b) Qaraqalpaqstan wálayatlıq Komitetine»

VKP (b) Oraylıq Komitetiniń qararına tiykarlanıp, házirgi waqıtta joldas Dosnazarovtıń isi boyınsha tekseriw jumısları júrgizilip atırǵanın xabar etemen. Usıǵan baylanıslı tekseriw jumısları tamam bolǵansha aldaǵı waqıtta Dosnazarovtıń isi boyınsha hár qanday sheshim qabıl etiwden bas tartıp turıwıńızdı sorayman. VKP (b) Oraylıq Qadaǵalaw Komissiyasınıń hám SSSR Xalıq Komissariatı jumısshı -diyqan inspekciyasınıń Orta Aziya boyınsha wákili (MANJARA)»[70].

Manjara joqarıda aytıp ótkenimizdey tekseriw jumısların júdá obyektiv hám principial, jergilikli jaǵdaydı túsingen halda alıp baradı. Ol VKP (b) Oraylıq Qadaǵalaw Komissiyasına júdá obyektiv bayanlama jazıp tayarlap, Dosnazarovtı aqlap hám partiya qatarında alıp qaladı.

Qansha aytqan menen A. Dosnazarovtıń qarsılasları óz hárekterlerin toqtatpadı. Olar hár bir qádemde A. Dosnazarovtıń ayaǵınan shalıwǵa, onı mayırıwǵa, hátteki joq etiwge shekem háreket etti. Bunday is penen

---

[69] Sonda f. 67, op. 1. d. 974, 103-bet
[70] Sonda f. 67, op. 1. d. 974, 104-bet

shuǵıllanǵan adamlar **1924-1926-jıllarda da bolǵan bolsa,** 1930-jıllarda da olar óz háreketlerin toqtatpadı.

...1934-jıldıń gúz ayları... Ol náwbettegi miynet dem alısınan keyin Moskvaǵa qaytıp keldi. Kelgennen keyin onı burıngı jumısına qabıl etpedi. Sebebi, onıń ústinen bir neshshe shaǵım xatlar, dóhmet arzalar NKVD ǵa barıp jetken edi. Bul xatlardıń kópshiligin sol waqıttaǵı Qaraqalpaqstanda basshı jumıslarda islep atırǵan adamlar, usı xalıqtıń intelligenciyaları jazıp, tiyisli jerlerge jolladı dep oylaymız.

A. Dosnazarovqa qarsı háreket etiw ushın sol dáwirde Moskvada oqıp atırǵan qaraqalpaq talabaların óz agentleri esabında paydalandı. Bul talabalar óz gezeginde Dosnazarovtıń úyinde bolıp, nanın jep, awqatın iship qarının toydırıp júrgen, hátteki qıynalıp júrgende onnan materiallıq járdemler alıp turǵan adamlar bolıwına qaramastan, toyǵan dasturxanına túpirip, jaqsılıqqa jamanlıq islewge baradı. Olardıń ayrımları A. Dosnazarovtıń hár bir basqan qádemin ańlap, joq jerden ósekler taratıp, toqıp, olardı waqtında jetkerip turǵan bolıwı itimal. Bunday jetkerip barıwlardan mınanı aytıwǵa boladı. Sebebi, ol bul haqqında tek úyine kelgen talabalarǵa aytıp hám kórsetken. «A. Dosnazarovtıń úyinde qural bar. Bul qural I. V. Stalindi atıw ushın saqlap qoyılıptı» degenge usaǵan maǵlıwmatlardı jazba hám awız eki túrde jetkerip turǵan.

Haqıyqatında A. Dosnazarovta eki qural bolǵan. Bul qurallar 1920-jılı ol Qızıl áskerler qatarında ayrıqsha xızmet etkeni ushın onıń atına jazba túrde estelik ushın berilgen edi. A. Dosnazarov bul qurallardı hátteki Tashkentte 1926-jılı oqıp júrgen kúnleri-aq GPU diń esabınan ótkerip qoyǵan edi.

A. Dosnazarovtıń ústinen jazılǵan arzalar, operativ xabarlar, agentlerdiń maǵlıwmatları NKVD da esapqa alınıp, onıń ómirine qáwip tuwǵıza baslaǵanın ózi ońsha sezbeytuǵın edi.

Dosnazarovtıń úyinde kóbinese Moskvada oqıp atırǵan talabalar kóp bolatuǵın bolǵan. Sonday-aq talabalardan basqa Moskvada islep atırǵan jerlesleri, qatarları, tanısları, Qaraqalpaqstannan barǵanlar onıń úyine barmay ketpeytuǵın bolǵan. Ol kelgen miymanlardıń hámmesin jatırqamay qabıl etip kútetuǵın edi hám olar menen aq kókiregin ashıp, ashıq sóylesken. Jasırmastan, sır tutpastan ashıq sırlasqan. Ásirese talabalar menen júdá ashıq hám sırlas bolǵan. Olardan hesh nárse jasırmaǵan. Olar qolı bos waqıtları jıynalısıp, pikirler alısqan. Kóbinese oqıw haqqında bolsa, arasında siyasat haqqında da gáp qozǵap, anekdotlar aytısıp kewil kóterisken. Bılayınsha qaraǵanda, bul júdá tatıw adamlar bolıp kórinetuǵın edi. Negizinde, ol Dosnazarovtıń ózine de unadı. Sebebi, ol óz elatınan uzaqta, sóylesip dártlesetuǵın adamı, isleytuǵın qızǵın jumısı joq edi. Ekinshiden, ol kadrlarǵa, ásirese, jaslarǵa, olardıń bilim alıp erteńgi kúni qaraqalpaq xalqınıń el azamatları bolıp jetisiwi ushın jan kúydiretuǵın adam ekenin bilemiz. Sol sebepten ol studentlerdi ózine úyir etip aldı. Sonlıqtan da onıń ózi de hám basqalar da bul jıynalatuǵın topardan hesh qanday jaman nárse oylamaytuǵın edi.

Usı studentler toparınıń qatnasıwshısı, sol waqıyalardıń gúwası esabında Dosnazarovtı qamaqqa alǵanı haqqında burıngı muǵallim Tóreniyaz Áyteniyazov eske túsirip mınalardı aytıp beredi:

— Men, barlıq qaraqalpaq studentleri kibi Moskvada oqıdım. Bizlerden barǵan balalar tek Universitette emes, al Moskvadaǵı basqa da joqarı oqıw orınlarında oqıytuǵın edi. Allayar aǵanıń úyinde tez-tez jıynalısıp turatuǵın edik. Ol kisi Sovetler úyiniń 3-úyinde eki xanalı jayda turdı. Meniń biliwimshe, Allayar aǵanıń úyi qashan kórseń adamǵa tolı bolatuǵın edi. Al, bizler studentler stipendiya alsaq bolǵanı hámmemiz onıń úyinde úlken jıyın bolıp jıynalıp otıramız. Oqıw haqqında tabıslarımız,

qıyınshılıqlarımız, kemshiliklerimiz, Qaraqalpaqstan hám onıń keleshegi, Moskva haqqında aytısıp, ondağı waqıyalardı talqılaymız, pikir alısamız. Allayar ağa Moskvanı kútá jaqsı kóretuğın adam. Sonıń menen birge ol rus tilin jaqsı biledi hám bárháma óz ústinde kóp oqıydı. Ásirese, Qaraqalpaqstan dese janın beredi, onı sağınadı, barıp islegisi keledi. Ol aytadı, eger bir múmkinshilik bolsa, dárhal Qaraqalpaqstanğa qaytıp barıp islewdi maqset etip qoyıppan, ol ármanım deytuğın edi. Qaraqalpaqstanda alıp barılıp atırğan ayrım jumıslarğa, kadrlar tańlawlarğa narazılıq bildiredi.

Bizler sol kúni ol kisiniń úyine erte bardıq. Allayar ağa úyinde joq eken, bizlerdi onıń hayalı kútip aldı hám ol bizlerdi jibermedi. Ol házir keledi, kelse sizlerdi jibermeń dedi, dep bizlerdi irkti. Haqıyqatında da aradan kóp ótpey-aq ol jetip keldi. Biraq, ol kúndegidey emes, sharshağanday, úskini túskendey bolıp keldi... Biraq, qádimgidey ol bárháma biziń hámmemizdiń dıqqatımızdı ózine awdardı. Qalada, universitette qanday jańalıqlardıń bolıp atırğanı haqqında basqa da jańalıqlardı aytıp beredi. Sol jerde biz onnan Leningradta S. M. Kirovtıń óltirilgeni jónindegi xabardı esittik. Buğan biz hámmemiz qıynaldıq. Ásirese, Allayar ağa qattı qınaldı. Sol kúni keshte ol óz revolverin kórsetti hám onı qalay hám qanday mártligi ushın alğanlığı haqqında aytıp berdi. Onı ol Qızıl Áskerler qatarında xızmet etkeninde ayrıqsha kórsetken xızmeti ushın estelikke jazıp atına bergen eken. Sonıń menen birge ol usı quraldı waqtında hújjetlestire almay qalğanı haqqında nalınıp ayttı hám onı óziniń ornına aparıp qoydı. Ol sonday-aq, ózi xızmet etken polkta ózindey kóp ğana qızıl áskerlerdiń usınday qural menen sılıqlanğanı haqqında da aytıp berdi. Solay etip, keyninen sol waqıttağı óziniń kóp ğana dosların eske túsirdi. Bizler sol kúni uzaq otırdıq. Chay ishtik, qosıq ayttıq birewimiz asxanağa barıp kelip júrsek, birazımız sırtqa

papiros shegiwge shıǵıp, kirip-shıǵıp júrdik. Eń sońında tap tún yarımında tarqastıq. Men sol úyden shıǵıp záńgilikten túsip kiyatırsam bizlerge qarsı kiyatırǵan NKVD nıń eki soldatın kórdim. Men olarǵa onsha itibar bermey qasınan óte berdim. Bir waqıtta birden kewlime bir nárse dúk ete qaldı hám dárhal artıma qarap olardıń qayaqqa baratırǵanına ser saldım. Olar tap Allayar aǵa turatuǵın podyezdge kirip ketti. Júregim dúrsildep ketti hám men ne qılarımdı bilmey sol jerden ketpey biraz waqıt turdım, biraq ol jerden hesh kim kóp waqıtqa shekem shıqpadı. Keyin hesh gáp bolmas dep qayttım. Biraq, úyge kelgennen keyinde júregim háwlirip, kóp waqıtqa shekem uyıqlay almadım. Men túni menen uyıqlamadım hám tań atar-atpastan sol jaqqa qarap shaptım. Esikti onıń hayalı ashtı hám shıday almay birden ókirip jılap jiberdi. Ol jılap otırıp keshe bizler ketkennen keyin NKVD dan adamlar kelip úydi tintip, tekseriw júrgizgenin hám Allayardı qamaqqa alǵanın aytıp berdi. Keyin meniń anıqlap biliwime qaraǵanda A. Dosnazarovqa I. V. Stalinniń ómirine qáwip tuwǵızıw, atıp óltiriw ushın nızamsız qural saqlaǵanı haqqında ayıp taǵılıp qamaqqa alınǵan. Bunday jalaǵa kim isenedi. Bul oylanbaǵan hám qorqınıshlı hám ayanıshlı is edi. Onıń tez qamaqqa alınǵanın qalay túsindiriwge boladı. Bul barıp turǵan aqımaqshılıq dese boladı

Men sol kúni birme-bir esime túsire basladım.

Sonda studentlerdiń arasınan kópshiligi sırtqa kirip-shıǵıp, kelip-ketip júrdi. Demek, olardıń arasınan kimlerdur Allayardıń ústinen bolar bolmas jalanı tiyisli jerine xabar etip kelgen hám ol óz isin pitkerip kelip, qatarda qádimgishe jora-joldas doslarday bolıp hesh nárse bilmegendey otırǵan. Demek, aramızdan sonday adam shıqqanı... Biraq, kim ol? Kim? Bunıń kim ekenin hesh kim bilmeydi hám bilmey de ketiwi múmkin shıǵar.

Sonan baslap bizler studentler bir-birimizden qorqa basladıq hám bir-birimizge isenbedik. Jıynalısqandı da qoydıq hám endigiden bılay ashıq sóylesip sırlaspaytuǵında boldıq. Biz qasımızda, qatarımızda kimniń júrgenin, dostımızdıń kim ekenin bilmedik. Dáwir adamlardı sonday dárejege jetkerdi. Dáwir adamlardı basqasha adam etip jiberdi. Adamlardıń kópshiligi gáp tasıwshılar bolıp qáliplesti. Allayar Dosnazarovtı sońǵı kórgenlerim hám onıń qamaqqa alınıwı haqqında meniń biletuǵınlarım usılardan ibarat».

Dosnazarovtı 1935-jılı 25-yanvarda qamaqqa aladı, al studentler onıń úyinde 24-yanvardıń keshinde, yaǵnıy túnde jıynalısıp otıradı. Bul biziń tek boljawımız ǵana. Negizinde ol maǵlıwmattı jetkergen studentlerime, yamasa studentlerden kórsin óz-ózi dushpanlassın dep arnawlı túrde uyımlastırıp, sol kúnge tuwırladıma belgisiz. Haqıyqatında maǵlıwmat tiyisli orınlarǵa 24-yanvar kúni jetip barǵan, al Dosnazarovtı 24-yanvardıń 25-yanvarǵa óter túninde úyine tintiw júrgizip, qurallarıń alıp, aktlestirip qamaqqa alǵan menen tolıq anıq emes. Sonıń ushın arxivlik materiallardan mına hújjetlerdi keltirip ótkendi maqul kórip otırman.

1935-jılı 25-yanvar kúni NKVD GUGU nachalniginiń ayrıqsha isler boyınsha orınbasarı Gorb SSSR ishki isler ministri xalıq komissariatınıń orınbasarı joldas Prokofevqa A. Dosnazarovtı qamaqqa alıw ushın raport jazıp, jazba túrde bayanlama jiberdi. Onıń jazǵan bayanlamasında bılay delingen edi:

«Moskva qalasınıń 3-Sovetler úyiniń aymaǵında jasawshı Dosnazarov Allayar, 1918-jıldan partiya aǵzası, milleti qaraqalpaq, Moskvadaǵı burıńǵı qulıp islep shıǵaratuǵın zavodtıń direktorı házirgi kúnde islemeydi, antisovetlik háreketi baslanıp atır. Jáne de kommunistlik partiya menen sovet húkimetiniń kósemlerine terroristlik

kózqarasta bolmaqta. Bul tuwralı maǵlıwmat bizge 1935-jılı 24-yanvarında kelip jetti. Ol terroristlik jol menen VKP (b) Oraylıq Komitetiniń xatkerlerinen birewin óltiriwdi planlastırǵan. Sonıń ushın onda qural (nagan) bolǵan. Dosnazarovtı sonıń ushında qamawǵa alıwǵa sankciya beriwińizdi ótinish etemen» — dep raportqa Gorb qol qoyǵan.

Joldas Prokofev hesh qanday oylanbastan, faktlerdi hám bolajaq isti teksermesten dárhal Gorb tárepinen jazılǵan raportqa qol qoyadı. Raporttıń ústinde mınanday jazıwlar bar. Joldas Gorbqa Dosnazarovtı qamaw haqqında joldas Shkiryatov ta (KPK) kelisim berdi delingen.

Solay etip A. Dosnazarovtı qamaw ushın jáne onıń úyine tintiw júrgiziw ushın Prokofev tárepinen 1935-jılı 25-yanvar kúni NKVD Bas basqarmasınıń mámleketlik qáwipsizlik operativ bóliminiń xızmetkeri Azenbergke №1696 order beriledi[71]. Jáne bul orderge qol qoyıladı. Sol kúni Ayzenberg basshılıǵındaǵı NKVD nıń eki soldatı menen adamlar Dosnazarovtıń úyine túnde birden bastırıp kirip kelip, onıń qolına kisen saldı. Úyine tintiw jasaydı. Bul jaǵday Dosnazarov ushın kútilmegen jaǵday boldı. Ol ań-tańı shıǵıp ne bolǵanın bilmey qaladı. Sol waqıtta ol oylana baslaydı hám óziniń kóp qátelerge jol qoyıp haq kókirek, isengish, ashıq minez bolǵanın bildi. Endi ne boları boldı, baxtımdı aldımnan kórermen dep oyladı. Onıń kóz aldında erteńgi gúllenetuǵın Qaraqalpaqstan, ol ushın qansha jumıslar, háreketler islew kerek edi. Qansha planları bar edi. Sonıń onnan birin de islep úlgermedi. Qaraqalpaqstandı basqa respublikalarday respublika qatarına qosıw ármanı orınlanbay qalatuǵın boldı. Sol waqıtta onıń kóz aldına balalıq, jaslıq dáwiri,

---

[71] Qaraqalpaqstan Respublikalıq úlke tanıw muzeyiniń arxivi f 3, d. 31, 8-bet

oynap ósken jora-joldasları, qatar-qurbıları, tuwǵan-tuwısqanları birim-birim kino lentasınday zımırap ótti. Tuwılıp ósken Qaraqalpaqstan Watanı kóz aldında elesledi. Ne ushın bunday bolıp atırǵanın ózi de túsinbedi. Ne waqıya bolıp atırǵanın ózi de sezbedi. Bosaǵadan shıǵıp baratırǵanda altı jasar Úmit atlı qızı ákesin qaytıp kóre almaytuǵınday «aǵa» dep kózlerinen monshaq-monshaq jas tókti. Bul Dosnazarovtıń óz qızın sońǵı mártebe kórip qalıwı edi. Onıń 24 jasar jesiri Polina bul waqıtta huwshsız jatır edi...

Sol kúni A. Dosnazarovtı Moskvadaǵı NKVD nıń ishki izolyatorınıń ulıwma bólimine qamap qoydı.

## PROTOKOL

SSSR Ishki Isler Xalıq Komissariatı Mámleketlik Qáwipsizlik Bas Basqarmasınıń orderine tiykarlanıp, order №1696, 1935-jılı yanvar ayınıń 25 kúni berilgen, SSSR Oraylıq Atqarıw Komitetiniń Bojedomskoy kóshesindegi №3 úydiń №1 jayındaǵı №49 xanasında jasawshı puqara Allayar Dosnazarovtıń úyine tintiw ótkerildi. Tintiw júrgizilgen waqıtta qatnasqanlar: A. Dosnazarov, P. Sh. Xaritonov A. I. Melnikov, Nazarov, Ayzenberg, Strunov, Mendixoja.

Joqarıdaǵı orderge tiykarlanıp puqara Allayar Dosnazarovtı Mámleketlik qáwipsizlik Bas Basqarmasına alıp barıw ushın tómendegi zatlar alındı:

1. Nagan sustemasındaǵı revolver: 2. Úsh liniyalı rus karabini. 3. Allayar Dosnazarovtıń atına berilgen úsh jıllıq múddettegi pasport: 4. Allayar Dosnazarovtıń atına nagan hám karabin vintovka alıp júriwge ruqsat berilgen OGPU diń gúwalıǵı. Onıń waqtı 1934-jıldıń 7-oktyabrinde ótip ketken. 5. 6 dana hár qıylı xatlar, hújjetler hám súwretler.

Tintiw isin 1935-jıldıń 25-yanvarı kúni ayrıqsha bólimniń komissarı Ayzenberg alıp bardı.

Kommendaturanıń hákimshilik-xojalıq isleri basqarması.

**25.1—1935-j.**[72]

Kvitanciya №2311.

SSSR Ishki Isler Xalıq Komissariatı Mámleketlik Qáwipsizligi Bas Basqarması ayrıqsha isler bóliminiń orderine tiykarlanıp (order №1696) qamaqqa alınǵan Allayar Dosnazarovtan: kavalerler karavini, 1915-jılı islep shıǵarılǵan nagan qabıl etip alındı.

Qamaqqa alınǵanlardı qabıllawshı náwbetshi: (qolı)

**kvitanciya №2199 25/1 — 35-j**

Familiyası hám ismi sháripleri: A. Dosnazarov

Hújjetleri: №8823389 parbilet, №323059 pasport, №4245 gúwalıq, qural alıp júriwge berilgen gúwalıq, áskeriy bilet, esapta turıwshı kartochka, 2 dana minezleme, maqtaw qaǵazı, hár qıylı gúwalıqlar 38 dana spravka.

Qamaqqa alıǵanlardı qabıl etetuǵın qabıllawshı: (qolı)[73]

Ayzenberg basshılıǵında Dosnazarovtı hár kúni sorawǵa tuttı. Izolyatorda alıp barılǵan tergewde oǵan tiykarsız ayıplar taǵılıp, awır qıynawlar boldı. Bunday adam shıdamaslıq qıynawlardıń bárine ádepki waqıtları Dosnazarov tisin-tisine qoyıp shıdap keldi. Biraq, qattı qıynawlar onıń dármanın qurttı. Sonıń ushında ol qatań qıynawlardıń birinde taǵılǵan ayıplardıń ayrımların moyınlawǵa májbúr boldı.

---

[72] Sonda f. 3, d. 31, 3-bet

[73] Sonda f. 3, dd. 31, 3-bet

## Allayar Dosnazarovtan soraw alıw protokolı

4-fevral 1935-j.

**Soraw:** — Sizde partiyanıń siyasatına hám basshılarǵa narazılıq payda bola basladı ma?

**Juwap:** — VKP (b) nıń basshılarına hám partiyanıń bir qatar júrgizip atırǵan ilajlarına narazılıq bildirgenim ushın ózimdi ayıplı dep bilemen. Óziminiń narazılıqlarımdı men ózimizdiń jaqın jora-joldaslarımnıń arasında bolǵanımda ara-tura aytatuǵın edim. Bul narazılıqlar mende partiyanıń siyasatına qattı isengenlikten kelip shıqtı. Burın juwapkerli basshı jumıslarda islegen waqtımda partiya meni qorǵaydı hám juwapkerli jumısta islewge uqıbım bar dep oyladım, házirde juwapkerli orınlarda islewge uqıbım bar ekenligin jasıra almayman. Meniń narazılıǵımnıń kúsheygeniniń sebebi, sońǵı waqıttaǵı meniń partiyanıń basshılarına bolǵan ótinishlerimnen unamlı juwmaq shıqpadı. Máselen, 1934-jılı, oktyabrde joldas Kaganovichke qabıl etiwge eki mártebe háreket ettim, biraq qabıl etilmedim. Noyabrde VKP (b) Oraylıq Komitetiniń xızmetkeri joldas Ejovqa kirip sóylesiwge úsh mártebe urındım, onda da qabıl etilmedim. Usılardan keyin joldas Stalinge xat jazdım, ol xatıma qamalıwdan aldın ǵana Oraylıq Komitetten juwap aldım.

Ózimniń narazılıqlarımdı men partiyanıń milliy máseleler boyınsha siyasatı, burınǵı kadrlarǵa qatnas jasawları dógereginde ǵana ayttım. Men jaqın adamlarım menen sóyleskende partiyanıń milliy máselelerdegi júrgizip atırǵan siyasatına, mısalǵa Qaraqalpaqstandı kórsettim. Mısallardı keltirgenimde Qaraqalpaqstandaǵı ekonomikalıq rawajlanıwdıń joq ekenin, jańa milliy kadrlardıń tarbiyalanbay atırǵanın aytatuǵın edim. Men, óz

narazılıqlarımdı bildirgen waqıtta joldas Stalin hám Kaganovich haqqında da aytqan bolıwım itimal, biraq olarğa men tárepten ómirine qáwip tuwdıratuğın háreket etetuğınım haqqında aytqanımdı hesh esley almayman.

Protokol mağan oqıp berildi, durıs jazıp alınğan: — Dosnazarov.

Soraw etken — OO GUGB nıń 3-bóliminiń tez orınlawshı wákili — Ayzenberg[74].

Jınayat islewdiń aldın alıw sharaları hám ayıptı moynına qoyıw haqqında Qarar

**Moskva qalası.**

**Xalıq Komissariatı 8-fevral, 1935-jıl.**

Ishki Isler boyınsha Xalıq Komissariatınıń (NKVD) Mámleketlik Qáwipsizligi Bas Basqarmasınıń ayrıqsha 3-bóliminiń (OO GUGB) tez orınlawshı wákili, mine men Ayzenberg, №920 is boyınsha tergew materialların qarap shığıp hám tómendegilerdi esapqa alıp: puqara Allayar Qorazovich Dosnazarov, 1986-jılı tuwılğan, milleti qaraqalpaq Qaraqalpaqstan ASSR ında tuwılğan, SSSR puqarası, VKP (b) ağzası, xızmetker, burınğı qızıl partizan, sońğı waqıtları partiya menen sovet vlastınıń turmısqa asırıp atırğan ilajların, ásirese milliy siyasat tarawındağı júrgizip atırğan ilajların kritikalap, kontrrevolyuciyalıq úgit-násiyatlar júrgizilgeni tolıq, jeterli dárejede anıqlandı. Kommunistlik partiyanıń kósemlerine qarsı terroristlik háreketler islew qıyalı payda bola baslağan. 66 patronı menen nagan revolverin 99 patron menen Rus karabinin nızamısz saqlağan. Usılardı daqqatqa alıp:

---

[74] Sonda f. 3, j. 31, 1-bet

**Qarar etemen:**

Puqara Allayar Dosnazarovtı RSFSR Jınayat Kodeksiniń 58— 8-statyalarına muwapıq ayıplanıwshı esabında juwapqa tartılsın, tergewden hám sudtan bas tartıp qashpaw sharaların qollanıp, onı qatań tártiptegi Ishki Isler Xalıq Komissariatınıń ishki izolyatorında irkiwge alıw sharası qollanılsın.

**OO GUGB nıń 3-bóliminiń operupolnomochennıyı. (Qolı)**

**«Kelisim beremen» OO GUGB nıń 3-bóliminiń baslıǵı. (onıń qolı)**

Usı qarar maǵan oqıp esittirildi.

Ayıplanıwshı Dosnazarovtıń (qolı) 10/11 — 35j[75].

Solay etip, tergewden soń A. Dosnazarovtıń isi sudqa ótkerildi.

**Oǵada qupıyalı**

**Sovetler Soyuzı Socialistlik Respublikaları atınan SSR Awqamı Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyasınıń**

**№ 31 HÚKIMI**

**Tómendegi quramda: Basshılıq etiwshi j. Goryacheva aǵzaları: Rautman hám Orlov Qudryavcevanıń xatkerliginde**

1935-jıldıń 8-aprelinde, Moskva qalasında, óziniń jabıq májilisinde RSFSR Jınayat Kodeksiniń 58—8-statyalarında názerde tutılǵan jınayatldar islep ayıplanıwshı Allayar Qorazovich Dosnazarovtıń isin qarap shıqtı. Ol

[75] Sonda f. 3, d. 31, 4-bet

ayıplanıwshı Qaraqalpaqstan ASSR nıń Taxtakópir rayonındağı №10 awılında tuwılıp ósken. 1896-jılı tuwılğan, milleti qaraqalpaq VKP (b) ağzası, joqarı mağlıwmatlı, sociallıq shığısı xızmetker, burın sudlanbağan.

Tergew hám sud uyımlarınıń aldın-ala júrgizgen tergew hám tekseriw júrgiziw isleri arqalı tómendegiler anıqlandı:

1934-jıldıń ekinshi yarımınan baslap burın ózi islegen Qaraqalpaqstan ASSR ında partiya basshıları tárepinen júrgizilip atırğan siyasatqa ashıqtan-ashıq narazılıq bildirip basladı, sońğı waqıtları kommunistlik partiyanıń milliy máseledegi siyasatlarına da narazılıq bildirip kiyatır.

S. M. Kirovtıń jawızlıq penen óltiriliwine baylanıslı Dosnazarov óziniń tanıs-bilisleri, dosları arasında kontrrevolyuciyalıq úgit-násiyat júrgizdi, sonday-aq usı óltiriwge baylanıslı bir topar terroristlerdiń atılıwına hám ol boyınsha sovet húkimetiniń júrgizip atırğan is-háreketi menen ilajlarına narazılıq bildirip, atılğan terroristlerge ayawshılıq sezimlerin bildirip qarsı háreketler isledi. Onıń usınday kontrrevolyuciyalıq sezimleri hám júrgizgen hár qıylı sózleriniń aqıbeti onı partiyanıń basshılarına qarsı qaratılğan terroristlik háreketler islewge alıp bara basladı.

Usı joqarıda aytılğanlarğa tiykarlanıp SSSR Joqarğı Sudınıń Áskeriy Kollegiyası Dosnazarovtı RSFSR Jınayat Kodeksiniń 58—8-statyalarında kórsetilgen jınayatlardı islegeni ushın ayıplı dep sanaydı hám húkim etedi:

Mal-múlki bolmağanlıqtan mal-múlkin konfiskaciyalawsız Allayar Qorazovich Dosnazarov on jılğa erkinen ayrılsın. Sud bolğanğa shekemgi aldın-ala otırğan kúnleri esapqa alınsın hám otırıw múddetin esaplawdı 1935-jıldıń 25-yanvarınan baslap sanalsın.

Húkim aqırğı hám sudtıń bul húkimge narazılıq bildiriw qadağan etiledi»[76].

Sudlanğannan keyin ol Belomor-Baltıqtağı temir joldıń qaptalında jaylasqan siyasiy tutqınlar lagerine jiberiledi. Dosnazarov bul lagerge 1935-jıldıń 22-aprelinde jetip keldi. Lagerde oğan MD — 9903 sanlı lager isi ashıladı. Bul is kitabınıń ústine mınanday dep jazılğan eken: «1. Boyı — ortasha. 2. Denesi — tığız, tolıq. 3. Shashınıń ireńi — qara. 4. Kóziniń ireńi — qara. 5. Murını — tuwrı». — dep jazılğan[77].

Ol lagerde bolğan waqıtları bul jerge qalay hám ne ushın túsip qalğanlığın túsinbey kóp oylanadı hám qıynaladı. Álbette, lagerdegi jağday hám ondağı tártip ańsat hám jeńil emes edi. Ol bul jerden aman shığatuğınına kózi jetpeydi. Sonıń ushın qalay bolmasın óziniń ayıplı emes ekenligin dálillew ushın háreket ete baslaydı. Sonıń bir itimalı iretinde bir neshshe mártebe joldas Stalinge hám SSSR Joqarğı Sudına soranıp ótinish hám kúyinishli xatlar jazdı. Biraq, onıń bul hárketleriniń hámmesi pushqa shığadı. Oğan hesh qanday járdemler bolmaydı.

Kóp waqıtqa shekem tuwğan-tuwısqanları onıń jaqın-juwıqları Dosnazarovtıń qay jaqlarda bolıp atırğanın hám onıń densawlığınıń qanday ekenligin hátteki tiri yaki bolmasa óli ekenligin de bile almaydı. Yamasa húkimet bolıp yamasa sud uyımları bolıp, yaki bolmasa biletuğın adamları, jaqınları bolıp hesh qanday xabar-atar bermeydi. Tek sudlanğannan keyin eki jıl ótkennen soń 1937-jıldıń 9-aprelinde ol Shımbaydağı tuwğan-tuwısqanlarına eplep ğana xabar ete aladı. Onıń ayanıshlı xatı «Men ele tirimen» degen mánili sózler menen tamamlanadı. Shaması ol óziniń tóbesinde elege shekem

---

[76] Sonda f. 3, d. 31, 5-6-betler
[77] Sonda f. 3, d. 31, 2-bet

«Ázirayıldıń qılıshınıń» jalańlap turǵanın jaqsı bilip júrgen bolsa kerek.

Allayar Dosnazarov keyin amanlıq hám tınısh bolǵanda lagerdegi on jıllıq múddetin 1945-jıldıń 25-yanvarında tamamlap azatlıqqa shıǵıwı kerek edi. Átteń, azatlıq oǵan nesip etpedi, tuwrıraǵı onıń dushpanları oǵan bul baxıtlı kúndi nesip ettirmedi. Onı jala jawıp qamattırǵanı menen de qoymay, taǵı da lagerge de jaza basladı. Qosımsha óseklerdi, jalalardı qosıp jazıp tındırmadı. Hátteki onıń jora-joldasları, jaqın-juwıqları, hám Moskvadaǵı úyine qıdırıp barǵan hám sol jerde qonǵan adamlardıń ústilerinen de jazdı. Solay etip hár qıylı shaǵım xatlar lagerge, NKVD ǵa kele basladı. Bul xatlar onıń bul dúnyada jasap ómir súriwine múmkinshilik bermedi. 1937-jıldıń 10-noyabr kúni Dosnazarovtı Leningrad janındaǵı siyasiy tutqınlar lagerinde Ishki isler Xalıq Komissariatı Leningrad wálayatlıq basqarmasınıń ayrıqsha «úshler toparı onıń jınayatlı isin» jáne bir mártebe qarap shıǵıp onı joqarı jaza — atıwǵa húkim etti. Bul húkim 1937-jılı 8-dekabrde Belomor-Baltıq kanalınan 40 kilometr qashıqlıqtaǵı Kem degen stanciyanıń janında orınlandı[78]. Solay etip qaraqalpaq xalqınıń hadal perzenti, patriotı, jan kúyeri, usı xalıqtı, usı búlgen eldi xalıq qatarına qosaman, kóp milletler qatarı qatarǵa qosaman, erkinlik alıp beremen dep janın pidá etken el azamatı bolǵan Allayar Dosnazarovtıń súyegi óz elinen neshshe mıńlaǵan shaqırım qashıqlıqtaǵı jerlerde qalıp ketti. Xalıqtıń súyikli perzenti Dosnazarov qırıq jastan qırıq bir jasqa qádem qoyǵan waqıtta qırshınınan qıyıldı. Onı usı halǵa túsirgen, nahaqtan kúydirgen, qırshınınan qıydırıwǵa sebepshi bolǵanlar, insapsız adamlar qashan bolmasın qaraqalpaq

---

[78] Burınǵı SSSR Mámleketlik qáwipsizlik komitetiniń arxivinen kelgen spravka 13.04.90 is. №10/A—A—762.

xalqı aldında, Allayar atamızdıń aldında erteme-keshpe, álbette, juwap beredi. Beriwi de kerek!

## ALLAYAR DOSNAZAROVTÍŃ AQLANÍWÍ

Kóp jıllarǵa shekem Stalinniń dáwirinde repressiyaǵa ushıraǵan adamlardıń ayrımları hár qıylı sebeplerge baylanıslı aqlanbay qalǵan edi. Olardıń ayrımlarınıń atına hár qıylı ósek sózler toqılıp, jalalar jabılıp, islegen miynetlerin joqqa shıǵarıp jámiyetshiligimizdi isendirip kelgen edi. Hátteki, repressiyaǵa ushıraǵan adamlardıń ayrımların aqlaw ushın jumıslar baslawǵa qaraqalpaq intelligenciyası menen ilimpazları, mámleketlik basshıları óz náwbetinde batına almaǵanlıǵı málim. Tek ǵana 60 jıllardan keyin ǵana bul iske azǵantay bolsa da erkin esik ashılǵanday boldı. Onda da tolıq emes. Bul iste birinshilerden bolıp ilimpazlar, jazıwshılar, tariyxshılar háreket etip qol ura basladı. Olar kózge kórinip tilge alınǵan mámleketlik ǵayratkerlerdiń, jazıwshılardıń ayrımların ólgennen keyin aqlawǵa miyasar boldı. Solardan biri bolıp Allayar Qorazovich Dosnazarovtıń isi qolǵa alındı. Onı aqlaw hám partiyaǵa qayta tiklew (ólgennen keyin) boyınsha jumıs alıp barıp, júdá hám bir qıyın jumıs baslanǵan edi. Sebebi, kóplegen sol dáwirdegi adamlardıń birazı hám soǵan qatnası barlar Dosnazarovtı aqlamaqshı bolıp jumıs baslap atır dep esitkennen, dárhal hár qaysısı hár jaqtan, hátteki Qaraqalpaqstannıń tısqarısınan da kelip, xat jazıp, qońırawlar etip háreket ete basladı. Olar kelip obkomnıń, Ministrler Keńesiniń hám basqa da uyımlardıń esiklerin birme-bir qaǵıp, olardı hesh tındırmadı. Qaraqalpaqstan intelligenciyaları, ilimpazları usınday sawaplı isti aqırına jetkeriw ushın jigerli túrde is alıp bardı. Bul iske záberdes ilimpaz hám sharshamas alım, haqıyqıy patriot insan Qırqbay Bayniyazov, Sabır Kamalov hám basqalar

birinshilerden bolıp kiristi. 1968-jıldıń fevral ayınıń 2 kúni S. Kamalov Dosnazarovtı aqlaw jumısın baslaw ushın eki xat tayarlap, olardı SSSR Joqarǵı Sudına hám SSSR Bas Prokuraturasına jiberdi. Usı jiberilgen tiykarlı xat boyınsha SSSR Bas Prokurorı SSSR Joqarǵı Sudına protest bildirip A. Dosnazarov jóninde xat jazǵan.

SSSR Joqarǵı Sudınıń 1968-jılı 27-sentyabrde Plenumı bolıp ótti. Plenumnıń jumısın SSSR Joqarǵı Sudınıń baslıǵınıń orınbasarı V. I. Terebilov basqarıp alıp bardı. Plenumnıń jumısına SSSR Bas Prokurorınıń orınbasarı M. N. Malayarov qatnastı. Plenumnıń kún tártibinde basqa áhimiyetli máseleler menen birge repressiyaǵa ushıraǵan A. Q. Dosnazarovtıń máselesi de qaraldı. A. Dosnazarovtıń isi boyınsha SSSR Bas Prokurorınıń protesti qarap shıǵıldı. Plenum A. Q. Dosnazarovqa 1935-jılǵı qoyılǵan jınayat processual kodeksi boyınsha ayıplar, yaǵnıy antisovetlik hám partiy basshıları menen sovet húkimetine bolǵan narazılıqları, terroristlik kózqarasları boyınsha taǵılǵan ayıplawlar tiykarsız ekenligi hám de 1937-jılǵı lagerde júrgen waqtında A. Dosnazarovtıń isi boyınsha «xalıq dushpanı» dep taǵılǵan ayıp penen onı atıw jazasına húkim etkeni de tiykarsız hám anıq tergelmey hám tekserilmey, ayıp moynına tolıq qoyılmay sud bolıp iske asırılǵanı kórsetilip ótildi. Usı jaǵdaylardı esapqa alıp, SSSR Joqarǵı Sudınıń Plenumı óziniń №466-68 sanlı qararı menen A. Q. Dosnazarovtıń isi boyınsha qarar qabıl etti:

SSSR Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyasınıń 1935-jıl 8-apreldegi hám de Ishki Isler Xalıq Komissariatı Leningrad wálayatlıq basqarmasınıń ayrıqsha «úshler toparı»nıń 1937-jıl 10-noyabrdegi A. Q. Dosnazarovtı atıw haqqındaǵı qabıl etken qarın iste jınayatshılıq qabıl etken qararın iste jınayatshılıq háreketleri bolmaǵanlıqtan biykarladı hám ol boyınsha qozǵalǵan jınayatshılıq isi toqtatılsın dep qarar qabıl etti. Bular haqqında akademik S. Kamalovqa jiberilgen hújjetlerde kóremiz. Biz sol hújjetlerdiń birazın keltirip ótpekshimiz

Sabır Kamalov SSSR Joqarğı Sudınan hám SSSR Bas Prokurorınan juwap xat aladı. Onda bılay dep kórsetiledi:

**«Sovet Socialistlik» Respublikalar Awqamı**

**PROKURATURASÍ**

**Moskva K — 9 Pushkin 15 «a»**

**4-noyabr 1968-j.**
**№13/6 — 748 — 68**

**Qaraqalpaqstan ASSR ı, Nókis qalası. Ózbekstan SSR Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialınıń baslığı joldas S. K. Kamalovqa.**

Siziń №4— s 2. 2. 1968-j. xatıńızğa

Xabar etemiz: 1896-jılı tuwılğan VKP (b) ağzası bolğan, burın Qaraqalpaqstan ASSRı obkomı xatkeri bolıp islegen, sońğı waqıtta qamaqqa alınğanğa shekem Moskva qalasındağı «Metallostroy» trestiniń basqarıwshısınıń orınbasarı bolıp islegen Allayar Qorazovich Dosnazarovtıń ústinen shığarğan SSSR Joqarğı Sudınıń Áskeriy Kollegiyasınıń 1935-jıl 8-apreldegi húkimi hám Ishki Isler Xalıq Komissariatı Leningrad wálayatlıq basqarmasınıń «Ayrıqsha úshlik» toparınıń qararı SSSR Bas Prokurorınıń protestine tiykarlanıp SSSR Joqarğı Sudınıń 1968-jıl 27-sentyabrdegi Plenumnıń qararı menen biykar etildi hám A. Q. Dosnazarovtıń is-háreketinde jınayatshılıq belgileri bolmağanlığı sebepli jınayatlı is toqtatıldı.

**Eki is boyınsha da Allayar Qorazovich aqlandı.**
**Mámleketlik qáwipsizlik uyımlarında tergew jumısların baqlaw bóliminiń prokurorı, yusticiya ağa keńesshisi:**

VASILEV G»[79].

---

[79] Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Joqarğı Keńesiniń arxivi f 1, op. 16. d. 57. 30-bet

«SSSR Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyası
№S/Sp — 0023/35
11-dekabr 1968-j.
Moskva qalası, Vorovskoy kóshesi, jay №15

SPRAVKA

Qamaqqa alınǵansha «Metallostroy» tresti basqarıwshısınıń orınbasarı bolıp islegen Allayar Qorazovich Dosnazarovtı ayıplaw boyınsha jınayatlı is SSSR Joqarǵı Sudınıń Plenumı tárepinen qayta qarap shıǵıldı. SSSR Joqarǵı Sudınıń Plenumı 1968-jıl 27-sentyabrdegi qararı menen A. Q. Dosnazarovtıń ústinen shıǵarǵan SSSR Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyası tárepinen shıǵarılǵan 1935-jıl 8-apreldegi húkimi hám Ishki Isler Xalıq Komissariatı Leningrad wálayatlıq Basqarmasınıń «Ayrıqsha Úshlik Toparı» tárepinen shıǵarǵan 1937-jıl 10-noyabrdegi qararı biykar etildi hám qozǵatılǵan jınayatlı isi A. Q. Dosnazarovtıń is-háreketinde jınayat isleriniń bolmawına baylanıslı toqtatıldı.

A. Q. Dosnazarov ólgennen keyin aqlandı.

SSSR Joqarǵı Sudınıń
Áskeriy Kollegiyasınıń
sekretariatı baslıǵı
yusticiya polkovnigi: —

V. CHIKIN»[80].

Solay etip joqarıdaǵı xat-xabarlar tiykarında 1969-jıldıń 7-yanvarı kúni Ózbekstan Ilimiler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan filialınıń baslıǵı, akademik Sabır Kamalov

[80] Sonda f. 1, op. 16. d. 57, 31-bet

Ózbekstan Kompartiyası Qaraqalpaqstan obkomınıń birinshi sekretarınıń yağnıy Qállibek Kamalovichtiń atına Allayar Qorazovich Dosnazarovtıń ólgennen keyin partiyağa qayta tiklew hám onı pútkilley aqlaw haqqında xat jazadı. Obkomnıń birinshi xatkeri Qállibek Kamalov bul baslamanı hár tárepleme qollap-quwatlap, tiyisli xatkerlerge hám bólimlerge, tiyisli uyımlarğa kórsetpe berip, puxta hújjetler tayarlawdı tapsırdı. Solay etip Allayar Dosnazarovtı mámleketlik hám partiyalıq uyımlar tárepinen aqlaw isi haqıyqıy túrde Qaraqalpaqstanda baslandı.

S. Kamalovtıń wálayatlıq partiya komitetine jazğan xatı ol jerde №802 bolıp dizimge alındı. Keyin ol xat tiyisli hújjetlerin tayarlap, partiya komitetiniń byurosına tayarlaw ushın komitettiń sol waqıttağı xatkeri Kamal Rzaevqa tapsırıldı. K. Rzaev bul xat hám hújjetler menen puxta tanısıp bolıp, onı sol waqıttağı Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komitetiniń partiya komissiyasınıń baslığı B. A. Agishevqa bul isti tereń úyrenip hám tiyisli materiallardı jıynap obkomnıń byurosına tayarlaw ushın tapsıradı hám qadağalawğa aladı[81]. Agishev xat hám ol boyınsha bar materiallar menen tanısıp shığıp bolğannan keyin byuroğa tayarlawğa ele tayar emes ekenligin, ele de kóp materiallar menen hújjetlerdi tayarlaw kerekligin túsinip bul iske obkom xatkeleriniń basshılığı astında qızğın kirisip ketedi. Ol 1968-jıldıń 28-oktyabrinen baslap 1969-jıldıń 28-oktyabrine shekemgi aralıqta materiallar, hújjetler jıynap A. Dosnazarovtıń , barlıq arxivlik materialları menen tanısıp shığıp, olardıń kóbisiniń kóshirmelerin jıynap materiallar toplaydı. Álbette, bunday iste puqtalıq kerek edi. Sebebi biz joqarıda aytqanday onıń aqlanıwına qarsı adamlar az emes edi. Sonıń ushında «jeti ólshep bir

[81] Sonda f. 1, op. 16. d. 57, 26-27-betler

kesken» maqul edi. Usı jaqlarn oylastırıp partiya komiteti oraylıq arxivlerge izbe-iz xatlar, ótinishiler jazıp materiallardı úyrendi hám olardı jıynadı. Solardıń ayrımların keltirip ótkendi maqul kórdik. Sebebi, olar tariyixıy hújjetler bolıp esaplanadı.

«Qupıya. Moskva qalası.
SSSR Joqarǵı Sudınıń
Áskeriy Kollegiyasına»

Nókis qalası 18/IV — 69-j.

1896-jılı tuwılǵan, burın KPSS qatarınan óshirilgen Allayar Qorazovich Dosnazarovtı partiyalıq tárepten aqlaw boyınsha Ózbekstan KP Qaraqalpaqstan obkomınıń byurosında qaralatuǵınına baylanıslı Allayar Qorazovich Dosnazarovtıń ústinen shıǵarılǵan SSSR Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyasınıń 1935-jıl 8-apreldegi húkimi hám Ishki Isler Xalıq Komissariatı Leningrad wálayatlıq Basqarmasınıń Ayrıqsha úshliginiń 1937-jıl 10-noyabrdegi qararın, sonday-aq A. Q. Dosnazarovqa baylanıslı usı islerdiń toqtatılǵanı haqqındaǵı SSSR Joqarǵı Sudınıń 1968-jıl 27-sentyabrdegi Plenumınıń qararın jiberiwińizdi soraymız.

Ózbekstan KP Qaraqalpaqstan
Obkomınıń xatkeri: K. RZAEV[82].
Nókis qalası.

Ózbekstan KP Qaraqalpaqstan
Obkomınıń xatkeri j. K. Rzaevqa
Siziń №/411969-jıl 18-apreldegi
xatıńızǵa

---

[82] Sonda f. 1, op. 16. d. 57, 23-bet

Siziń sorawıńız boyınsha Allayar Qorazovich Dosnazarovtıń isi boyınsha 1968-jıl 27-sentyabrdegi SSSR Joqarǵı Sudınıń Plenumınıń qararınıń kóshirmesi jiberiledi.

Qarardıń kóshirmesi. Plenumnıń qararı
2 betten ibarat.
Tek adresattıń ózine.
SSSR Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyasınıń baslıǵınıń orınbasarı, yusticiya general-mayorı:

TREXOV[83].

Kóshirme:

SSSR Joqarǵı Sudınıń Plenumınıń №466 —68

QARARÍ

Moskva qalası 27-sentyabr 1968-j.

SSSR Joqarǵı Sudı baslıǵınıń orınbasarı V. I. Terebilovtıń basqarıwında;

SSSR Bas Prokurorınıń orınbasarı M. P. Malayarovtıń qatnasıwında, joldas A. G. Kuznecovtıń xatkerliginde

SSSR Bas Prokurorınıń Allayar Qorazovich Dosnazarovtıń isi boyınsha protesti qarap shıǵıldı:

SSSR Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyasınıń 1935-jıl 8-apreldegi húkimi boyınsha 1896-jılı tuwılǵan Qaraqalpaqstan ASSR ınıń Taxtakópir rayonınıń 10-awılında tuwılıp ósken. 1935-jıldıń 25-yanvarına —

[83] Sonda f. 1, op. 16. d. 57, 20-bet

qamalǵanǵa shekem Moskva qalasındaǵı «Metallostroy» trestiniń basqarıwshısınıń orınbasarı lawazımında islegen Allayar Qorazovich Dosnazarov RSFSR JK 58-8 statyaları boyınsha mal-múlkin konfiskaciyalawsız 10 jılǵa erkinen ayırıw menen jazaǵa tartılǵan. Ishki Isler Xalıq Komissariatınıń Leningrad wálayatlıq Basqarmasınıń «Ayrıqsha Úshlik» toparınıń 1937-jıl 10-noyabrdegi qararı menen Dosnazarov atılǵan.

Dosnazarovtıń ayıplanıwı mınalardan ibarat bolǵan:

1934-jıldıń ekinshi yarımınan baslap partiyanıń basshılarına hám Qaraqalpaqstan ASSRında júrgizip atırǵan siyasatına narazılıq bildire baslaǵan. S. M. Kirovtıń óltiriliwine baylanıslı Dosnazarov atılǵan hám jazaǵa tartılǵan terroristler jóninde gúmanlanatuǵını haqqında pikir bildire basladı. Usı hám basqa da Dosnazarovtıń gáp-sózleri sońlıǵında ańtisovetlik háreketler islew qıyallarına aparıp jetkergen.

Is boyınsha jıynalǵan materiallardı qarap shıǵıp hám jınayatshılıq háreketleri bolmawına baylanıslı Dosnazarovtıń ústinen qozǵalǵan jınayatlı isti toqtatıw haqqındaǵı SSSR Bas Prokurorınıń protestin dodalap shıǵıp SSSR Joqarǵı Sudı onı tiykarlı dep taptı.

Dosnazarovtıń ústinen jıynalǵan materiallarda mınalar da názerde tutılǵan: Ol Imniaminov hám Jaqsımuratov hám basqalar menen sóyleskende olarǵa óziniń jumıssız qalǵanlıǵına hám Qaraqalpaqstan Respublikasında milliy máselelerge jeterli kewil bólinbey atır dep narazılıqlar bildirdi, sonday-aq, QQASSR Xalıq Komissarlar Sovetiniń baslıǵı Áwezov haqqında iyshan shańaraǵınan shıqqan dep unamsız bahalar berip, narazılıq bildirdi degen maǵlıwmatlar jıynalǵan.

Dosnazarovtıń usınday hám basqa da aytqan sózleri menen pikirleri mazmunı hám qaratılǵan baǵdarı

boyınsha da antisovetlikke jatpaydı. Al, Dosnazarovtıń terroristlik háreketler islew boyınsha aytqan sózleri, onı islewge bolǵan urınıwları haqqındaǵı faktler tergew islerinde tastıyıqlanbaǵan. 1937-jılı Dosnazarovtıń ústinen jınayatlı is qozǵatılmaǵan, toplanǵan materiallar tekserilmegen hám sonıń ushın Ishki Isler Xalıq Komissariatı Leningrad wálayatlıq ayrıqsha úshliginiń qararı hesh nársege tiykarlanbaǵan.

Joqarıdaǵı bayan etilgen jaǵdaylarǵa qaraǵanda Dosnazarovtı jınayatlı jazaǵa tartıw tiykarsız dep tawıp SSSR Joqarǵı Sudınıń Plenumı SSSR Bas Prokurorınıń protesti menen kelise otırıp hám SSSRdıń Joqarǵı Sudı haqqındaǵı rejesiniń «a» punktiniń 9-statyasın basshılıqqa ala otırıp, SSSR Joqarǵı Sudınıń Plenumı **qarar etedi:** Allayar Qorazovich Dosnazarov jóninde SSSR Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyasınıń 1935-jıl 8-apreldegi húkimi hám Ishki Isler Xalıq Komissariatı Leningrad wálayatlıq Basqarmasınıń ayrıqsha úshliginiń 1937-jıl 10-noyabrdegi qararı biykar etilsin hám is-háreketinde jınayatlı háreketlerdiń bolmawına baylanıslı oǵan qarsı qozǵatılǵan jınayatlı is toqtatılsın.

**Baslıǵı: V. TEREBILOV.**
**Xatkeri: A. KUZNECOV»[84].**

Qupıya

**Sovetler Soyuzı Kommunistlik Partiyası Oraylıq Komiteti**

**Partiyalıq jumıslardı shólkemlestiriw bólimi**

[84] Sonda f. 1, op. 16. d. 57, 21-22-betler

Nókis qalası. 36— A 28-iyul 1969-j.

**Ózbekstan KP Qaraqalpaqstan obkomına**

Siziń V/№66/pk 14-iyul, 1969-jıldaģı xatıńızģa Partbiletler boyınsha sektor tómendegilerdi xabarlaydı: 1926-jılģı úlgidegi №2882389 partbilet 1896-jılı tuwılģan 1918-jıldan partiya stajı bar Allayar Dosnazarovqa tiyisli. Bul partbilet bizge arxiv isinen alınıwına baylanıslı 1935-jılı 9-noyabrde jiberilgen. KPSS Oraylıq Komitetiniń janındaģı Partiya Qadaģalaw Komitetinen bizge xabarlaģanına qaraģanda bir topar jınayatshılardıń qatarında dizimge ilingen, biraq onı partiyadan shıģarıw máselesi olar tárepinen qaralmaģan.

**Partbilet boyınsha sektordıń baslıģı:**

KÓLESOV»[85].

«Qupıya Moskva qalası

**SSSR Ministrler Soveti janındaģı**
**Mámleketlik Qáwipsizlik Komitetiniń**
**Oraylıq Arxivine**

Ózbekstan KP Qaraqalpaqstan obkomınıń byurosında 1896-jılı tuwılģan, burın partiya qatarınan óshirilgen Allayar Qorazovich Dosnazarovtı partiyalıq jaqtan aqlaw máselesi qaralmaqshı, usıģan baylanıslı bizge onıń jınayatlıq isin tanısıw ushın jiberiwińizdi soranamız.

A. Q. Dosnazarov 1935-jılı 8-aprelinde SSSR Joqarģı Sudınıń Áskeriy Kollegiyası tárepinen jazaģa tartılģan, al 1937-jıldıń 10-noyabrinde Ishki Isler Xalıq Komissariatı

[85] Sonda f. 1, op. 16. d. 57, 8-bet

Leningrad wálayatlıq Basqarmasınıń ayrıqsha úshligi tárepinen shıǵarılǵan qararı boyınsha atılǵan. Tanısıp bolǵannan keyin ol is sizge qaytarıladı.
Ózbekstan KP Qaraqalpaqstan
Obkomınıń xatkeri:

K. RZAEV[86].

15/V— 69 j.

«Qupıya

## KÓSHIRMESI

## SPRAVKA

1896-jılı tuwılǵan, QQASSR da tuwılıp ósken. 1918-jıldan VKP (b) aǵzası bolǵan Allayar Qorazovich Dosnazarovtıń arxivtegi qısqartılǵan jınayatlıq isi boyınsha.

## SPRAVKA

Jınayatlı isi boyınsha jıynalǵan materiallardı úyrenip qaraǵanda A. Q. Dosnazarov 1935-jılı yanvar ayında Moskva qalasında terroristlik háreketler islew qıyalı menen partiyanıń basshılarına qarsı antisovetlik gápsóz taratqanı ushın ayıplanıp, Ishki Isler Xalıq Komissariatı Mámleketlik Qáwipsizligi Bas Basqarması tárepinen qamaqqa alınǵan. Sol jılı SSSR Joqarǵı Sudınıń Áskeriy Kollegiyası tárepinen erkinen ayırıw menen 10 jılǵa jazaǵa tartılǵan. Jazasın ótep atırǵanda Ishki Isler Xalıq Komissariatı Leningrad wálayatlıq Basqarmasınıń ayrıqsha úshlik toparı 1937-jılı 10-noyabrde Dosnazarovtı atıwǵa qarar etedi. Atıw jazası orınlanǵan.

---

[86] Sonda f. 1, op. 16. d. 57, 18-bet

Dosnazarovtıń isi boyınsha qosımsha tekseriw júrgizilgende haqıyqatında da Leningrad wálayatlıq UNKVD ısınıń ayrıqsha úshlik toparınıń 937-jıldıń 10-noyabrindegi qararı menen atıw jazası berilgen hám ol jaza orınlanǵan.

Sonday-aq, 1968-jılı prokuratura uyımları tárepinen taǵı Dosnazarovtıń isi boyınsha qosımsha tekseriw jumısları júrgizilgende tómendegiler anıqlandı:

A. Q. Dosnazarovtı 1935 hám 1937-jılları nadurıs jazalanǵan dep taptı.

Sonıń ushın da SSSR Joqarǵı Sudınıń 1968-jıl, 27-sentyabrdegi Qararı menen SSSR Joqarǵı Sudı Áskeriy Kollegiyasınıń 1935-jıl 8-apreldegi Dosnazarovtı jazaǵa tartıw haqqındaǵı húkimi hám Ishki Isler Xalıq Komissariatı Leningrad wálayatlıq Basqarmasınıń ayrıqsha úshlik toparınıń 1937-jıl 10-noyabrdegi Dosnazarovtı atıw haqqındaǵı jazalaw qararı tiykarsız dep tabıldı hám biykar etildi. Jınayatshılıq is-háreketleri bolmawına baylanıslı onıń jınayatlı isi qısqartıldı.

Onıń xızmetleri haqqında A. Q. Dosnazarovtıń jınayatlı isi boyınsha jıynalǵan materiallarda mınaday maǵlıwmatlar bar:

1918-1921-jıllarda Qaraqalpaqstan ASSRı hám Xorezm wálayatı aymaqlarında sovet vlastın ornatıw ushın Qızıl gvardiyashıl áskerler qatarında xızmet etken;

1921-1923-jılları Moskva qalasındaǵı Shıǵıs miynetkeshleriniń Kommunistlik Universitetiniń tıńlawshısı bolǵan:

1924-1925-jılları Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya Qadaǵalaw Komissiyasınıń baslıǵı bolǵan;

1925-1926-jılları VKP (b) Qaraqalpaqstan obkomınıń xatkeri bolıp islegen;

1926-1929-jılları Moskva qalasındaǵı Sverdlov atındaǵı Kommunistlik Universitette oqıǵan;

1930-1931-jılları Bashqurstan ASSR ında sovet apparatların tazalaw Komissiyasınıń baslığı bolıp islegen: 1931-jıldan baslap Moskvaǵa qaytıp keledi, kelgennen keyin bir jıl shamasında «Gosproektstroy» tresti basqarıwshısınıń orınbasarı hám onnan soń 1934-jıldıń oktyabrine shekem «Metallapress» kooperativlik arteldiń basqarmasınıń baslıǵı bolıp islegen;

Qamaqqa alınbastan aldın hesh jerde islemegen.

A. Q. Dosnazarovtıń ústinen jıynalǵan jınayatlıq isi arxivlik materialları SSSR Ministrler Soveti janındaǵı Mámleketlik Qáwipsizlik Komitetiniń Oraylıq arxivinde saqlawlı turıptı. Arxivtegi saqlanıw nomeri — №R — 33071.

**SSR Ministrler Soveti janındaǵı Mámleketlik Qáwipsizlik Komitetiniń Oraylıq arxiviniń tez orınlawshı aǵa wákili, kapitan: (Tixomirov). 23-iyun 1969-j.**

Usı eki betlik xattıń ústine: Durıs, QQASSR Soveti janındaǵı Mámleketlik Qáwipsizlik Komitetiniń xızmetkeri Markeev. 10/VII— 1969-j. dep qol qoyǵan»[87].

Solay etip Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komiteti, onıń basshıları, xatkerleri hám Agishev Allayar Qorazovich Dosnazarovtı (ólgennen keyin) aqlaw ushın usınday áhmiyetli hám mayda, tınımsız jumıs islep jeterli materiallar topladı hám ol boyınsha ózleri №1054 sanlı aqlaw isin ashtı[88]. Ol isti kórip shıǵıw ushın wálayatlıq partiya komitetiniń byuro májilisine tayarladı.

Ózbekstan Kompartiyası Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komitetiniń byuro májilisi Allayar Qorazovich Dosnazarovtı aqlaw máselesin qaraw ushın 1969-jıldıń

[87] Sonda f. 1. op. 16. d. 57, 10-bet
[88] Sonda f. 1, op. 16. d. 57, 1-bet

28-oktyabr 28 kúninde usı wálayatlıq partiya komitetiniń birinshi xatkeri joldas Qállibek Kamalovich Kamalovtıń basshılığında bolıp ótti.

Byuro májilisine: obkomnıń byuro ağzalarınan Aytmuratov, Eshimbetov, Novickiy, Jiemuratov, Úrkinbaev, Yuric joldaslar qatnastı.

Obkomnıń byuro ağzalığına kandidatlardan: Qaniyazov, Lunev, Seytmuratov joldaslar qatnastı.

Ózbekstan Kompartiyası Oraylıq Komitetiniń xatkeri joldas Matchanov qatnastı.

Obkomnıń ağzalarınan Ábdirov, Agishev, Bekmanov, Dáwletov, Dáwletmuratov, Jumamuratov, Erjanova, Zolotov, Qabulov, Kislov, Qurbanbaev, Kurbanov, Mátkárimov, Murtazaev, Nurımbetov, Ojraev, Rajapov, Xalmuratov hám basqa da joldaslar qatnastı[89].

A. Q. Dosnazarovtı partiyalıq jaqtan aqlaw haqqında jıynalğan materiallar boyınsha obkomnıń partiyalıq komissiyasınıń baslığı B. A. Agishev bayanat jasadı. Ol óz bayanatında joqarıda bizge kóp málim bolğan materiallardan hám faktlerden keltirip ótti. Soń onıń bayanatında mına faktler keltiriledi:

VKP (b) Oraylıq Komitetiniń janındağı Partiyalıq Qadağalaw Komissiyasınıń partkollegiyası A. Q. Dosnazarovtı 1935-jılı yanvar ayında siyasiy jaqtan ayıplanğanı ushın partiya qatarınan shığarılğan.

KPSS Oraylıq Komitetiniń 1956-jıl 29-maydağı qararına tiykarlanıp A. Q. Dosnazarovtıń isi (ólgennen keyin) Ózbekstan Kompartiyası Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komitetiniń byuro májilisine partiyalıq jaqtan aqlaw ushın qarap shığıwğa usınıladı. A. Dosnazarovtıń isi, materialları 1969-jıldıń iyun ayında tolıq jıynalıp bolındı hám 1969-jıldıń 29-iyunında partiyalıq komissiya tárepinen qarap shığıldı.

---

[89] Sonda f. 1, op. 16. d. 362, 1-bet

Joqarıda keltirilgen faktlerdi hám bayanattağı bayanlamalardı esapqa alıp wálayatlıq partiya komitetiniń byuro májilisi qarar etedi:

— A. Q. Dosnazarovtıń isi boyınsha qosımsha júrgizilgen tekseriwlerdiń juwmağı boyınsha A. Q. Dosnazarovqa tağılğan siyasiy ayıp óziniń kúshin joğalttı hám soğan baylanıslı sud uyımları tárepinen aqlandı, usılardı esapqa alıp Allayar Qorazovich Dosnazarovtı partiyalıq jaqtan aqlanğan dep sanalsın (ólgennen keyin)[90].

Solay etip A. Dosnazarovtıń, qaraqalpaq xalqınıń ájayıp azamatınıń kóp jıllıq ruwxıy azap kóriwi ólgennen keyin bolsa da toqtağanday boldı. Ol endi qay jerde jatsa da óziniń nağız el perzenti bolğanına nalımağan shığar. Ol eli ózin qorğaytuğının jaqlaytuğının, onıń isi, maqseti, ármanı, eli ushın qaytpastan turatuğın azamatlardıń barın bilip razı bolğan shığar...

1978-jıldıń 29-dekabrinde Ózbekstan Respublikası awıl xojalıq ministrligi menen «Glavsredazirsovxozstroy» óndirislik birlespesi Qaraqalpaqstan húkimeti menen partiya komitetiniń ótinishin esapqa alıp «Qaraqalpaqirsovxozstroy» basqarması quramınan Allayar Dosnazarov atındağı qánigelestirilgen salıgershilik sovxozın ashıw boyınsha №781/3 sanlı qarar qabıl etildi. Usı qarar tiykarında Qaraózek rayonınıń aymağında, Kalinin atındağı sovxozdıń bazasında, Allayar Qoraz ulı Dosnazarov tuwılğan elatında Allayar Dosnazarov atındağı sovxoz shólkemlestirildi. Sonday-aq Qaraózek rayonındağı bir mektep te onıń atına qoyılıp, ismin máńgilestirdi.

Qaraqalpaq xalqınıń azamatı, patriotı hám usı el, xalıq ushın jábir shegip jaladan nahaq jazalanğan, hátteki xalıq mápi, erkinligi, keleshegi ushın qurban bolğan ájayıp adam haqqındağı, insan haqqındağı jazılğan kitaptı tamamlay otırıp bul adam ushın ele de durıslı kitap

[90] Sonda f. 1, op. 16. d. 362, 14-bet

jaza almadım, durıslı oy pikir, jaqsı gáp ayta almadım dep nalındım. Jáne ne aytsam, ne jazsam eken dep oyladım. Eń sońında usı qaraqalpaq xalqınıń belgili patriot azamatlarınıń biri, Allayarday azamat ushın kóp jıl janın pidá etip jumıs islep, onıń ómirin, tariyxın izertlegen, onıń aqlanıwı hám xalıqqa haqıyqıy islerin jetkeriw ushın tınımsız jumıs islegen Qırıqbay Bayniyazovtıń 1988-jılı «Sovet Qaraqalpaqstan»ı gazetasında járiyalanǵan «Hámmeńizdi kútá saǵındım...» degen tema menen jazılǵan Allayar Dosnazarov hám onıń tuwısqanları haqqındaǵı maqalanı tolıǵı menen usı kitapqa kirgizgendi hám usı maqala menen tamamlaǵandı maqul kórdim. Bul maqalanı oqıǵan hár bir adam qattı minnetdar bolıp hám óz ústinde, óziniq xalqı, basshıları haqqında, keleshegi haqqında oylanbay turmawı, patriot bolmawı múmkin emes dep oylayman. Adamnıń eń názik jeri, eń qıynalǵan waqıttaǵı oyı hám ármanı eli, watanı, tuwılǵan jeri, xalqı hám tuwısqanları boladı.

## «HÁMMEŃIZDI KÚTÁ SAǴÍNDÍM...»

1967-jılı 1-avgustta men A. Dosnazarovtıń qarındası Tańsıq apanı izlep tawıp alıp, onnan tuwısqan aǵasınıń úlken fotosúwretin, 1937-jılı 9-aprelde jazǵan sálem xatın sorap aldım. Arshanıń tórinde otız jıl dawamında jasırıp saqlaǵan bul qádirli esteliklerin alıp keteyin dep oqtalǵanda Tańsıq Dosnazar qızı qapalanıp, jılap jiberdi.

— Allayar aǵamnıń sovet húkimeti aldında hesh gúnası joq edi. Onıń kózin joydıńızlar. Endi onnan qalǵan bir-eki nusqa bar edi. Olardı da qurtıp jibereyin dep atırsız. Haw, bizlerdi quwdalaǵandı qoymadıńlar ǵoy?...

Men oǵan aspirant ekenligimdi aytıp, bul súwret penen sálem xatlardıń kandidatlıq dessertaciyam ushın zárúr ekenligime zorǵa isendirdim.

Kóp keshikpey Ózbekstan Ilimler Akademiyası

Qaraqalpaqstan Prezidiumınıń atınan tiyisli organlarǵa ótinish xatları jazılıp avtonomiyalı respublikamızdıń jámiyetshiligi Allayar Dosnazarovtı aqlaw ushın belsene háreket etti. Usınıń nátiyjesinde 1968-jılı gúzde A. Dosnazarovtıń tuwısqanlarına SSSR Joqarǵı Sudı Áskeriy Kollegiyasınan tómendegishe aqlaw qaǵazı keldi:

«Spravka. 1935-jılı 25-yanvarda qamaqqa shekem Moskva qalasında «Metallostroy» tresti basqarıwshısı bolıp islegen Allayar Qorazovich Dosnazarovtı ayıplaw boyınsha is 1968-jılı 27-sentyabrde SSSR Joqarǵı Sudınıń Plenumında qaytadan qaraldı.

A. Dosnazarov tuwralı SSSR Joqarǵı sudı áskeriy kollegiyasınıń 1935-jılı 8-aprelde shıǵarǵan húkimi hám 1937-jıldıń 10-noyabrdegi qararı biykar etildi jáne onıń háreketinde qılmıs bolmaǵanı sebepli is toqtatıldı.

A. Q. Dosnazarov ólgennen keyin reabilitaciyalandı (Aqlandı)...»

Tilekke qarsı, bul xabardı Allayardıń tuwısqan qarındası Tańsıq apa esite almay dúnyadan ótti, qayttı.

Tańsıq apadan sorap alǵan A. Dosnazarovtıń foto súwretin «Qaraqalpaqstan ASSR tariyxı»ında (Tashkent, «FAN» 1974, II tom) hám ómirbayanı kóplegen monografiyalar menen gazeta-jurnal maqalalarında qayta-qayta basılıp, jámiyetshilikke keńnen málim bolǵanlıqtan, endi onıń 1937-jılı, 9-aprelde jazǵan eń sońǵı xatı menen gazeta oqıwshıların tanıstırmaqshıman.

«Assalawma áleykum, qádirli tuwısqanım Palımbet hám tuwısqan qarındasım Tańsıq! Sizlerge jalınlı sálemimdi jollayman! Men tirimen, denim saw hám sizlerdiń hámmeńizge de densawlıq tileymmen! Qádirli qarındasım, kóp waqıtlardan berli Sizlerden hesh xat ala almadım hám Sizlerdiń qay jerde jasap atırǵanıńızdı hesh bilmeymen. Hesh kim maǵan xat jazbadı... Palımbet, adam óz shańaraǵınan ayrılǵan waqıtta oǵada qıyın jaǵdayda qalatuǵının sen jaqsı bileseń. Men segiz ay

dawamında óz shańarağım menen baylanısqa iye emespen, hayalım Polina hám qızım Nadechka Taxtakópir rayonında jasaytuğın edi. Endi olardıń qayda ekenligi biymálim. 1936-jılı dekabrde zakaznoe xat jazğan edim. Bul xat mağan 1937-jılı 20-martta qaytıp keldi. Konvertte adresat kórsetilgen jerde jasamaydı, dep eskertilgen. Bul xabar meni kútá tınıshsızlandırdı. Sońğı waqıtları men Polinanı Nadeckanı hám Sizlerdiń hámmeńizdi kútá sağındım. Eger meniń qızımdı kórseńiz, men ushın onıń mańlayınan súyińiz! Ákeme, Allambergenge hám basqa ağayinlerge sálem aytıńız! Kolxozdıń awhalı qalay? Xadicha qay jerde? Ol oqıp atırma, joqpa? Bizler hayalım Polina hám qızım Nadechka menen qanday shadlı turmısta jasağan edik! Bul kúnler házir kórgen tústey bolıp, kóz aldımnan eleslep ótip atır... Men házir úsh jıl dawamında materiallıq jaqtan qıyın awhalda jasap atırman, hesh kim mağan járdem bermeydi. Palımbet, eger múmkinshiligiń bolsa, mağan aqsha hám posılka jiber. Qalay jiberiwge sawatıńız jetpese Polinanı izlep tawıp al. Ol sağan járdemlesedi, xat hám posılka jiberiwdiń jolların úyretedi. Palımbet, Embergenge ayt, ol mağan xat jazsın. Onıń hám hayalı Rozanıń densawlığı qalay? Inim Embèrgenniń qayda ekenligi mağan biymálim. Ol nawqas edi. Bul da bizlerdiń baxtımızdıń kelispegenligi. Eger onıń deni saw bolğanda awhalımız jaqsı bolğan bolar edi. Usılardıń barlığı jıynalıp mağan awır soğıp tur. Bul sorawlardıń hámmesine keń túrde juwap qaytar. Palımbet, Seyilbek Jurınbaevqa mennen sálem aytıń. Ol házir qay jerde isleydi? Oğan meniń ótinishimdi xabarlań. Ol mağan qárejet jibersin... Qızıńız Záwreniń mańlayınan súyińizler! Kóriskenshe xosh bolıńızlar, tuwısqan qarındasım Tańsıq hám Qádirli Palımbet, Jalınlı sálem menen seniń Allayarıń. Men házirshe tirimen».

(Sońğı sózdiń astı sızılğan hám adresi kórsetilgen).

A. Dosnazarovtıń ómiri hám mámleketlik xızmetleri

jóninde «Sovet Qaraqalpaqstanı» gazetasında kólemli maqalalar járiyalandı. Sol sebepli onıń ómir jolınan geypara zárúrli maǵlıwmatlardı keltiriw menen sheklenemiz.

**Qısqasha spravka:** Allayar Dosnazarov 1896-jılı gedey-diyqan shańaraǵında tuwılǵan. Milleti-qaraqalpaq. 9 jasınan baslap baylardıń esiginde diyqan, Tórtkúl, Tashawız, Xiywa paxta zavodlarında jallanbalı jumısshı, birinshi jer júzilik urıs dáwirinde márdikar bolıp eriksiz jumıs islegen. 1918-jıldan VKP (b) aǵzası, 1918-1821-jıllarda qızıl ásker bolǵan hám Xorezm xalıq respublikasında Qadaǵalaw komitetiniń predsedateli, 1921-1923-jıllarda Moskva Kommunistlik unversitetiniń studenti, 1923-1924-jıllarda Shımbay uezdlik partiya komitetinde agitatciya hám propaganda bóliminiń baslıǵı jáne VKP (b) Ámiwdárya obkomı Qadaǵalaw komitetiniń predsedateli, 1924-1926-jıllarda VKP (b) Qaraqalpaqstan obkomı shólkemlestiriw byurosınıń juwaplı xatkeri hám oblastlıq Qızıl miliciya bóliminiń siyasiy komissarı, 1926-1930-jıllarda SAQU hám Sverdlov atındaǵı Kommunistlik unversitetiniń studenti, 1930-1931-jıllarda Bashqurstan ASSR ında jumısshı-diyqan inspekciyası xalıq komissariatında, sovet apparatın tazalaw boyınsha komissiyanıń predsedateli, 1931-1935-jıllarda Moskva qalasındaǵı «Metallopress» arteli basqarmasınıń predsedateli, «Metallostroy» tresti basqarması basqarıwshısınıń orınbasarı bolıp islegen.

1935-jılı 25-yanvarda SSSR Ishki Isler Xalıq Komissariatınıń xızmetkerleri tárepinen nahaqtan tutqınǵa alınıp, Butırsk tyurmasına qamaladı. SSSR Joqarǵı Sudı áskeriy kollegiyasınıń 1935-jıl 8-apreldegi húkimi menen on jıl qamaq jazasına tartılıp, Kirov atındaǵı Moskva-Leningrad temir jolınıń boyındaǵı siyasiy tutqınlar lagerine jiberildi.

Ol bir neshe sapar SSSR Joqarǵı Sudına ham Stalinge shaǵım arza jazadı, biraq olardan unamlı juwap ala

almaydı. Sonlıqtan tuwısqanları menen qayta kórisiw múmkinshiliginiń joq ekenligin aldın-ala sezip, eń sońǵı xatın «Men házirinshe tirimen...» — degen sózler menen tamamlaydı hám «tirimen» degen sózdiń astın sızıp kórsetedi. Haqıyqatında da ol istiń aqırı A. Dosnazarovtıń oylaǵanınday bolıp shıǵadı. SSSR Joqarǵı Sudınıń áskeriy kollegiyası 1937-jıl 10-noyabrde Allayar Dosnazarovtı eń joqarı jaza — atıwǵa húkim etedi. Usılay etip ol jeke adamǵa sıyınıw dáwirinde nahaqtan qurban bolıp ketse de zamanlaslardıń aldında, yadında, baspasóz hám arxiv dáreklerinde máńgi saqlanıp qaldı. Ózbekstan Kompartiyası Qaraqalpaqstan obkomınıń 1969-jıl, 6-noyabrdegi qararı menen A. Dosnazarovtıń partiyalıq stajı ólgennen keyin qaytadan tiklendi. Onıń atına bir sovxoz, bir orta mektep, Nókis hám Taxıatas qalalarında kósheler qoyıldı.

Endi A. Dosnazarovtıń eń sońǵı xatında tilge alınǵan tuwısqanlarınıń táǵdiri tuwralı qısqasha maǵlıwmatlar keltiremiz. Ákesi — **Dosnazarov Qoraz** ulı burında Taxtakópir rayonı Qarabuǵa awılında (házirgi Qaraózek rayonı A. Dosnazarov atındaǵı sovxoz) jasaǵan. Ullı Watandarlıq urıs jıllarında qartayıp, óz ájelinen qaytıs bolǵan.

**Allambergen Dosnazarov** — Allayardıń úlken inisi, sawatı joq. 20-jıllarda Shımbay rayonınıń jámiyetlik turmısına belsene qatnasqan hám 1925-jılı 31-yanvarda Qaraqalpaqstan oblastlıq sovetleriniń 1-shólkemlestiriw syezdine delegat bolıp saylanǵan). (QQASSR Oraylıq mámleketlik arxivi, f. 12,03 e. x. 79, 30, 32-betler) Allambergen kolxoz qurılısınıń veteranı, tuwısqan aǵası Allayar qamalǵannan keyin Allambergen Dosnazarovqa «kolxozdıń atın urlap sattıń» dep jala jabıladı hám ol Quybıshev oblastında altı jıl tyurma jazasın ótep qaytadı. Tuwılǵan awılına kelip Qaraózek rayonı Qarabuǵa awılında kolxozshı bolıp isleydi. 1960-jılı awırıp, óz ájelinen qaytıs boladı.

**Embergen yamasa Iyembergen** — A. Dosnazarovtıń kishkene inisi. Ol — Qaraqalpaqstanda komsomol háreketiniń veteranı. Leningradtaǵı finans-ekonomika institutın pitkergen. 30-jıllarda Tamdı hám Ferǵanada rayonlıq finans bóliminiń baslıǵı bolıp islegen. Ol tuberkulyoz keseli menen awırıp, 1937-jılı Shabbaz qalasında biymezgil qaytıs bolǵan. Roza— Embergen Dosnazarovtıń hayalı.

**Seyilbek Jurınbaev** — A. Dosnazarovtıń urıwlas inisi. Ol 1933-jılı 9-fevralda Tórtkúlden Moskva qalasına stenografistler tayarlaw kursına jiberilgen. S. Jurınbaev usı kurstı hám pedagogikalıq institutti pitkerip kelip, Qaraqalpaqstan ASSRında Jańa Alfavit Oraylıq Komitetiniń (CKNA) juwaplı xatkeri bolıp islegen. (QQASSR Oraylıq mámleketlik arxivi. f. 50.0.1. e.x.79.212-bet. Arxiv 35,№3.30,37-betler) Moskvada oqıǵan waqtında ol A. Dosnazarovtıń úyinde jasaǵan hám onıń belgili xızmetker bolıp ósip jetilisiwinde aǵası Allayardıń xızmeti kóp bolǵan. Biz 1968-jılı 7-dekabrde S. Jurınbaev penen Taqıyatas qalası, Qurılısshılar kóshesi, №19 jayda ushırasıp, onnan A. Dosnazarov haqqındaǵı eske túsiriwlerin jazıp alǵan edik. Moskva qalası, Sadovaya Karetnaya kóshesindegi SSSR Sovetleriniń III úyiniń 49-kvartirasında A. Dosnazarovtıń bes bólmeden ibarat turaq jayı bolǵan. Bul jerde S. Jurınbaevtan basqa Allayardıń atalas tuwısqan inisi Ǵániy Dosımov ta jasaǵan. Qaraqalpaqstan ASSRına miyneti sińgen artist Ǵ. Dosımov (durısı Dosımov. Dosım. Dosnazar — Qoraz degen kisiniń ulları — B. K.), óziniń eske túsiriwlerinde Seyilbek aǵanıń maǵlıwmatların durıs dep tastıyıqlaydı. Óytkeni A. Dosnazarov materiallıq moralllıq jaqtan quwatlawǵa mútáj bolıp júrgen Qaraqalpaqstanlı studentlerge máhálinde hár tárepleme járdem berip turǵan. Bunı arxiv hújjetlerin oqıǵanda, zamanlaslarınıń eske túsiriwlerin tıńlaǵan waqtımızda da anıq biliwimizge boladı.

Pikirimizdi tastıyıqlaw ushın mısallar keltiremiz: «SSSR Oraylıq Atqarıw Komitetiniń qasındağı QQASSR dıń turaqlı wákilxanası joldas Vikulinge men MOVI rabfaginiń studenti Ámet Shamıratovtan arza. Sizden járdem beriwdi ótinemen. Sebebi, men jasaw ushın hesh qanday qárejetim bolmay, házirgi waqıtta oğada qıyın jağdayda qalıp qoydım. Personal stipendiya belgilew boyınsha narkomzemnen hesh qanday juwap joq. Awhalım oğada qıyın. Bunnan tısqarı zachet sessiyası júrip atır. Qalay bolmasın mağan járdem beriwińizdi soranaman. Á. Shamuratov (qol qoyılğan), 1935-jıl 26-dekabr». Bul arzağa Vikulin tómendegidey rezolyuciya shığarğan. 1. «Bul arza qabıl etilmesin hám onı Narkomzemge jiberip Á. Shamuratovqa beriletuğın posobieniń muğdarı belgilensin. 2. 1936-jıldıń yanvar ayınan baslap beriw maqullansın, dep soralsın. Vikulin (imzası), 1935-jıl 30-dekabr» (QQASSR Oraylıq mámleketlik arxivi.50.0.1 e.x. 159. 9-bet) Ámet Shamuratov jetim bala bolıp, rabfakta oqığan waqtında A. Dosnazarovtıń úyinde jasaytuğın edi hám sol úyden awqatlanatuğın edi. Allayar ağa qamalğannan keyingi onıń awhalı joqarıdağı arxiv hújjetlerinen anıq kórinip tur.

«MOSKVA. Teatr institutınıń direktorı joldas Furmanovağa. Pútkilsoyuzlıq Atqarıw komitetiniń qasındağı QQASSR turaqlı wákilxanası Siziń institutıńıń jataqxanasınan bólek bir bólme ajıratıp beriwińizdi soranadı. Óytkeni, joldas Aymurzaev biziń respublikamızdıń eń aldıńğı qatardağı shayırlarınıń biri hám onıń jazıp tamamlanbağan bir qansha miynetleri bar ekenligin esapqa alsaq, bul jumıslardı pitkeriw ushın oğan ayrıqsha jağday dúzip beriw talap etiledi. Bul arzanıń juwmaqları haqqında turaqlı wákilxanağa xabarlawıńızdı Sizden ótinemiz. Q. Áwezov. (qol qoyılğan). 1935-jılı 3-sentyar». (Sonda f.50 0,1e.x50,93-bet). J. Aymurzaev GITIS te oqığan waqtında A. Dosnazarovtıń

bir bólmesinde jasaytuǵın edi. Jaydıń iyesi qamalǵannan keyin ol da baspanaǵa mútáj bolıp qaldı.

Endi qádirli Palımbettiń kim ekenin túsindirip beriw talap etiledi. Seytimbetov Palımbet (geypara hújjetlerde Seytmámbetov. B. K.) 1899-jılı tuwılǵan, milleti — qazaq, kem sawatlı. Revolyuciyaǵa shekemgi dáwirde A. Dosnazarov penen birge paxta zavodlarında jallanba jumısshı bolıp islegen. 1919-1921-jıllarda partizan. Qızıl Ásker bolıp I Xiywa revolyuciyalıq batalonınıń 1-rotasında xızmet islegen. (QQASSR Oraylıq mámleketlik arxivi f,92,0,1, e.x,9,5-bet f,92,0,1,e.x.10,23-bet) 1921-1930-jıllarda Tórtkúl paxta tazalaw zavodınıń jumısshısı, 1930-1933-jıllarda Qońırat hám Shoraxan rayonlarında jumısshı-diyqan inspekciyası — rayonlıq qadaǵalaw komitetiniń predsedateli bolǵan. Ol Allayardıń tuwısqan qarındası Tansıqtıń kúyewi. 1933-jılı 20-martta Qaraqalpaqstan oblastlıq Qadaǵalaw komiteti onıń apparatındaǵı inspektorlardıń para alǵanı jóninde úndemegeni, klaslıq poziciyanı joǵaltqanı, passivligi ushın onı VKP (b) qatarınan shıǵarǵan. Haqıyqatında bulardıń bári bolıp QQASSR jumısshı-diyqan inspekciyasınıń xalıq komissarı Janaliev P. Seytimbetovqa rayonlardan ton ushın qarakól terilerin jıynap beriwdi buyırǵan edi. Principial kommunist, 1925-jıldan VKP (b) aǵzası P. Seytimbetov bunday buzıq jolǵa túskisi kelmedi. Sol sebepli respublikanıń ayırım basshıları onnan ósh alıp, jumıstan bosattı hám partiya qatarınan shıǵardı. Bul tuwralı P. Setimbetov óz máhálinde VKP (b) Oraylıq qadaǵalaw komissiyasına arza beredi. Onıń arzası Oraylıq Qadaǵalaw Komitetiniń Prezidiumında qaralıp, 1933-jılı 23-dekabrde P. Seytimbetov partiya aǵzalıǵı qatarına qaytadan tiklendi. Bul jaǵdaydı biz VKP (b) Oraylıq Komiteti partkollegiyasınıń xatkeri M. Shkiryatovtıń qol qoyıwı menen berilgen qarardıń kóshirmesinen anıq bilemiz.

P. Seytimbetov 1933-jılı altı aylıq rayonnıń basshı partiya xızmetkerlerin tayarlaytuǵın Bauman atındaǵı Orta Aziyalıq úlkeli kurslarınıń tıńlawshısı boldı. Bunı pitkerip kelgennen keyin de P. Seytimbetovqa arzagóy sıpatında qaradı. Qaynaǵası Allayar Dosnazarov qamalǵannan keyin «onı xalıq dushpanınıń tuwısqanı» — dep qarap, basshı jumıslardan birotala shetletildi. P. Seytimbetov awır nawqasqa shatılıp, 1938-jılı qaytıs boldı. Tańsıq apa da jesir qaldı. Tańsıq apa Xadicha hám Záwre atlı eki qızı menen qalıp, ómirinshe materiallıq mútájlikte jasadı. A. Dosnazarovtıń sálem xatında «Xadicha qay jerde? Ol oqıp atırǵan joqpa? — degen sorawına biz ákesiniń qaytıs bolıwına baylanıslı jiyenińiz oqıy almay qaldı» — dep juwap qaytarıwǵa májbúrmiz.

Tańsıq apa qartayǵanda kúyewi Palımbet Seytimbetovtıń Qızıl ásker partizan bolǵanlıǵın tastıyıqlatıp, tiyisli posobiesin almaqshı bolıp háreket etkende, QQASSR Oraylıq arxiviniń nachalnigi Uzaqbay Sultanov 1958-jılı 24-mayda Qaraózek rayonlıq sociallıq támiynat bóliminiń baslıǵı Táńirbergenovqa mınaday ótirik maǵlıwmattı jolladı: «— 1958-jıl, 7-maydaǵı Siziń sorawıńızǵa biz tómendegilerdi xabarlaymız: QQASSR Oraylıq mámleketlik arxiviniń dokumental materialları boyınsha Seytimbetov P. qızıl gvardiyashı partizan sıpatında dizimge alınbaǵan». Demek, arxiv xızmetkeri jeke adamǵa sıyınıwshılıqtıń qurbanı bolǵan Allayar Dosnazarovtıń tuwısqan qarındası, Birinshi Xiywa revolyuciyalıq batalonınıń birinshi rotasında kóp waqıt xızmet etken eski partizan, qızıl gvardiyashı, belgili partiya xızmetkeri Palımbet Seytimbetovqa jesiri Tańsıq Dosnazarovanı aldap jibergenin tolıq tastıyıqlaydı.

A. Dosnazarov aqlanǵannan keyin onıń hayalı Polinanı hám qızı Nadechkanı ilimpazlar da, Allayardıń tuwısqanları da kóp izlep, túrli jaqlarǵa soraw saldı. Tilekke qarsı SSSR Joqarǵı Sudınıń kollegiyasınan bizler

sawalımızǵa mınaday kewilsiz juwap aldıq. «SSSR Joqarǵı Sudınıń áskeriy kollegiyasındaǵı materiallar qamalıwdan aldında onıń hayalı 1911-jılı tuwılǵan Dosnazarova — Svetlickaya Polina Nikolaevna esapqa alınǵan. Onıń házirgi waqıtta, qay jerde jasaytuǵını áskeriy kollegiyaǵa málim emes». Demek, A. Dosnazarovtıń sálem xatında tuwısqanlarına «Polinanı tawıp al» dep jazǵan ótinishin orınlaw múmkinshiligine iye bola almadıq. Ol Taxtakópir rayonlıq amanat kassasında eki jıl islegen de, belgisiz birjaqlarǵa ketip qalǵan. Oǵan mınaday jaǵdaylar sebep bolǵan bolıwı múmkin. Birinshiden rayonnıń basshı xızmetkerleri Polina Nikolaevnaǵa «xalıq dushpanınıń hayalı» sıpatında qarap, oǵan qolaylı sharayat tuwdırmaǵan. Ekinshiden, Nadechkanıń (Qaraqalpaqsha Úmittiń — B. K.) tuwǵan anası Zákiyra Faxrutdinovna Hákimova qızınıń Taxtakópirge kelgenin esitip, sońǵı tiygen kúyewi P. I. Slavindi jibergen. Pavel Ivanovich altı jasar Nadechkanı ógey anası Polina Nikolaevnaǵa hám Allayar Dosnazarovtıń basqa da tuwısqanlarına bildirmesten Taxtakópirden urlap alıp ketken. Biz 1968-jılı 30-martta Moynaq qalasında Z. F. Hákimova P. I. Slavin menen ushırasıp sóylesken waqtımızda bul jaǵdaydı tolıq anıqladıq. Zákiyra A. Dosnazarovqa 1923-jılı turmısqa shıqqan. Ol 1924-jılı Erkin degen qızdı tuwǵan. Bul qız 1930-jılı Moskva qalasında qaytıs bolıp, Novodeviche áwliyeshiligine jerlengen. Sol jılı bir qız tuwılıp, ol Nadejda — Úmitxan dep atalǵan.

Bashqurstan ASSR jumısshı-diyqan Xalıq komissariatınıń 1930-jılı, 5-noyabrdegi buyrıǵında «Sovet apparatın tazalaw boyınsha komissiyanıń predsedateli joldas A. Dosnazarovtı 5-noyabrden baslap xızmet islep atırǵan ornı Ufa qalasına shańaraǵın kóshirip alıp keliw ushın Moskva qalasına otpuskaǵa ketti dep esaplansın, komandirovkanıń múddeti usı jıldıń 10-noyabrine shekem sozılsın», — dep jazılǵanın oqıǵan edik. Biraq A.

Dosnazarov bul kórsetilgen waqıttan bes kún keshigip keledi hám onıń shańaraq ağzaları Moskvada qaladı da Ufağa bir ózi qaytadı, jáne ol «Astoriya» miymanxanasınıń toğızınshı bólmesinde jasaydı.

(Bashqurstan ASSR Oraylıq mámleketlik arxivi. F.108,0,2yud.727.11 —12.27,28-betler; f.108,0,9,633,87—89-betler).

Biz A. Dosnazarovtıń dáslepki hayalı Z.F. Hákimovadan Ufağa barmay qalıwınıń sebeplerin sorağanımızda, ol bılayınsha túsinik bergen edi:

« — Meniń tuwısqanlarım Orenburg oblastınıń Elek rayonında jasaytuğın edi. 1930-jılı gúzde ákemdi hám jigit ağamdı kulaklar óltirip ketti. Men Allayardan Orenburgqa birge barıwdı hám tuwısqanlarıma sadaqa berip, baslarına jay salıwdı talap ettim. Allayar bolsa — «házir meniń búytip júriwge imkaniyatım joq», — dep Ufağa qaytıp ketti. Usı waqıya ekewimizdiń ayırılısıwımızğa sebep boldı.

Olar ayrılısqanda úsh jasar Nadechka ákesi Allayar Dosnazarovtıń qolında qalğan edi. Z.F. Hákimova 1936-jılı ol qızdı Nadejda Pavlovna Slavina dep qaytadan hújjetlestirgen. Nadejda 1948-jılı Qońırat qalasında 10-klasstı pitkerip, Qızıl-Orda pedagogikalıq institutınıń rus tili hám ádebiyatı fakultetine oqıwğa kiredi. 1952-jılı pedinstituttı pitkergen waqıtta Nadejda bala ústinen qaytıs boladı. Sol sebepli «Eger meniń qızımdı kórseńiz, men ushın onıń mańlayınan súyińiz!» — degen Allayardıń ótinishin kúyew balası Palımbet Setimbetov ta, Dosnazarovtıń basqa tuwısqanları da orınlay almadı...

Akademik D. Lixachev óziniń bir maqalasında «Bizler Moskva — Leningrad poezdında júrip kiyatırıp, Kirov temir jolınıń boyında sırlı sanlar jazılıp qoyılğan kishkene temir taxtashaların kóremiz. Olardıń astında Oktyabr revolyuciyasın ámelge asırğan belgili revolyucionerler, ataqlı partiya ğayratkerleri jatır. Olardıń hár birine

memorial taxta ornatıwǵa arzıydı», dep aytqan bolsa, akademik A. Samsonov «jeke adamǵa sıyınıwshılıqtıń qurbanı bolıp ketkenlerge monument ornatıwımız kerek» dep eskertken edi. Ataqlı alımlardıń bul pikirlerin tolıq quwatlawımızǵa boladı.

Haqıyqatında da Qaraózekli kitap oqıwshılarınıń durıs talap etkenindey ataqlı mámleketlik ǵayratker Allayar Dosnazarovtıń memorial múzeyin ashıwımız kerek. Usı máselede bir topar awıllasları Ózbekstan Kompartiyası Qaraqalpaqstan obkomına 1986-jılı arza jazǵan edi hám bul arza A. Dosnazarov atındaǵı sovxozdıń direkciyası, partiya, komsomol, profsoyuz komitetleriniń birlesken májilisinde talqılanıp, tiyislı qarar qabıl etilgen edi. Aradan eki-úsh jıl ótse de, bul qarardan kútilgen nátiyje elege shekem kórinbey atır. Sonlıqtan, kitap oqıwshıları da, ayrım xudojnikler menen jurnalistler de «Siz Allayar Dosnazarovtıń múzeyin qashan shólkemlestiresiz?» — dep mennen soraydı. Bunday máselede jalǵız adam ne islewi múmkin? Men ápiwayı filolog ilimpazban. Tematikalıq planıma baylanıslı Oraylıq arxivlerdiń jabıq fondlarınan paydalanıw imkaniyatına iye emespen. Sonlıqtan men olarǵa: «Joldaslar, qaraqalpaq xalqına zárúrli materiallardı birlikte izlestireyik. Sol jaǵdayda ǵana bizler memorial muzeydi asha alamız, ideyalıq-kórkemlik jaqtan jetilisken qosıq hám dástanlardı jaza alamız, hújjetli filmlerdi de dórete alamız. Al, men usı múzeyge Allayar Dosnazarov hám onıń tuwısqanları tuwralı kóp jıllar dawamında jıynaǵan materiallarımdı tapsırıwǵa tayarman» — dep juwap qaytaraman.

**Q. BAYNIYAZOV**

Ózbekstan SSR Beruniy atındaǵı mámleketlik sıylıǵınıń laueratı, filologiya ilimleriniń kandidatı.

Mine kórgenińizdey men bunnan artıq juwmaqlaw aytqım kelmeydi. Meniń kókiregimdegi oylarımdı, ármanlarımdı, maqsetlerimdi Qırıqbay ağa Bayniyazov álle qashshan-aq aytıp edi. Átteń ol aytqanlardıń derlik hámmesi orınlanbay qalıp atır. Minekey, qaraqalpaq xalqınıń ullı perzenti, mámleketlik ǵayratker Qaraqalpaqstannıń mámleketlik dúziminiń tiykarın salǵan adam, azamattıń tuwılǵanına 1996-jılı 100 jıl, yaǵnıy, bir ásir toldı. Biz hámmemiz aqsaqal aǵamız, xalqımızdıń súyikli perzenti Allayar Qoraz ulı Dosnazarovtıń 100 jıllıq yubileyin kútá saltanatlı túrde ótkerdik. Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi, Ministrler Keńesi bul yubileydi ótkeriw boyınsha hár tárepleme qollap-quwatlawlar kórsetti. Húkimetlik qarar bunıń ayqın dálili. Mine men de bul kitaptı usınday insan Allayar Dosnazarovtıń 100 jıllıq yubileyine arnap jazǵan edim.

## MAZMUNÍ

Allayar Dosnazarov haqqında izleniwler hám eske túsiriwler ........ 3
Ullı joldağı dáslepki qádem ........ 22
Jańa turmıs siyasatı ........ 26
Allayar Dosnazarovtıń partiyalıq jumısqa aralasıwı ........ 32
Qaraqalpaq xalqın millet esabında belgilew jolında ........ 41
Dosnazarovqa qarsı baslanğan háreketler ........ 106
A.Dosnazarovtıń aqlanıwı ........ 131
«Hámmeńizdi kútá sağındım» ........ 146

Bahawatdin ALLANIYAZOV

# ALLAYAR DOSNAZAROV

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis — 2019*


Redaktor *Gúlistan Pirnazarova*
Operator *Sveta Qurbaniyazova*

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 20.09.2019. Qaǵaz formatı 60x84 $^{1}/_{16}$. Ofset usılında basıldı. Garniturası — «Shkolnaya KRKP». Kólemi 10,0 b/t., 9,2 shártli b/t., 8,0 esap b/t. Jámi 1000 nusqada. Bahası shártnama boyınsha. Buyırtpa № 77.

Al №114 Licenziyası.

«Qaraqalpaqstan» baspası: 230100,
Nókis qalası, Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

«Nókis poligrafkombinatı» JSHJ.
Nókis qalası Qaraqalpaqstan kósheci, 9